Б.А.КОЩАНОВ,
Н.А.ТЛЕУБЕРГЕНОВА

# МӘДЕНИЯТТАНЫЎ



ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ АЎЫЛ ҲӘМ СУЎ
ХОЖАЛЫҒЫ МИНИСТРЛИГИ
ТАШКЕНТ МӘМЛЕКЕТЛИК АГРАР УНИВЕРСИТЕТИ
НӨКИС ФИЛИАЛЫ

*Б.А.КОЩАНОВ, Н.А.ТЛЕЎБЕРГЕНОВА*

# МӘДЕНИЯТ ТАНЫЎ

*Оқыў қолланба*

«Мәденият таныў» оқыў қолланбасы Ташкент мәмлекетлик аграр университети Нөкис филиалы студентлери ушын арналып, мәденият таныў илиминиң жетискенликлери киргизилген, айрықша итибар Шығыс халықлары мәдений мийрасына қаратылған.

Пикир билдириўшилер:

Өзбекстан Республикасы Илимлер
Академиясы Қарақалпақстан бөлими
Н.Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият
Институты директоры,
филология илимлериниң кандидаты
А.И.Альниязов;
Бердақ атындағы
Қарақалпақ мәмлекетлик университети
миллий ғәрезсизлик идеясы,
ҳуқық таныў ҳәм руўхыйлық
тийкарлары кафедрасы баслығы
доцент А.У.Хожагелдиев.

## *Мәденияттаныў пәнининң предмети ҳәм ўазыйпалары «Мәдeнияt» түсиниги.*

### *Режеси*

1.Мәденияттаныў пәнининң предмети. Мәденияттаныўдың бөлимлери, типологиясы.

2 „Мәдeнияt“ түсинигинде тарийхыйлық ҳәм илмийлик.

3. Мәденияттың инсан ҳәм жәмийет турмысындағы орны ҳәм әҳмийети.

Мәденияттаныў-мәдeнияt раўажланыўының ең улыўмалық нызамларын үйретеди. Оның негизи инсанят жаратқан барлық мәдений қәдириятлар болып есапланады. Мәденияттаныўдың тийкарғы ўазыйпасына: инсанның тәбият, жәмийет пенен биргеликтеги искерлиги ҳәмде адамлардың манаўий турмысына тән болған барлық процесслерди, өзгерислерди изертлеў киреди. Оның изертлеў дереги болып:

-Инсан жаратқан искусство тараўы;

-Инсанлардың қарым-қатнас қуралы болған тил;

-Жәмийет байлығы ҳәм өлшеми болған билим;

-Жәмийетлик социаллық мүнәсебетлер ҳәм жәмийетлик бирлеспелер;

-Жәмийтте жүз бериўши демографиялық ҳәм этникалық процесслер хызмет қылады.

Мәденияттаныў-улыўма теориялық пән болып оған тән болған өзгешелик-инсанның мәдений турмысы ҳәдийсесин тәртипли системаға салыў болып есапланады. Сондай-ақ, мәдeнияt гуманитар билимлерди өзинде бирлестирген, беккемлеген ҳалда сәўлелениўи менен бирге билиўдиң ең қурамалы обьекти болып табылады.

Мәдeнияt-бул инсанлардың творчестволық искерлиги себепли жаратылған материллық ҳәм манаўий байлықлар жыйнағы ғана болып қалмай, ол жәмийет раўажланыўының дәрежесин де сүўретлейди, яғный жәмийеттеги билим, өлшем ҳәм қәдириятлардың жыйындысы мәденияtта сәўлеленеди. Мәденияtты үйрениўде обьектив нызамлар, ҳәдийселердеги себепли байланыслылық ҳаққындағы дәстүрий көринислерден пайдаланбаслығы да мүмкин. Улыўма бир тараў сыпатында мәденияtқа системалы қатнас бир-бирине тәсир етиўши түрли мәдeнияt тараўларының өзине тән өзгешеликлерин бөлимлерге

бөлип емес, бәлки оларды бир пүтинликте түсниўиге имканият береди. Системалы қатнас изертлеўдиң жүдә көп усылларынан пайдаланыўға имкан жаратады. Яғный, айырым бир усыллар менен алынған нәтийжелерди басқаларына қарама қарсы қоймастан ҳәм абсолютлестирместан шешим шығарыўға тийкар болады.

Дәл сондай системалы қатнас мәдениятқа өзине тән түрде мүнәсебет билдирген ҳалда адамлар турмыс искерлиги тараўларын да түсиниў имканиятын береди. Олардан мәдений тараўлары, мәдениятт институтлары қуралып, олар анық структураға ҳәм анық ўазыйпаларға ийе болған ҳалда социаллық мүнәсебетлер принципи, коммуникация, мәдений үлгилерди пайда етип мәденият системасын белгилейди.

Мәденияттаныў пәни төмендегише бөлимлерден турады.

1.Мәденият философиясы-мәденияттағы қурамалы ҳәм көп мақсетли процесслерди анализлеўде қатнастың ең улыўмалық принциплерин көрсетип салыстырмалы анализ, классификациялаўға тийкарланады. Мәдениятты философиялық аңлаў, философиялық тийкарлаў менен байланыслы материалистлик, позитивистлик, обьектив идеалистлик ҳәм басқа көплеген көз-қараслар бар. Олардың ҳәр биринде инсанның тәбият ҳәм социаллық топар (социум) әлеминде физикалық, манаўий ҳәм руўхый турмыс искерлигиниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўын теориялық түсиндириў усыллары ҳәм өзине тән анализлеў усыллары исленип шығылған.

2.Мәденияттың дүзилис формасы. (Морфологиясы)-инсанға байланыслы болмаған ҳәм жәмийетде ғәрезсиз бар болған мәденияттың өзине тән фомасы оның изертлеў предмети болып есапланады. Мәденияттың раўажланыўы жәмийеттиң ишки нызамлықларына өз-ара байланыслы болады деп есаплаўшы мәдениат морфологиясы салыстырыў анализ ҳәм басқа усыллар тийкарында мәдениат раўажланыўының дереги ҳәм факторларын ашыўға усынады. Олардың пайда болыў дәўири, ол яки бул мәденияттың пайда болыўынан тап кризиске ушыраўына шекем.

3.Мәдениат социологиясы-қайсы бир жәмийеттеги бар болған мәденияттың анық процесслерин үйрениў менен шуғылланады; бул ҳәр қыйлы социологиялық хабарларды топлаў, қайта ислеў ҳәм анализ қылыў менен байланыслы болған мәдениат процессин эмпирик изертлеўде белгили бир мәдениат шараятында инсанлардың өз-ара мүнәсебетлеринде социомәдениат тайпаларында көринеди.

4.Мәдениат тарийхы-ҳәр бир мәдениятты айрықша жеке сийрек ҳәм тийкарғы ҳәдисе сыпатында үйренеди; сондай-ақ түрли

мәдениятларды өз-ара салыстырады, олардың ө-ара мүнәсебети ҳәм өз-ара тәсири, ўақыт ҳәм мәкандағы олардың парықларын мәдений раўажланыўдағы өзине тән ҳәм улыўмалық тәреплерин изертлейди.

5.Мәдений экологиясы-заманагөй инсан турмыс искерлигиниң барлық тараўларын: инсанның индивидуал (жеке) турмысын, жәмийет турмысын, жәмийет турмысы тәбият пенен өз-ара мүнәсебетлерин өз-ишине алады. Бул мәденияттаныў изертлеўиндеги ең жаңа жедел түрде раўажланып атырған тараўлардан бири.

Мәденияттаныў пәнининң тийкарғы мәселеси инсан болып есапланады. Солай-екен мәдения̆т-бул инсан жаратқан нәрселер болып табылады. Мәденияттаныў инсанның әлем менен актив мүнәсебети ҳәм бул мүнәсебетлер оның турмыс тәризинде сәўлелениўин шахстың социаллық ҳәм мәдений ролин, мәдениятлар типологиясын үйренеди.

Бизлер, адамзат жәмийетиниң қәлиплесиўинен баслап, ҳәзирги дәўирде дүнья жүзилик мәденияттың раўажланыў тарийхы менен танысыўды баслаймыз. Бул илимий дисциплинаны изертлеўдиң қыйыншылығы сонда, себеби ЪмәдениятЪ түсинигиниң өзи көп мәнили, аўызеки сөйлеў тилинде ғана емес, ал ҳәр қыйлы илимде ҳәм философиялық дисциплиналарда да ҳәр қыйлы мәниге ийе. Әдебиятта ең биринши мәрте римли оратор ҳәм философ Марк Туллий Цицеронның (б.э.ш 45 ж) ЪТускулан диспутларыЪ мийнетинде ушырасады. Цицероннан баслап, (ақыл мәденияты, бул философия) мәдениятқа тилди, семьялық қатнасықларды, искусствоны, илимди, өнер, мәмлекетлик басқарыў, динди киргизген немец идеологы И.Гердерге (XVIII әсир) шекемги узақ дәўирде, оның мазмуны өзгерип барған. ЪМәденияттаныў-деп жазады Л.А Уайт- илимде жүдә жас тараў. Астрономияның, физика ҳәм химияның бир неше әсирлик, физиологияның ҳәм психологияның бир неше он жыллық раўажланыўынан соң, илим, енди, инсанннның инсаныйлық минез-қулқы дәрежесин анықлаўшы - оның мәдениятына дыққат аўдарды... Мәденияттың мәнисин түсиндириў, тек ғана, мәдений болыўы мүмкинЪ.

Гердердиң универсаль мәдений-философиялық концепциясында «мәдения̆т» түсиниги инсан затына, инсаниятқа тәнлиги менен характерленеди. Буны биз курсымызда өз алдына белгилеп өтиўимиз тийис. Гердер «Инсаният тарийхы философиясына идеялар» китабында, мәденияттың қәлиплесиўин инсанның екинши туўылыўы деп: «биз бул түсиникти, аўыспалы мәнидеги инсан

генезисин қалай атасақта болады, биз оны мәденият деп яғный жерге ислеў бериў, яки оны ағартыўшылық десекте болады. Сонда мәденият ҳәм ағартыўшылық шынжыры жердиң ең шетлерине шекем тартылады»

Мәденияттаныў пәни мәдениятты илимий дәлийллеп, оның улыўма тарийхый мазмуны ҳәм мәнисин белгилейди, жәмийетлик тарийхый билимлер системасындағы орнын ҳәм позициясын тийкарлайды.

„Мәденият“ атамасы ҳәзирги заман илимий әдебиятларда ҳәр түрли мәнилерде тәрийпленген. „Мәденият“ ҳәм „Культура“ атамалары қәнигелер пикиринше латынша „ислеў бериў“, „тәрбия бериў“ мәнисин аңлатқан. Кейиншелик „мәрипетли болыў“, „тәрбиялы“, „билимли болыў“ мазмунында ислетилген. Өзбек тилинде кең ислетилетуғын „мәденият“ атамасы арабша „мәдений“-қалалық“ деген мәнини билдиреди. Америкалы мәденияттаныў алымлары А.Кребер ҳәм К.Клакхонлардың 1952 жылдағы мағлыўматлары бойынша мәденият ҳәдийсесине берилген анықлама 164 болса, соңғы әдебиятларда бул цифр 400 ден артықты қурайды. Батыс Европада мәденият түсиниги XYIII әсирдиң ақырынан баслап ҳәзирги мазмунды беретуғын болса да, тек ғана XX әсирге келип жәмийетлик ҳәм гуманитар пәнлер категория системасынан беккем орын алды. Әййемги Римде „Мәденият“ түсиниги „турмысты маьнаўий тәрептен және де жақсылаўға ҳәм тазалаўға қаратылған ғамхорлық“ деген мәниде де қолланылған. Европа халықларында XYIII -әсирдиң ақырларына шекем „Мәденият“ атамасы әдеп-икрамлық, мәденият түсиниги менен биргеликте ислетилген. Буннан көринип турғанындай „Мәденият“ түсиниги ҳәр қыйлы тәрийплениўине қарамастан әййемнен ҳәзирги күнге шекем өз мәнисин өзгертпеген.

Ҳәзирги дәўирдеги мәденияттың илимий түсиниги инсаният тәрепинен жаратылған ҳәм жаратылыўы даўам етип атырған маьнаўият, руўхыйыяттың өзине тәнлигин аңлаў нәтийжесинде пайда болды.

Адамзат „Тәбийий“ турмыс тәризи тийкарында жасаған дәўиринде: яғный терип аўқатланыў, аў қылыў, балық тутыў, шарўашылық ҳәм дийханшылық пенен шуғылланған ўақытлыранда мәденият ҳаққындағы пикирдиң пайда болыўы тартыслы болып есапланады. Әпиўайы бир қәлипте раўажланыўшы жәмийетте инсан өз мәденияты менен қосылып жасаған. Үрп әдетлер, ерклер, турмысының материаллық ҳәм социаллық түрлери оннан парық қылмаған. Мәденият түсиниги кең ен жайыўы ушын белгили бир дәрежеде

техникалық раўажланыў ҳәм мийнеттиң жәмийетлесиўине ерисиў талап қылынады. Усы тийкарда мәдeният әсте-ақырынлық пенен инсаниятдан көбирек ерикин болып барады.

Адамзат жәмийети барлық ўақыта раўажланыўда болып, ол өзгерип жетилисип беккемлесип қурамаласып барады. Түрли тарийхый дәўирлерде ҳәм ҳәр қыйлы мәдениятларда адамлар дүньяны өзгеше сезеди, аңлайды ҳәм қабыл етеди, өзлерине тән түрде көз-қарасларын ҳәм билимлерин пайда еткен.

Мәдeният-жәмийеттиң жемиси, социаллық-жәмийелик турмыстың әҳмийетли тараўларынан бири. Мәдeниятсыз жәмийет болмағанындай, мәдeният да жәмийеттен тысқарыда бар болмайды. Ең қыйын жәмийетлик ўақыялық сыпатында мәдeнияттың өзине тән өзгешелиги сонда, ол инсаният әўладларының мийнети ҳәм билимилерин өзине синдирип алады, сақлайды ҳәм барқулла байытып барады. Мәдeният жәмийетлик турмыстың мийраслығы, қәдириятларды топлаў ҳәм оларды келешек әўладларға жеткерип бериў менен байланыслы болған тараўларды өз сәўлелендиреди.

Мәдeният социаллық турмыстың қурам ҳәм функциональ тараўларында сәўлеленеди. Усы тәрептен жәмийет мәдeниятын пайда етеди. Жәмийетте пайда болған мәдeният қаншелли қурамаласып, байып барса, оның инсанға ҳәм жәмийетке тәсири жетилисип ҳәм салыстырма ғәрезсизлиги күшейип барады. Мәселен, Антик жәмийет әллеқашан өтмиш, тарийхқа айланған болса да оның мәдeнияты ҳәзирге күнде өз әҳмийетин сақлап келмекте яки биз усы дәўир мәдeниятын сол ўақытындағыға қарағанда көбирек билемиз. Соның ушын мәдeниятқа жәмийеттиң жемиси, искерлик усылы сыпатында қаралсада ҳәр бир жәмийетти ол яки бул конкрет мәдeнияттың қәлиплесиў дереги тәризинде қараў мүмкин.

Жәмийетлик раўажланыў искерлик пенен мәдeнияттың өз-ара мүнәсебетлеринде өзгерислерге алып келеди. Жәмийеттиң раўажланыўында тарийхый инерцияның тәсиринде инсаният орынланыўы лазым болған ўазыйпалардан пүткиллей басқа нәрселер менен де шуғылланады. Себеби жәмәәт ой-пикири қыйыншылықлар менен қайта қурылады. Материаллық байлықларды қысқа ўақыт ишинде жоқ қылыў ҳәм бузып таслаў мүмкин, бирақ мәнаўий қәдириятлардан тез ўаз кешип оның жаңасын қабыл қылып болмайды.

Мәдeният ҳәм шахс тек ғана мазмуны жағынан бир-бирине жақын болған емес, бәлки ишки ҳәм сыртқы тәреплери жағынан өз-ара сәйкес келиўши түсиниклер болып табылады.

Абу Наср Фарабийдиң „Бахыт соадатқа ерисиў ҳаққында“ мийнетинде инсан камалатында жәмәәттиң роли үлкен екенлигин тастыйықлап сондай дейди: „Кәмилликке бир кисиниң өзи жалғыз (биреўдиң ямаса көпшиликтиң жәрдемисиз) ерисиўи мүмкин емес. Ҳәр бир инсанның туўылма тәбиятында оған лазым болған ҳәр қандай ис ҳәм ҳәрекет процессинде басқа бир инсан ҳәм көпшилик пенен мүнәсебетте болыў, өз-ара байланыста болыў сезими бар, адамазат жынысынан болған ҳәр қандай инсанның аўқалы сондай: ҳәр қандай кәмилликке яғный жетискенликке ерисиўинде басқалардың көмеклесиўлерине ҳәм олар менен бирлесиўге мәжбүр болады“. Оның пикиринше, инсан өз-өзинен бахытлы болалмайды да, кәмилликке де ерисе алмайды. „Бул нәрсе оның ҳәрекетлерине, мийнетине, белгили бир кәсип-өнер ийелеўине, билимине ҳәм билимли, мәрипетли жәмийетде жасаўына байланыслы“,-дейди. „Мәмлекеттиң ўазыйпасы инсанларды бахыт-саодатқа алып барыў бул болса, илим ҳәм жақсы әдеп-икрамлық жәрдеминде қолға киритиледи“. Фарабий мәмлекетти жетилискен шахс (монархия) жетик қәсийетлерге ийе болған бир неше шахслар (аристократия) ҳәм сайланған шахслар (демократия) жәрдеминде басқарыў түрлерин көрсетеди.

Мәдeният индивидуал ҳәм социаллық турмыс пенен үзликсиз бирликтиң пайда болған ўақтына шекем бар болады.

Мәдeният инсанларға денениң ағзалары сыяқлы, инстинктлер ямаса туўылма талант сыяқлы тәбийғый берилмейди, ҳәр бир индивид өзиниң жеке тәжирийбеси тийкарында, ғәрезсиз рәўиште тиккелей әтирaптағы адамлардың, жәмийеттиң ҳәм өткен әўладлардың топлаған тәжирийбелерин өзлестиреди. Шахстың қәлиплесиў процессинде мәдениияттың матриаллық дүньясыда байып барады.

Шахстың мәдeният пенен өз-ара мүнәсебети ҳеш қашан толық ҳәм уйғын бола алмайды. Социаллық ҳәм индивидуал турмыс, сондай-ақ мәдeният стихиясы бир-бири менен сәйкес келмеўи мүмкин. Мәдeният барқулла инсан менен тығыз байланыслы болып олсыз жасай алмайды. Мәдeният бәрқулла қәдириятлардың ең уллы топламы, тәжирийбелер ғәзийнеси болып қалады. Инсанийат әўладлары оннан пайдаланады ҳәм оған өз үлеслерин қосады.

Мәдeният шахсқа тәсир етеди ҳәм оның психологиялық ҳалатын қәлиплестиреди, шахстың характеринде ҳәм дүньяны билиўинде әҳмийетли болып қалады.

Шахс мәдeният пенен төмендеги тараўларда мүнәсебетте болады:

Бириншиден, мәдeният тәсир етиў обьекти сыпатында оны өзлестиреди;

Екиншиден, мәдений қәдириятларды тасыўшы ҳәм сәўлелендириўши сыпатында конкрет мәдений орталықта искерлик көрсетеди:

Үшиншиден: мәдений дөретиўшилик субьекти сыпатында мәдениятты раўажландырады.

Мәдeният ҳәм шахстың өз-ара мүнәсебетлери, оның шахс турмысында тутқан орны ҳаққындағы пикиримизге жуўмақ қылып соны айтыў мүмкин, тәбият стихиялы нызамлықлар тийкарында раўажланып барса, инсанның ишки дүньясын, „тәбиятын“ қәлиплестириў мақсетли, бағдарланған тийкарда шөлкемлестирилиўи мүмкин, бунда мәдeният инсаниятқа сондай имканиятты жаратыўшы әҳмийетли қураллардан бири болады.

Мәдeнияттаныў курсы тарийх, философия социология, этнография, социал психология сыяқлы бир қатар пәнлердиң кесиспесинде пайда болған, жаңа социал гуманитар пән болып есапланады. Оның үйрениў обьекти жәмийетлик ўақыялық болған мәдeният ҳәм инсан турмысы

усылы есапланады. Онда мәдeнияттың пайда болыўы, раўажланыўы, жәмийетте әмел қылыўы менен байланыслы мәселелер ҳаққында, мәдeният қағыйдалары институтларының, қәдириятлардың жәмийет турмысы ҳәм раўажланыўындағы орны, өз-ара байланыслары процесслери үйрениледи.

Фарабий орта әсирде биринш илерден болып жәмийеттиң келип шығыўы, мақсет ўазыйпалары ҳаққында изшил тәлим дөретти. Бул тәлийматда мәдeниятлы жәмийеттиң көп мәселелери мәмлекетти басқарыў, тәлим-тәрбия, әдеп-икрамлық, мәрипәт, диний исеним, урыс ҳәм тынышлық, мийнет ҳ.т.б. өз ишине алынған.

Курстың тийкарғы мәселеси бул инсан ҳаққындағы, оның тәбияты ҳәм имканиятлары ҳаққындағы мәселес болып табылады. Тәбияттың барлық ҳаққындағы нызамлықлырының ҳәр қыйлы болғанындай, инсанның ишки тәбияты, минез-қулқы яғный мәдeнияты да тәбийий орталық, социаллық барлық, тарийхый дәўирлер тәсиринде барқулла өзгерип турады. Бул өзгерис тек ғана алға илгерилеп барыў, жаңа қәдириятлардың қәлиплесиўинен ибарат емес, бул қайсы бир тараўдағы бузылыўлар, қарама-қарсылық белгилердиң күшейиўи менен де характерлениўи мүмкин. Буған ҳәзирги заман илимий техника раўажланыўының тәбийий орталыққа , маьнаўий турмысқа

ҳәм басқа тарауларға унамсыз тәсири пикиримиздиң дәлийли болып есапланады.

Мәдениияттаныў курсы мәдений тарийхый дәўирлерди анализ қылыўда билиўдиң 3 басқышын тәбиийий бирликте алып қараўға ҳәрекет қылады.

А) Конкрет дәўирдиң бир пүтин көринисин яғный оның көркем образын жаратыўға умтылады;

Б) Инсаният барлығының улыўма динамикасында дәўирдиң маьнаўий орнын анықлайды. (Социаллық сана тарийхында, пәнде, санаат ҳәм философияда үйренилиўши дәўирге берилген баҳаның эволюциясын да өз ишине алады).

В) Конкрет дәўирдиң „мазмунын" анализ қылады, яғный оның ҳәзирги дәўир ой-пикиринде қандай орынға ийе екенлигин, оның машқалалары бизге қандай тәсир етиўин, бизге қайсы тәреплери менен жақынлығын, ҳәзирги ўақыттың қайсы социал ҳәм индивидуал кемшиликлери онда актуал мәселеге айланғанлығын көрсетеди.

Мәденияттың типлери тарийхый дәўирлерге қарап өзгерип турады. Дәўирлердиң алмасыўы менен мәденияттa да сапа өзгерислери жүз береди. Конкрет тарийхый дәўирде жасаған инсанлардың дүнья ҳаққында түсиниклери билими, маьнаўий қәдириятлар ҳаққында ҳәр тәреплеме мағлыўматқа ийе болыўымыз ушын биз сол дәўирдиң мәдениятына муражат қылыўымыз лазым. Сонлықтан мәдениияттаныў пәни түрли халықлардың мәдений раўажланыў тарийхын дүнья мәдений раўажланыўының қурам бөлеги сыпатында үйрениў менен бирге конкрет тарийхый дәўирдиң жәмийетлик раўажланыўында тутқан манаўий раўажланыў басқышлары улыўмалық нызамларын, өзине тән өзгешеликлерин де үйренеди.

Мәдениияттаныў тыңлаўшыларды түрли тарийхый дәўирлер мәдениятлары ҳәм социал группалардың үрп-әдетлери, турмыс тәризи ҳаққындағы билимлер менен байытады. Тарийхый ҳәм гуманитар билимлерди тәртипке келтиреди, жәмийетлик турмыс ўақыяларын бир мазмун тийкарында аңлаўға жәрдем береди.

„Инсан ең жоқары дәрежедеги тарийхый мақлуқ: Инсан тарийхый дәўирде, тарийхий дәўир инсанда бириккен".(Н.Бердяев). Себеби ҳәр қандай дәўрдиң өзгешелик ҳәм дәрежеси мәденияттың раўажланыўы менен өлшенеди.

Мәдениияттаныў пәни әҳмийетли тәрбиялық ўазыйпаны да орынлайды. Инсанда зиялылық сезимин тәрбиялаў курстың дыққат орайында турады. Инсан қаншалық зыялы болса-деген еди Д.С.

Лихачев-ол сонша көп түсинеди ҳәм өзлестиреди, оның дүнья қарасы ҳәм қабыл қылыў шегарасы соншалық кеңейеди. Инсанның мәдений дәрежеси қаншалық тар болса, ол барлық жаңалықларға ҳәм „жүдә ески“ ликке қарағанда да  парықсыз болып өзиниң ески әдетлери менен жасайды, ҳәмме нәрсеге гүман менен қарайды. Өтмиштиң мәдений қәдиритяларын ҳәм өзге миллетлер мәдениятларын билиў, оны сақлаў, көбейттириў, эстетикалық баҳалықларын қабыл қыла билиўдиң раўажланып барыўы мәдений раўажланыўдың ең әҳмийетли қуралларынан бири болып есапланады. Инсаният мәденияты раўажланыўы тарийхы бул тек ғана жаңа, бәлки ески мәдений-баҳалықларды излеп табыў тарийхы есапланады. Сондай-ақ өзге мәдениятларда билиў, мәлим дәрежеде гуманизм тарийхы менен қосылып кетеди. Бул басқа халықларға ҳүрмет, туўры мәнидеги беккемлилик, тынышлық тилеў демекликти билдиреди.

Мәденияттаныў пәниниң және бир әҳмийетли ўазыйпаларынан бири бул инсанда творчестволық  қәбилетти раўажландырыў болып есапланады. Мәдeният тек ғана материллық ҳәм манаўий баҳалықлар жыйындысынан ибарат емес, бәлки дөретиўшилик искерлик болып есапланады. Мәденияттаныў пәни жаңа мағлыўматлар бериў менен бирге жасларда мәдeният ўақыялықлары менен мүнәсебетте болыў маманлығын пайда етеди. Ҳәр қыйлы мағлыўматлар бериў менен бирге тыңлаўшыларда илимий ой пикир усыллары үзликсизлиги, логикалықты қәлиплестиреди.

Тарийхый антропологияның ең әҳмийетли түсиниклеринен бири бул менталитет болып есапланады. „Менталитет“ бул мәдeният ға тийисли болған адамларда ол яки бул орталықтың белгили бир „ақлый қураллар жыйындысы“, „психологиялық мослама“ лардың бар екенлигин билдиреди. Олар инсанға өзгеристиң тәбийий ҳәм социал барлығын ғәрезсиз қабыл етиўи ҳәм түсиниўге шәрт-шараятлар жаратады.

Ҳәзирги заман мәденияттаныў пәни „мәдeният“ түсинигин қолланыўына қарап төмендегише үйренеди:

а) индивидуал-шахс мәденияты;

б) топарлық мәдeният-миллий, тклассылық тайпалық, кәсиплик, семьялық:

в) мәкан ҳәм ўақытта шекленген белгили бар типтеги жәмийет мәденияты

г) инсаният мәденияты.

Мәдениятты қолланыў тәрепинен түрлерге бөлиў бәсекели болса-да, биз олардың бар екенлигин бийкарлай алмаймыз.

Мәденият түсиниги қолланыў өзгешелиги жағынан ҳәр қыйлы болғанлығы сыяқлы, күнделик турмыста ҳәм пәнде ҳәр түрли мазмунды аңлатады. Мәдениятлы инсан түсинигине қосып ислетилиўши сыпатлар жүдә кең болып, оны қоллаў жәмийеттиң улыўма мәдений дәрежеси ҳәм шахстың социал статусына байланыслы болады. Ҳәзирги дәўирде „ислеп шығарыў мәденияты“, „хызмет көрсетиў мәденияты“, „дем алыў мәденияты“ тағы басқа ҳаққында көплеп сөз етилмекте. Бул түсиниклер арқалы мәденият дегенде социаллық институтлардың нәтийжели искерлик көрсетиўлери түсиниледи. Күнделикли турмыста мәдениятқа тек ғана қәдириятлар жыйындысы сыпатында қаралыўыда дурыс емес, себеби мәдениятта инсаниятқа зыянлы болған, ескилик қалдықлары, толық тексерилип көрилмеген „жаңалықлар“ сияқлы унамсыз нәрселерде өзлестирилиўи мүмкин. Күнделик турмыста ҳәм пәнде мәденият атамасынан пайдаланыў ҳаққындағы түсиниклерди жуўмақлап соны айтыўымыз мүмкин, мәденият ең кең мәниде инсанды қоршап турған тәбияттан, жәмийетлик мүнәсебетлерден ҳәм тиккелей стихиялы түрде пайда болған таяр мағлыўматлардан пайдаланыўды, саналы рәўиште ажыратып алыўды талап етеди.

Пән тиккелей улыўмалық әҳмийетке ийе болған, обьектив ҳақыйқатқа сай түсиниклерден пайдаланыўы керек.

1.Қәдирият (аксиологиялық) өлшеўи тийкарындағы анықлама. Бунда мәденият инсаният тәрепинен дөретилген материаллық ҳәм маьнаўий баҳалықлардың жыйындысынан ибарат деп дәлилленеди. Мәденият инсан искерлигинен тысқарыда бар болмайды. Баҳалаў қәдирият көз-қарасынан ўақыялықты анализлеў искерлигиниң тәбийий ҳәм зәрүр болған шәрти болып есапланады. Мәденият түсиниги раўажланыў, тарийх, инсан, инсанпарўарлық сыяқлы категориялар менен бир қатарда турады. Инсанның искерлик нәтийжеси белгили бир қәдириятларға ийе болған ўақыялық, предметлик, аксиологияық анықламаның негизин қурайды. Ол инсанлардың ислеп шығарыў, социаллық ҳәм ақылый искерлигин өз ишине алады. Аксиологиялық қатнас шегарасында мәденияттың искерлиги нәтийжеси-өтмишке айланып қалып, өтмиш ҳәм ҳәзирги заман менен тәбийий байланыслар бузылыўы мүмкин.

2.Мәдениятты „искерлик“ түсиниги тийкарында анықлаў. Мәденияттың улыўмалық тәбиятын түсиниўге қылынған ҳәрекет

себепли мәдениятты адамлардың дөретиўшилик искерлиги процесси сыпатында түсиниў пайда болады. Искерлик категориясы үйрениў обьекти инсан болған пәнлер ҳәрекетин интеграция қылыў ушын қолайлы имканият жаратады. Дөретиўшилик искерлик көлеми қанша үлкен болса, мәденияттың ислеп турыў функциясы ҳәм келешек әўладларға жеткерип бериў ушын зәрүр болған искерлик көлемиде сонша кең болады. Искерлик мақсетли бағдарланған активлик яғный жеделлик болып табылады. Инсан қаншелли исшең ҳәрекет қылса соншаллық мәденияттың „шегаралары“ жоғалып барады. Бул шегаралар ўақыт, мәкан ҳәм баҳалылық өлшемлерине ийе. Искерлик нәтийжеси, басламасынан қаншелли алыс болса, соншелли оны мәдениятқа мүнәсебети белгисиз анық емес болып барады. Бул анықламаның күшли тәреплери бар болыўына қарамастан, әмелде ол тарийхый мәдений излениўлерден алыс болып қалмақта.

3.Информациялық анықлама, мәдениятты „барлық нәсиллик болмаған хабарлар жыйнағы“ оны пайда етиў ҳәм сақлаў усыллары сыпатында анықлап, мәдeният хабарлаўлар склады емес ол жүдә қурамалы пайда етилген механизм болып, ол информацияны үзиликсиз рәўиште ең пайдалы ҳәм қолайлы усылларды ислеп шыққан ҳалда сақлайды, жаңа информацияларды қабыл қылады, оларды қайта мағлыўматларға айландырады, олардың белгилерин бир системадан басқасына өткизеди деп түсиндиреди. Барлық нәсиллик болмаған информация жыйындысы дегенде биз мысал ушын еслеўди түсиниўимиз мүмкин. Себеби яд механикалық мазмунға ийе емес, бәлки дөретиўшилик процесс есапланады. Ядтың ең әҳмийетли маьнаўий әҳмийети соннан ибарат, ол ўақыт тосқынлығын жеңеди ҳәм өлимге қарсы турады. Улыўмалық өзгешеликлерге муўапық биз мәдениятты еслеў менен салыстырыўымыз мүмкин. Бунда тийкарынан айрым алынған шахстың яды емес, бәлки жәмийет ядын нәзерде тутамыз.

К.Леви-Built Стростың пикиринше қай жерде қағыйда болса, сол жерде мәдeният басланады. Инсан тәбиятындағы барлық улыўмалық тәбиятқа тийисли болады ҳәм стихиялы автоматизм менен характерленеди, мәжбүрлеў нормалары менен белгилениўши сыпатлар мәдениятты тараўына тийисли болып өзинде салыстырмалық ҳәм жеккелик бирлестиреди.

Ю.М.Лотман сондай деп тастыйықлайды „мәдeният энтропиясы“ информацияға айландырыўдың ең жетилискен механизм болып есапланады. Бул механизм информацияны сақлаў ҳәм жеткизип бериў

менен бирге оның көлемлерин кеңейтиреди. Өзин-өзи барлық ўақытта жетилистирип ҳәм раўажландырып барыў оның нызамы болып табылады.

Жуўмақлап айтқанымызда, Мәденияттаныў курсы гуманитар пәнлер қатарында жоқары оқыў орынларында үйренилиўи ҳәзирги дәўир талабына сай келеди. Жәмийет турмысындағы пайда болған мәселелерди тек ғана эконгомикалық сиясий иләжлар ҳәм ҳуқық-тәртипти беккемлеў менен толық шешип болмайды. Буның ушын жәмийеттиң манаўий турмысын да қайта көриў талап етиледи. „Манаўият жоқ жерде-деген еди Президентимиз Ислам Каримов-ҳеш қашан бахыт-саадат бомайды“.

**Таяныш түсиниклери.**

Мәдeният, манаўият, индивидизм, социзм, нызамлылық, зиялылық, интеллект, функция, менталитет.

## 2-тема. Мәдeният раўажланыўының тийкарғы нызамлықлары.

**Режеси**

1.Материаллық ҳәм руухый мәдeният ҳәм олардың өз-ара байланыслылығы.

2.Мәдeнияттың шахс ҳәм жәмийет турмысындағы орны.

3.Мәдeният байлықлары. (Мәдений қәдириятлар).

Мәдений процесстиң өзине тәнлиги соннан ибарат, мәдeният бәрқулла форма ҳәм мазмун, барлық ҳәм мүнәсебет, предметтиң бар болыўы ҳәм оның рамзий мазмунының уйғынлығына ийе болады. Материаллық мәдeният ҳәм манаўий мәдeният-мәдeнияттың тийкарғы еки тараўы болып, бир-бири менен өз-ара байланыста, өз-ара тәсирде ҳәм бир-бирин талап қылған ҳалда раўажланады. Материаллық мәдeният барқулла мәлим бир манаўий мәдeнияттың тымсалы есапланады, өз нәўбетинде манаўий мәдeният да қайсы бир предмет, белги көринис, нышанларында материаллық уйғынлықта жәмлескен болады. болады. Жәмийетте манаўий искерлик айрықша тараўға айланғаннан соң әдеп-икрамлық критериялар дин, санаат, ҳуқықы сиясат, пән қәлиплесип, мәлим дөгеректеги адамлар бул тараў менен шуғыллана баслады.

Узақ ўақытлар даўамында пәнде мәдeният дегенде тек ғана манаўий мәдeният нәзерде тутылады. Себеби барлықты ҳақыйқатлықты,

жақсылық, гөззаллық белгилейди деп есапласқан. Соның ушын биринши орында илимий тәжирийбелердиң тийкарғы пән этика эстетика болып келди. Нәтийжеде, жәмийеттиң материаллық турмысы оның экономикасын үйрениўге итибар бериледи. Материаллық мәдениyат изертлеў ушын қызықсыз есапланады.

Материаллық мәденияттың биринши үлкен тараўы бул мийнет қураллары ислеп шығарыўдың барлық қураллары, турар жайлар, байланыс қураллары, техника қурылмалары. Улыўма суньий шәраятда жаратылған нәрселердиң барлығы, сондай-ақ материаллық мәденияттың бир бөлими ислеп шығарыў техника мәденияти яки жәмийет турмысының материаллық техника тийкары деп аталады.

Материаллық мәденияттың 2-тараўы жәмийеттиң турмыс ҳәм оның барлық тармақларының орайлық ҳәрекетин тәмийинлеўши социаллық институтлар, бирлеспе ҳәм мекемелер искерлиги менен байланыслы. Бул ҳәр қыйлы ҳәкимият дүзилмелери ҳәм оған мүнәсип басқарыў түрлери, жәмийетлик бирлеспелер, тәлим, жас әўладты тәрбиялаў ҳәм тәлим бериў, саламатлылықты сақлаў ҳәм дем алыў, бос ўақыт ҳәм кеўил көтериў мекемелери системасы сыяқлы барлық социаллық институтлар әмелде жәмийет мәдениятын сақлайды, өзгерттиреди ҳәм қайта қәлиплестиреди.

Материаллық мәденияттың үшинши тараўы (ислеп шығарыўшы ҳәм қайта ислеп шығарыўшы) инсанның өзи есапланады. Материаллық мәденияттың бәл тараўы тек ғана инсаниятты әйтеўир боимақлуқ мәселелерди изертлеместен, бәлки әўладлардың өз-ара мүнәсебетлери мәселелеринде шешеди. Еки түр базда инсанды 2 қыйлы ҳәм көбирек мәдениятқа тийислилиги оны көп таманлама, түрли мәдений әлемге тийисли қылады. Соның ушын мийрас, мәденияттың үзликсиз дәстүрий жаңаланыў процессин тәмийинлеў әҳмийетли болады.

Улыўма материаллық мәдениятқа мийнет мәденияты, ислеп шығарыў мәденияты, турмыс мәденияты, экологиялық мәдениятлар киреди. Ислеп шығарыў қураллары материаллық мәденияттың әҳмийетли бөлеги болып есапланады. Заманагөй техника жетискенликлери жәмийет материаллық мәдениятының тийкарғы белгилеўши тәрепи болып табылады.

Материаллық мәденият белгили бир тарийхый дәўирде жәмийетте бар болған буўымларды материаллық ислеп шығарыў искерлигиниң барлық тараўларын ҳәм нәтийжелерин өз ишине алады.

Тарийхый дәўирлерде мәденияттың кең көлемли раўажланыўында цивилизация түсиниги де тәрийпленеди. Цвилизация жәмийетлик ҳәм

материаллық мәдений басқышын билдирип мәдениияттың түрлес аты болып табылады. Ҳәзирги дәўирде цвилизация инсаниятқа бийгана болған обьектлерди қайта өзгертириўди билдиреди, мәдений болса инсанның пәзийлетли ҳәм ҳалаты, сыртқы дүньяға байланыслылығы яки болмаса еркинлигиниң өлшеми есапланады. Немец алымы О. Шпенглер, цвилизация ой-пикирди бир қәлипке салып қояды улыўма қабыл етилген ҳақыйқатлықларды абсолютлестиреди, деп ойлайды. Буннан тысқары цвилизацияны урбанизацияға, ҳәтте әлемди инсансызландырыўға алып келеди. Цвилизация ҳәм пән өзлигинше мәнаўий раўажланыўды тәмийинлеў алмайды, бул жерде ақыл этика ҳәм эстетика утысларды өзинде жәмлеген манаўий дүзилме зәрүр деген пикирлерде бар.

Маниўий мәдений бир қанша бурынырақ үйрениле баслаған. Инсаният тарийхының басларынан инсанлар манаўий мәдениятты белгилеўге, оның қәлиплесиў себеплерин анықлаўға манаўий байлық дөретиўшиси ҳәм жаратыўшылары қандай сыпатларға ийе болыўлары кереклиги ҳәм руўхый дөретиўшилик процессин түсиндириўге урынған. Инсандағы барлық қәбилет тәбияттан берилген болып, оның қәлиплесиўи инсанның пайда болыў дәўиринен басланған.

Манаўий искерликтиң түрли формалары бар болып, бирақ олардың барлығы дәслепки пүтинлик элементлери болып табылады.

Пән, дин, философия, санаат, әдеп-икрамлық, ҳуқық, сиясат, идеология, миллий өзлик манаўий мәденияттың анық формалары болып есапланады.

Руўхый мәденияттың айырым формалары (пән, санаат) „шуғылланғанлықта“ парықланады, яғный маьнаўий мәденияттың анық тарўына айланады. Изертлеўшилер мәденияттық түрли функцияларын көрсетип өтеди. Олардан:

Әлемди өзлестириў ҳәм қайта өзгертириў: бунда бар болған нәрселердиң тәрбиялық талапларын қандырыў зәрүрияты менен байланыслы.

Қорғаў масласыў ўазыйпасы жәмийет ҳәм орталық арасындағы турақлылықты сақлаў. Бул функция ўзақ ўақыт қыйын тәбийий шәраятларда барлық жаңа қорғаў қуралларын ислеп шығыўда ҳәм көнликтириўде (турар жай, кийим, дийханшылық ҳ.т.б) адамның аман қалыўын тәмийинлестиреди. Кейинги ўақытларда әҳмийетли болып турған мәселе тәбиятты сақлаўшы қуралларды жаратыў бунда экологиялық орталық, экологиялық ой-пикирдиң кең көлемде жайылыўын әмелге асырыў зәрүр.

Сигнификатив функциясы: (белгилеў, есапқа алыў мазмунында) мазмун, мәңги, исим белгилер көлемин ислеп шығарыў) қуралында дүньяның ислеп шығарыў қуралында дүньяның көринисинде, ўақыялықты белги системасы-ның жаратылыўы. Сезилер де сыртқы еслеўде, бағдарды анықлаў системасын инсанға тәмийинлеп бемейди.

Өзлестириў ҳәм жыйнаў функциясы:хабарларды жыйнаў ҳәм сақлаў қуралы тәбийий яд яки хабарларды предметлерге жазыў (қолжазбалар, картиналар, пластинкалар, китаплар, кино көргизбелер, ҳәр түрли цифрлы жазыўлар) болыўы мүмкин. Ҳәр қандай ҳалда охборотты пайда етиў, оның қәдири ҳәм мазмуны бойынша тәртипке салыўдың мәлим усылы ҳәм белгилер системасының кең көлемли ҳәм әҳмийетлиси болып қалмақта.

Коммуникатив функция (байланыс алмасыў)-мәнисин анықлаўды билимлер, пикирлер, маьнаўий күшлерди алмаслаў. Жәмийетлик турмыс бәрқулла энергия, ахборот, өз-ара әмелий бирликти пайда етеди. Себеби, тек ғана түрли типлердиң мүнәсебети (дәстүрлик функциональ әҳмийетли, шахслар ара, ислеп шығарыўшы, руўхый-мәдений) жәмийеттиң система сыпатында барлығын ҳәм оның кейинги раўажланыўын тәмийинлеўге қәдир. Нармативлик функция (критика-өлшем)-инсанлар хулқын тәртипке салыў, олардың күшин бир қәлипте ҳәм жәмийетти бир пүтинликте сақлаў мақсетинде муўапықластырыў қәлип-қағыйда қандайда бир ҳәрекет яки қандайда бир предметлер, нәрселерди жаратыў тараўында анық көрсетпе болып табылады. Саналы рәўиште орнатылған яки көп әсирлик дәстүрлерге сүйениўши мәжбүрий қадаған етиўши өлшемлер бар (ҳуқықый,әдеплилик қәлиплер) бирақ олардың мазмуны бар жәмийетти ўайран етпеў ушын адамлар искерилигин тәтипке салыў, анық шегаралар менен белгилеў.

Руўхый яки „Жойбарлық" биргелкилик байрамлар, диний мәресимлер, ойын, тамаша процесслеринде руўхый зорығыўларды жоқ қылыў. Қанықарсыз тилеклер жүзеге шықпайтуғын нийетлери әмелде қадаған етилген жәнжеллер болыўы руўхый зорығыўлар пайда болыўда алып кетип ғана қоймастан мәлим бир шахс салтанатлығына зәлел жеткезеди. Бәлки массалық түс алып жәмийет ҳәрекетин жолдан шығарыў мүмкин. Соның ушын мәдениятда керексиз сезимлерден қутылыў механизми ҳәм мәнаўий қәдириятлар, байлықлар олардың қәбилетлери мүнәсебетлери ҳәм мәнисли күшлери жүзеге шығыўдан ибарат. Инсан мәдений саласында бул руўхый қәдириятларға өз мүнәсебетин билдирер екен соның менен бирге өзи раўажланатуғын,

өзи өзгерип туратуғын мәнис сыпатында да көринеди. Демек, мәдeният нәрселер түринде, инсан қәбилетиниң таяр жемиси формасында инсанның жанлы қәбилетлери, билимлери формасында жасап турады.

Мәнәўий мәденят инсанлар манаўий дөретиўшилиги искерликлери нәтийжелери-көз алдына келтириў, идеялар, илимий билимлер, диний көз-қараслар, искусство тараўлары, әдеплилик ҳәм ҳуқықый өлшемлери ислеп шығыўдан пайда болады. Бундай манаўий қәдириятлар өзлигинен пайда болмайды, бәлки белгили бир раўажланыў басқышында өз-ара мүнәсебетке киретуғын инсанлар тәрепинен жаратылады. Манаўий мәдeният-манаўий творчествоның әйтеўир жемиси болмай, бәлки творчестволық искерликти әмелге асыратуғын инсанлар ортасындағы мүнәсебетти де билдиреди. Сондай-ақ манаўий мәдeният тәлим ҳәм пән тараўы менен байланысқан илимий искерлик ҳәм эстетик мәдениятты өз ишине алады.

Мәдениятттың төмендегише функциялары тиккелей шахс бенен байланыслы:

-«Гоминизация»-урыўлас өзгешеиклерди үйрениў. Мәдeният „ақыллы адам“ ушын тән болған-сөйлеў предметлери рамзий сүўретлеў өзгешеликлерин ҳәр бир адам үйрениўге имкан жаратады.

-«Социализация»-(улыўмаластырыў)-жәмийет турмысы ушын оның ҳақыйқый ағзасы сыпатында зәрүр есапланған мәлим муғдардағы шәртлерди өзлестириў. Бул функция ой-пикир,сөйлеў, сөзлердиң қолланыўы, айтылыўы, түсиндириў ҳәм шамалаў, типик ҳәдийселерге мүнәсебет билдириў сондай-ақ талап ҳәм қәдирият бағдарлары системасын қәлиплестириў сыяқлы усыллардың беккемлениўи менен байланыслы.

-«Инкультурация»-дәслеп өз халқының, кеңпейиллик улыўма инсаныйлық мийрасқа (араласыў) мүнәсебетте болыў.

-«Индивидуализация»-мәдeният мәлим шахслар қәбилети, таланты өзгешелигин раўажландырыўға мөлшерленген. Шахс мәденияты қалған барлық мәдениятлар әтирапында (жәмийет, инсаният) ең тийкарғы буўын болған. Бул ҳәр бир анық шахс мәдениятының жетилискенлик дәрежесине жәмийет яки пүтин бир инсаният мәденияты менен байланыслы болыўын билдиреди.

Ҳәр қандай жәмийет руўхый мәдениятттың тийкарғы бөлеги, бай әлеми болып, ол инсанның қай жерде жасаўы ҳәм ҳәрекет қылыўын, улыўма дүньядағы ҳәм жәмийеттеги орнын белгилеўге жәрдем береди.

Мәдений қәдириятлар инсан ушын әҳмийетли шахсий мәнисин ҳәм мазмунын пайда етеди, инсан ол арқалы басқа инсанлар менен пүтин жәмийет пенен мүнәсебет орнатылады.

Жәмийет дәслеп тарийхтың белгили бир раўажланыў басқышында тәбияттан ажыралып шыққан материаллық дүньяның тийкарғы бөлеги болып, раўажланыўшы инсанлар турмыс искерлигиниң жыйындысы болып табылады.

Шахс пенен жәмийеттиң өз-ара мүнәсебетлери түрли тарийхый дәўирлерде түрлиши болып, шахс мәденияты жәмийет мәдениятын белгилеўди ҳәм шахс мәденияты да өз нәўбетинде анық бир жәмийет мәдениятында қәлиплеседи.

Жәмийет пенен шахстың өз-ара мүнәсебети, шахстың еркинлиги, оның ҳуқық ҳәм миннетлери, инсаний қәдириятлар ҳаққындағы мәселе барлық тарийхый раўажланыўдың жемиси ҳәм оның субьекти болып есапланады. Социаллық мүнәсебетлер инсанды жәмийетлик орталыққа айландырады, дүнья қарасын қәлиплестиреди.

Адамлардың социаллық мәниси шахста жәмлескен ҳалда өз көринисин табады. Шахс инсанның социаллық мәнисин ҳәм социаллық искерлигиниң сүўретлениўи болып табылады. Инсан жәмийетлик тәжирийбелерди өзлестириў нәтийжесинде шахсқа айланады.

Инсан социаллық мүнәсебетлер жыйындысы сыпатында белгили бир ҳуқық ҳәм ўазыйпаларға ийе. Бул инсанның шахс еркинлигин сүўретлейди. Индивид шахсқа айланыўы ушын бир қанша ҳуқық ҳәм еркинликлерге ийе болыўы лазым. Шахс дегенде улыўма инсанды емес бәлки типик ҳәм еркинликлерге ийе болған адам түсиниледи. Ол социаллық шәрт-шараятларға байланыслы болған адам есапланады.

Индивид жеке бир инсан болып басқалардан парықланыўшы өзгешеликлерге ийе. Индивид де социаллық тәжирийбелерди өзлестириўде тийкарында шахс сыпатында қәлиплеседи. Шахсты жәмийеттен, социаллық мүнәсебетлерден ажыратып болмағанындай, жәмийет раўажланыўы ҳәм инсанның әмелий искерлиги менен үзликсиз байланыслы. Жәмийетлик мүнәсебетлер тәсиринде шахс турмысының

ҳәр қыйлы көринислери қәлиплескен Семья, оқыў орынлары, жәмийетлик-сиясий бирлеспелер, ахборот, мәҳәлле, көше сыяқлы факторлар да шахсты тәрбиялаўда әҳмийетли болып есапланады. Еркинлик ҳәр бир шахстың тәбийий ҳуқықы болып табылады. Шахслардың инсаный ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин шегаралап

қойыў, топлаў, миллий, диний кемситиўлер расалық, халықлардың тили, үрп-әдетлери тарийхы,мәдений мийраслары, миллий қәдириятларға бийпарық қараў, олардың ҳуқық ҳәм мәплерин кемситиў болып табылады.

Ҳәр бир шахстың улыўма халықлық мәплерге толық тийисли болған ўазыйпалар ҳәм жүклемелер де болады. Олар тәбиятты қорғаў, мәдений-тарийхый естеликлерди сақлаў ҳаққында ғамхорлық қылыў, басқа халықлар ҳәм мәмлекетлер менен дослық, тынышлықты сақлаў сыяқлылар болып табылады.

Барлық мәдениятлы жәмийеттиң өзгешелиги, оның мәнис ҳәм мазмунын зыялылар белгилейди. Зиялылық бул тек ғана кең билимге ийе болыўды, бәлки басламаларды, жуўапкерликти, моральлық-эстетикалық тәрбиялықты ҳәм туўма талантты билдиреди. Зиялылар моральлық мийнеттиң ҳәр қыйлы қурамалы түрлери менен шуғылланыўшы қатлам болып есапланады. (Пән мәдения́т хызметкерлери, оқытыўшылар, қәнигелер, техниклер, врачлар).

Мәдениятлыллық дегенде кемтарлық, ҳадаллық, растгүйлик, сақаўатлылық, инсанпәрўарлық, жақсылық, сақыйлық сыяқлы инсаный пәзийлетлерге ийе болыў, моральлық қағыйдаларға толық әмел қылыў, өз миллети ҳәм де басқа халықларды да ҳүрмет қылыў пәзийлетлери аңлатылады.

Зыялылық жетик ақыл ийеси болыў, теориялық мәселелерди аңлаўға, илмий билимлерди өзлестириўге таяр болыў болып табылады. „Зыялылық“ жоқары дәрежеде камал тапқан интеллигентти, кең билимли жоқары мәдениятлылықты аңлатса „Зыялы“адамлар тайпалар арасындағы социаллық қатламды аңлатады, бул қатлам жоқары мағлыўмат ийелери ақыл мийнети менен бәнт болады. Жетерли билимге ийе болмаған ҳалда дүньядағы барлық нәрселер ҳаққында пикир билдириўши инсан дилетант болып есапланады. Дилетантлық мәдения́т кемлигиниң белгиси болып, шын мәдения́т ҳәм зыялылыққа байланысы жоқ.

Тәрбиялылық зыялылықтың тийкарғы белгиси болып, оның улыўма мәдений дәрежеси көбинесе сөйлеў мәдениятында көринеди. Мәдений сөйлеў дәслеп дурыс сөйлеў дегеди аңлатады. Мәдения́т инсан образлы көринис ҳәм шырайлы сөйлеў арқалы өз пикирин баян етеди. Зиялылық билим, илим ҳәм тәрбия менен камал табады. Зыялылық түсинигине улыўма мәденияттан тысқары қәлиб нәзиклиги, улыўма, турмысқа мүнәсебетде жоқары сапалылық социаллық искерликте киреди. Зыялы деп интелегентке, интуитив ҳақ кеўилликке ийе

болған, манаўий мүтәжликлери кең ҳәр бир инсанды атаў мүмкин. Мәденияттаныўды үйрениўдеги мақсет зыялылықты тәрбиялаў болып есапланады. Шахстың кәмилликке ерисиўин тәмийинлеўде жәмийетдеги мийнет мәдениятын раўажландырыў, инсанлардың сиясий саналылығын асырыў жетик ақыл ийеси ҳәм эстетикалық нәзиклиликти тәрбиялаўда мәденияттың тийкарғы бөлимлери, тараўлары үлкен әҳмийетли ўазыйпаны атқарады. Шахс мәденияттың қәлиплесииўинде жәмийет мәдениятының төмендегише қурамлары әҳмийетли болып есапланады.

Сиясий мәденият-инсанлардың сиясий санасы, мәплери, мақсетлерин сүўретлеўши сиясий ҳуқықый идеялар жыйнағы болып, манаўий қәдириятлардың арналған системасын пайда етеди. Бул мәденият тарийхый раўажланыў басқышларында жәмийеттиң социаллық тайпалары мәплери менен байланыслы ҳалда пайда болып жәмийет искерлигине үзликсиз байланыслы. Сиясий мәденият, сиясий искерлик сыпатында, яғный инсанлар искерлигиндеги тәбиятты қайта жаратыў ҳәм өзлерин тәрбиялаў процесслерин өз ишине алып, „сиясий ислеп шығарыўды“ өзинде сәўлелендиреди. Сиясий мәденият, сиясий искерлик усыллары киреди.

Сиясий мәденияттың жасаўшылық усылы жәмийеттиң сиясий-мәдений байлығы, әмелий сиясий мәдениятынан ибарат болады. Жәмийетиң сиясий-мәдений байлығы мәмлекет басқарыўының тарийхый тәжирийбеси, сиясий искерлик қураллары, усыллары, сиясий билимлер жыйындысы болып табылады. Әмелий сиясий мәденият болса-жәмийет, группа, шахс сиясий турмысындағы бар болған мәденият болып есапланады.

Сиясий мәденият социаль көринис формасы тәрпинен жәмийет сиясий мәдениятын социал группалар ҳәм шахс сиясий мәдениятына ажыратыў мүмкин.

Жәмийет сиясий мәденияты раўажланыўдың мәлим бир басқышындағы сиясий социаллық қәдириятлар, сиясий дүзилмелер, сиясий искерлик усылларының жыйнағы болып табылады. Шахс сиясий мәденияты болса, индивид тәрепинен жәмийеттиң сиясий, идеологиялық ҳәм социаллық руўхый қәдириятларын ҳәм усылларын өзлестириў ҳәм де әмелге асырыў системасы болып табылады.

Сиясий мәденият раўажланыўы ҳуқықый мәденият пенен байланыслы болып, ол тек ғана нызамларды билиў, ҳуқықый дәрежесинен ғана ибарат болмай, нызамларға әмел қылыў ҳәм оларға

бойсыныў мәденияты дегенди аңлатады. Улыўма ҳуқықый мәденият ҳуқықый сана, ҳуқықый мүнәсебетлер, ҳуқықый активликтиң бирлигинде пайда болыўшы манаўий қәдириятлар системасы болып есапланады.

Экономикалық мәдeният түсинигинде экономикалық билимлер, пикирлер усылы менен жедел ислеп шығарыў, экономикалық билимлер, пикирлер усылы менен жедел ислеп шығарыў, экономикалық искерлик ортасындағы өз-ара байланыс факторлары көринбекте. Экономикалық мәдeният мазмунында мәдeният ҳәм экономикалық сана, экономикалық искерлик, экономикалық мүнәсебетлер киреди.

Социаллық мүнәсебетлер экономикалық мәденияттың тийкарын қурайды, жәмийетлик экономикалық сананы белгилейди, оларда өз көринисин табады. Сондай-ақ социаллық мүнәсебетлер ислеп шығарыў дәрежесин емес, бәлки мүлк, бөлистириў, пайдаланыў менен байланыслы мүнәсебетлерди өзинде сәўлелендиреди.

Экономикалық мәдeният төмендеги функцияларды атқарады:

1.Билиў функциясы-экононмикалық пәнлердиң ҳалаты, пән тийкарларын тәжирийбеге тартыў усылы ҳәм жолларын билип алыўға шақырады.

2.Дүнья қарас функциясы-тийкарынан, маьнаўий руўхый мәнистеги экономикалық дүнья қарас болып, экономикалық идеялар, көзқараслар, көринислер системасынан ибарат.

3.Тәрбиялық функция-экономикалық мәденияттты ийелеў, билимлер жыйнағын исенимге айланыдырыўдағы бас орай мүтәжликлери ҳәм мәплеринен ибарат.

4.Әмелий функция яки ислеп шығарыў функциясы-бунда экономикалық мәдeният маьнаўий ҳәм әмелий тәсир көрсетиў өзгешелигине ийе болады.

Әдеп-икрамлылық мәдeният-жәмийет, социум, индивидлер тәрепинен әдеп-икрамлық кәмиллик өлшемлерине ерисиў дәрежеси болып табылады. Күнделик турмыста, инсанлар искерлигинде әмел қылатуғын ҳәм өзлестиретуғын әдеп-икрамлық қәдириятлар ақллылық кәмалаты нормалары менен байланыслы. Әдеп-икрамлық мәдeният қурамына әдеп-икрамлық сана, әдеп-икрамлық мүнәсебет ҳәм әдеп-икрамлық искерлик киреди. Әдеп-икрамлық сана тарийхтан өзгериўши әдеп-икрамлық мүнәсебетлерди аңлатып әдеп-икрамлылықтың субьектив тәрепи болып есапланады.

Әдеп-икрамлық мүнәсебетлер социаллық мүнәсебетлердиң айрықша бир көриниси болып әдеп-икрамлық өлшемлер ҳәм қағыйдалар өзинде анық тарийхый мазмун белгили бир жәмийеттиң социаллық ҳалатын сәўлелендиреди. Әдеп-икрамлық мәдений инсан хулқының анық көринисине ийе болмастан пайда бола алмайды. Әдеп-икрамлық мәдений әдеп-икрамлық санадан тысқары инсанлардың қулқы арқалы реалласады.

Эстетикалық мәдений инсанның манаўий-туйғы искерлиги менен байланыслы мүнәсебет ҳәм қәдириятлар системасын сәўлелендиреди. Эстетикалық мәдений тараўы бул,-инсанның қоршаған орталықты орап алған ўақыялыққа болатуғын мүнәсебетинде өзин еркин көрсетиўден ибарат. Бул еркинликтиң мәниси сонда, инсан предметке, оның жынысы ҳәм түрине сай өлшемин таўып сәўлелендиреди, оны қайта ислейди.

Эстетикалық мәдений жәмийет мәдениятының қәлиплестирилген бөлеги болып, оның раўажланыўы менен байлап түсиндириў мүмкин. Искерлик әмел қылыўы ушын: искерлик субьекти, искерлик обьекти, искерликтиң өзи болыўы керек.

Пән мәдений ҳәдийсеси сыпатында билимлерди ислеп шығарыў ҳәм билимлер сыяқлы пән ҳәм социаллық практика, социаллық мүтәжлилик себепли пайда болады.

Мәдений системасында дин-инсанның исеним белгиси ақырет ҳәм турмыс көринислериниң манаўий материаллық мәдений сыпатында көриниси болып табылады. Сондай-ақ дин барлық жәмийетлерде моральды қәлиплестириўши тараў болып келди ҳәм идеаллық сиясий бағдарларға ийе болды.

Қәдирият түсиниги мәденияттаныў илиминиң тийкарғы түсиниклеринен болып табылады.

Айырым алымлар оны дәўирдиң мүтәжлигин белгилейди, яғный тарийхый өзгешелик пайда етеди деп есапласа, басқа бир изертлеўши Рикерт керисинше, қәдирият барқулла универсал өзгешеликке ийе деп көрсетеди. Т.Персонс қәдириятты өлшем стандарты деп атайды. Атап өтилген ҳәр қыйлы, ҳәтте қарама-қарсы пикирлерден қәдирияттың мәниси көп тәрепли екенлиги аңлатылады.

Қәдирият-инсанлар турмысында ең әҳмийетли ҳәдийсе болып есапланады. Оны мәдений тараўлары жарыққа шығарған ҳәдийсе сыпатында байланыслылықта аңлаў мүмкин. Сонда хожалық, техникалық, социаллық, сиясий, көркем, илимий қәдириятлар ажыралады. Материаллық нәзерден қәдирият сезиў-бул турмыслық,

техникалық қанаат қәдирияты т.б. ҳәм манаўий-илимий әдеп-икрамлық, эстетикалық диний ҳәм басқаларға бөлинеди. Хожалық техникалық, сиясий қәдириятлар дәўир өзгериўи менен оларда өзгерип барады, ал басқа қәдириятлар (мәселен: көркем, әдеп-икрамлық) бәрқулла универсал өзгешеликке ийе.

Жоқарыда айтып өткенимиздей қәдирият социаллық искерликти тәртипке салып, индивидлер, группалар ҳәм жәмийеттиң әҳмийетли искерликлерине ерисиўди белгилейди. Қәдирияттың дәслепки дәрежеси әпиўайылылар арасынан ажыралған анық нәрселер, ҳалатлар, ҳәрекетлердиң айрықшалықлары менен байланыслы. Екинши дәрежеси болса, мәлим бир индивидге жақын болған социаллық группалар қызығыўына сай келиўши оброзлар ҳәрекети яки искерлигиниң таңланыўы менен байланыс ҳәрекети яки искерлигиниң таңланыўы менен байланыслы. Үшинши -дәрежели бул ең жоқары улыўма инсаный мақсетлердеги таңланыў болып, онда жақсылық. ҳақыйқат, гөззаллық, әдалат,тәртип, байлыққа қарама-қарсы жаўызлық, жалған, тәртипсизлик, кәмбағаллық бирликте көринеди яғный бул тәқдир менен байланыслы болған ең әҳмийетли таңлаў болып есапланады. (буддизмде нирван, суфорийликте фано сыяқлы).

Қәдириятлардың ишинде ең әҳмийетлиси ҳәм улыўмалығы турмыс болып табылады. Өмирден ажыралыў қалған барлық қәдириятлардан пайдаланыўда жоққа шығарды қалған қәдириятлар негизинде, турмыс жемислерининң мазмуны мәдений қәдирятлар болып табылады.

Қәдирияттың турмыстағы орны ҳәм әҳмийети баҳалаў себепли белгиленеди. Баҳалаў болса инсанлардың мүтәжликлери,мәплери, мақсетлери, қызығыўларынан келип шығады. Айырым ҳалларда мүтәәжлик пенен мәплер бир-бирине қайшы келиўи мүмкин. Белгили бир жәмийетлик топар миллет, группалар ушын жоқары қәдирият есапланған ҳәдийселер басқалар ушын қәдирият болмаўы мүмкин. Тәбият ҳәм жәмийет ҳәдийселерин қәдирият қатарына киритиў ҳәм көргизбеў инсанлардың талаплары, мәплери, арзыў-тилеклери мақсетлери менен белгиленеди.

Қәдирият дегенде инсан ҳәм инсаният ушын әҳмийетли болған миллет, елат ҳәм социаллық группалардың мәплери ҳәм мақсетлерине хызмет қылатуғын тәбият ҳәм жәмийет ҳәдийселери жыйнағын түсиниў лазым.

Қәдириятлар жәмийетлик өзгешеликке ийе болып, инсанлардың әмелий искерлиги процессинде қәлиплеседи ҳәм раўажланады. Олар

мәнисине қарай түрлерге бөлинеди. Дәслеп, инсан ҳәм оның турмысы ең жоқары қәдирият есапланады. Инсанның мүтәжликлерин қандырыўға тәбиййй қәдириятлар: жер ҳәм жер асты байлықлары, басқада тәбият жемислери үлкен әҳмийетке ийе. Инсан мийнети, ақылы менен жаратылған материаллық байлықлар материаллық қәдириятлар есапланады.

Қәдириятлар әмел қылыў шеңберине көре миллий, регионлық ҳәм улыўма инсаный түрлерге бөлинеди. Миллий қәдириятлар қурамалы социаллық руўхый ҳәдийсе болып, ол миллеттиң тили, мәденияты, тарийхы, үрп-әдетлери, дәстүрлерин, улыўма барлық материаллық ҳәм манаўий байлықларын, экономикалық, жәмийетлик-сиясий турмыстың барлық тәреплерин өз ишине алады. Регионлық қәдириятлар экономикасы, мәденияты, тарийхы, тили, дини, үрп-әдет дәстүрлери улыўма болған халықлардың мәплерине хызмет қылатуғын тәбиййй ҳәм жәмийетлик ҳәдийселер бирикпесин пайда етеди. Улыўма инсаный қәдириятлар мазмуны жағынан терең ҳәм кең болып, улыўма цвилизациялық әҳмийет кәсип етеди. Улыўма инсаный қәдириятлар барлық миллетлер, елатлар ҳәм халықлардың мақсет ҳәм умтылыўына сәйкес келди.

Улыўма инсаный қәдириятлар қурамына инсаният цвилизациясының раўажланыўы менен байланыслы болған улыўма цвилизациялық проблемалар киреди. Булар: жер жүзинде илим-пәнди раўажландырыў, тынышлықты сақлаў, қыйратыўшы қуралларды жоқ етиў, тәбиятты қорғаў ҳ.т.б.

Таяныш түсиниклери:

Материаллық ҳәм руўхый мәдений, сиясий ҳәм ҳуқықый мәдений, экономикалық мәдений, эстетикалық мәдений, творчестволық қәбилет, қәдирият, цивилизация, коммуникатив функция, социаллық мәни, дилектант.

## *3-тема. Мәдений ҳәм руўхый мийрас.*

### *Режеси*

1. «Мәдений мийрас» түсинигиниң мазмуны.
2. Мәдений мийрастың механизми.
3. Өзбекстанда жәмийетти руўхый жаңалаў процессинде мәдений мийрасқа мүнәсебет.

Өзбекстан өз ғәрезсизлигин беккемлеўде, дүнья жәмийетшилигинде өзиниң мүнәсип орнын белгилеў процессинде сиясий, ҳуқықый, социаллық-экономикалық, маниўий-мәрипий тараўларда-инсанлар ой-пикиринде түптен өзгерис-миллий идея-миллий идеологияны қәлиплестириў процесси болып өтпекте. Бул процесс үшинши мың жыллықтың алдында әмелге асырылмақта. Сол мүнәсебет пенен Президент И.Каримовтың төмендеги сөзлери әҳмийетли болып табылады. Биз келеси әсирге өзимиз бенен нелерди алып өтиўимиз мүмкинЎ ҳәм де нелерден ўаз кешиўимиз дәркар. Жаңа мың жыллықта қандай мәселлердиң шешими бизиң дыққат итибарымыз орайында турыўы лазым. Бул пикир мәдений ҳәм мәнаўий мийрасымыз мәселелерин шешиўде тийкарғы дәстүрий әмеллерден болып есапланады.

Мәдений мийрас-бул өтмиштен қалған қәдириятлар, идеялар, тәжирийбе, билимлер оларды өзлестириў жоллары, яғный инсанлардың творчетволық искерлик усыллары ҳәм оны пайда етиў, оның нәтийжелери болып табылады. Өзлестириў, яғный анығырағы, мәдений мийрас процесси жүдә әҳмийетли болып, мәденияттың ҳәрекетдеги тийкарғы нызамларынан бири есапланады. Бул процесс инсанияттың өтмиши, бүгини ҳәм келешеги бир пүтин ҳалда бирлестирип әдетли тәризде жетискенликлерге айланады. Манаўий мийрас инсанлардың дәрежесин кеңейттиреди, олар турмысын ақыл жағынан ҳәм сезиў тәрепинен байытады, билимниң таўсылмас орайы болып хызмет етеди.

Өтмиш пенен биротала үзилиў мүмкин емес. Мәденияттың нормалық раўажланыўы оны сақлап, келеси әўладларға мийрас қылып қалдырыўды билдиреди. Бирақ, бул процесс әпиўайы ҳәм бир түрде жүз бермейди. Ҳәр бир жаңа әўладтың мийраслық механизми өтмиштегилердиң тәжирийбесинен мәденияттың түрли тараўларында парықланады: санаатдағы өлшем, пәндеги басқаша тәбийий пәнлер

гуманитар пәнлерден өзгеше. Мийраслық ҳәр қандай тараўда инсанның ҳақыйқый өзлестириўде пайда болады ҳәм сол пайытта шекленген яки дүнья көлеминдеги процесслер формасында да сәўлелениўи мүмкин. Мийраслықтың жергиликли (шекленген) формасы мәденияттың кәсиплик (профессионал), миллий этник ҳәм басқа көринислерге ийе. Бул дөретпе мәдений басқышларда бир қәлипте, тегис бағдар формаларында болмай, оның бир басқыштан екинши басқышқа секирип өтиўи тегис емес қәсийетине ийе. Инсанияттың руўхый жетисенликлери мийрас етип қалдырыўда мийраслық кең дәрежели формада процесс бир тегис бағдарда әмелге асады. Мысалы: Әййемги Мыср (зокавати) „Инжил“, „1001 кеше ертеклери“ сыяқлы мәдения естеликлери жақсы тәсир қылады. Жәнә, жер жүзиндеги ҳәмме халықлардың заманагөй билим тараўларына тән болған Бабыл астрономиясы, ҳинд математикасы, антик философиясы, рим ҳуқықы ҳаққында сөйлеў мүмкин.

Егер мәдения ҳәм ағартыўшылық тараўлары қураманыда тил, үрп-әдетлер ҳәм басқалар болса, белгили халықтың мәдения тарийхы көлеминде мийрас қалдырыў процесси жақсырақ өтеди. Басқа тараўларда болса техника, пән. искусство сыяқлы тараўлардағы бир халыққа тийисли мийрас басқа халықларға ҳәм тийисли мүлкке айланады.

Кейинги әўладларға мийрас қалдырыў ушын мәденияттa белгиленген усыл ҳәм механизм мәўжит. Олардан базылары бурыннан әмел етеди, бул көрсетиў, аўызеки узатыў, фольклор, искуства, басқа усыллар кейинлеў пайда болады, бул-кино көриниси, рәң бәрең жазыўы, компьютер яды. Ҳәмме жәмийетлерде ҳәм ҳақықаттан ағартыўшылық мийрастың пайдаланыў имканиятларын өзгерттириў формасы бир көринисте емес. Олар социаллық экономикалық, сиясий, идеялық бирикпелер менен белгиленеди. Бул бирикпелер мийрастың көлеми, сайлаў қәсийети, интенсивлигине байланыслы. Бизге белгили совет жәмийетинде комунистлик идея ҳүкимранлығы дәўринде халықлар, әсиресе Өзбекстанда ҳәм өзиниң ҳақыйқый тарийхый, миллий ҳәм ағартыўшылық мийрасынан қурытылған еди. Улыўма, мәдений мийрастан айрылған ямаса пайдаланылмаған жәмийет яки халықлар тарийхда болыўы мүмкин емес.

Мәдений мийрастың механизми төмендеги қәсийетлерге ийе:

1.Мәдений мийрастың органикалық әўладлар жаратқан барлық байлыққа жаңа әўлад мийрасхор болады, тарийхый әҳмийетин жоғалтқан мәдения орнында жаңа мәденияtлар пайда болады,

дәслепкилеринен көп нәрселер өзлестиреди. Өтмиш тәжирийбеси бүгин ҳәм келешек ушын барқулла пайда бериўи мүмкин, сондай-ақ бүгин умытылған нәрселер пүткиллей жоғалып кетпейди. Мәселен, В.Шекспир жүз жыл шамасында умытылып, кейинги әўладлар ушын дүнья әдебияты ҳәм драмматургиясының классиги сыпатында танылды.

2.Өтмиштен келшекке өтиў процессинде мийрастың өзгериўи. Мәдений мийрастың өтиў дәўириндеги өзгешелиги өзгериўи мүмкин. Яғный, миллий идея бар болған ҳәм билимлер талабына сай келиўши жаңа тараўдағы мазмунды аңлатады. Мине сондай көринсите ол келешекке мийрас болып өтеди. Бизге шекем Сократ ҳәм Демокрит шығармаларынң тийкарғы нусқасы сақланып қалмаған, бирақ ҳәр бир әўлад олардың идеясын өзи ушын жаңадан жаратды ҳәм олардың философиясын анализ қылыўшы мыңлап китаплар жаратылады.

3.Өтмиштен қалған барлық нәрселер пүткиллей өзлестирилмейди, бәлки жаңа дәўир ҳәм талабына, руўхына жуўап бериўши, мазмунынан зәрүр нәрселер ғана алынады. Ҳәзирги гөнерген ҳәм керек емес деп есапланған нәрселер келешекте бәлки жаңа мазмун ҳәм әҳмийетке ийе болады.

Ҳәр бир этнос халық өзиниң ғәрезсиз, тәкирирланбас мәдениятына ийе. Халықлар турмысының регионаллық тарийхый өзине тәнлиги ҳәр бир халық мәдениятының раўажланыўы ушын шараят жаратып береди. Сол тәризде миллетлер әлеминде улыўма жер жүзи қәлиплеседи, онда инсан ҳәм оны тарийхтан орап турыўшы тәбият уйғынласып этнослардың социаллық рухиятына тәсир көрсетеди, миллий өзгешелик қәлиплеседи ҳәм оның әмелий искерлик бағдарын анықлайды.

Мине усы басланғыш мәдений әлеминде инсан турады, бул жерде оның әҳмийетли орны мақсети қәлиплеседи, турмысы әрманы пайда болады. Инсан, мәдениятларға мийрасхор сыпатында миллий мүлкти өзлестиреди.

Дәстүр мәдениятда жаңа әдетлер менен уйғынласып кетеди. Инсанға тек ғана билим, сондай-ақ турмыс искерлигинде дәстүрий ибратлар ҳәм жақсы өзлестирилген қәбилет ҳәм көникпе зәрүр. Мәденияттың раўажланыў процесси дөретиўшиликтиң субьекти саналған шахстың қәлиплесиў процесси менен бирге болатуғын ҳәдийсе болып табылады, яғный инсанды тек ғана жәмийетте бар болған мәдений нормалар, дәстүр ҳәм ибратлар, бәлки мәдений процесслердиң раўажланып барыўында қоллайды.

Жоқарыда атап өтилгениндей миллий мәниуйий мийрас мәселеси мәмлекетимиде жәмийет ушын әҳмийетлилик пайда етпекте. Чор Россиясы үстемлиги дәўиринде Түркстан халықларының мәдениятына олар „қалақ“ мәдения деп пәст нәзер менен қаралған. Кейин советлер дәўиринде Өзбекстан халқының мәдений мийрасқа бир жақлама мүнәсебет ҳүкмранлық қылады. Тарийхый ҳақыйқат, әдебият ҳәм санаат шығармалары „класслық гүрес“, „халықшылық“ сыяқлы батыс теориясы арқалы баҳа берилди. И.А.Каримов „Ўзбекистан XXI әсир босағасында“ китабында айтып өткениндей, узақ даўам еткен күшли идеологияның ҳүкимине қарамай, Өзбекстан халқы әўладтан-әўладқа өтип келген өз тарийхый мәдений қәдириятларын ҳәм де өзине тән үрп-әдет дәстүрлерин сақлап қалыўға еристи. Президентимиз өзиниң пикирлеринде биринши дәрежели қылып миллий идеяны қәлиплестириўди қояды. Оның тийкарында халықтың ҳақыйқый тарийхын қайтарыў, миллий дәстүрлерди тиклеў, мәдений ҳәм мәнаўий мийрасты үйрениў жатады.

Өзбек халқының мәдений мийрасы мың жыллар даўамында жаратылған. Онда түрли дәўирлерде Өзбекстан территориясында исеним қылынған зарудштийлик, буддизм, ислам ҳәм басқа динлер жаратқан манаўий әдеп-икрамлық қәдириятлар бириктирилген;

Онда пүткил дүньяға мәлим атақлы имам ал-Бухарий, ат-Термизий, Нақшбандий, Яссаўий, Фаробий, Беруний, Ибн Сино, Улығбек, А.Наўайы сыяқлы көпшилик уллы алымлардың билими ҳәм қәбилети сәўлеленген бул мийраста Амир Темур ҳәм Бубурлардың мәмлекетшилик ҳәм сиясий қурылыс тәжирийбелери: уллы архитектуралық естеликлери, көркем өнер музыка, әмелий санаат шығармалары; халқ үрп-әдетлери ҳәм дәстүрлери, миллий спрот түрлери уйғынласады.

Ғәрезсизлик жылларында халыққа оның мәнаўий ҳәм мәдений байлықларды қайтарыў барысында көплеп жумыслар исленбекте. Дәслепки, ең әҳмийетли қәдем „Өзбек тили ҳаққындағы“ нызамның қабыл қылыныўы болды. Бухара ҳәм Хийўа қаларындағы архитектура естеликлерин тәмийнлеў барысында актив ислер алып барылып. естеликлер сол дәўирде дүнья әҳмийетиндеги статусқа ийе болды. Бул қалалардың 2500 жыллығы, Ташкенттиң 2000 жыллығы сыяқлы сәнелер тәнтана менен нышанланады. Жәмийетлик-экономикалық мәселелерге қарамастан миллий мәдениятты сақлаўшы жаңа музейлар қурылды, Темурийлер дәўири тарийхы музейи.

Халыққа өз тарийхы ҳәм қәтиреси қайтарылмақта. Миллий дүнья мәденияты раўажланыўға үлкен үлес қосқан ўатанласларымыздың хызметлери ҳаққында юбилей мәресимлери өткизиледи. Өткен жылларда Наўайы, Бабур, Беҳзод, А.Фарғоний юбилейлери нышанланады. Айрықша мәресимлер менен халқаралық көлемде Улығбектиң 600 жыллығы, Амир темурдың 660 жыллығы,Имам Бухарийдиң 1225 жллығы өткизилди. Жалоладдин мангуберди туўылғанының 800 жыллығы ҳәм „Алпамыс“ эпосының 1000 жыллығы кең нышанланады. Әсиресе қатаған қурбанларының гунасыз қәтиреси тиклениўи үлкен әҳмийетке ийе болды. Олар арасында көплеп мәденият искерлерининң атлары бар: жәдидшилик ҳәрекетиниң жол басшылары, шайыр ҳәм жазыўшылар-Муннаввар қары Абдурашидханов, А.Фитрат, Шолпан, Рамзий, Боту ҳ.б.

Миллий үрп-әдет дәстүрлери тиклеў бойынша де көплеп жумыслар исленди. Наўрыз, ҳайт сыяқлы қәдимги халқ ҳәм диний байрамлар арнаўлы түрде турмысқа қайтарылды. Қайырқомлық дәстүрлери даўам еттириў ҳәм жас әўладты бәркамал өстириў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Саламат әўлад ушын жамғармасын пайда етип, дәслепки орденди де сондай атады. Өзбекстанда халқара кино, театр ҳәм „Шығыс тароналары“ сыяқлы ғәрезсиз фестиваллар өткизиў жақсы дәстүрлерге айланып қалды. Орайлық Азия регионында жасаўшы халықлардың мәденияты әййем заманларда ҳәм Батыс ҳәм Шығыс мәмлекетлери менен жақын мәдений байланыслар тийкарында раўажланған. Мәдений бирге ислесиўдиң кең көлемли, этникалық ҳәм диний мазмундағы шекленбегенлик Ўатанымыз мәдениятының тийкарғы өзгешелиги болып табылады. Ҳәзирги дәўирде миллий мәдениятты тиклеўге тийкарғы итибарды қаратқан ҳалда Өзбекстан халқы дүнья мәденияты ҳәм цвилизациясының заманаўий жетискенликлерди ийелеўге ҳәрекет қылып, дүнья мәденияты раўажланыўына үлес қоспақта. Бул тараўда жедел әмелий ислер исленбекте: халық аралық конкурс ҳәм фестиваллар өткизиледи, шет мәмлекетелер мәденият күнлери ҳәм искусства шығармалары көргизбеси шөлкемлестиреди, ҳинд мәденият орайы, француз мәденият үйи сыяқлы барқулла искерлик көрсетиўши мәденият орайлары ашылды: өз орнында Өзбекстан мәдениятының өзине тән өзгешеликлери теориялық тийкарлаў ҳәм оның дүнья мәдениятындағы орнын мүнәсип баҳалаў ихтияжы да күшли болып есапланады. Бунық дәлийли сыпатында „Мырза Улығбек ҳәм оның дүнья цвилизациясына қосқан үлеси“ (1994) „Өзбекстанның дүньяда тутқан орны ҳәм роли.

Бухара дүнья мәденияты“ (1995) ,„Орта Азия ҳәм дүнья цвилизациясы“ (1998) сыяқлы атамаларда өткизилген халық аралық конференция ҳәм семинарларды көрсетиў мүмкин. Өзбекстан өзиниң бай мәдений дәстүрлери ҳәм жәҳән мәденияты процесслериндеги искерлиги себепли оның халық аралық региондағы абыройы асып бармақта. Буның мысалы ретинде 1997 жылда ЮНЕСКО ның қурамына Өзбекстанның ағза болыўы ҳәм 1998 жылы 6-ноябрьде Ташкенте 155 сессиясының өткизилиўи. Онда Өзбекстанның усынислары менен „Жәҳән мәденияты ҳәм ЮНЕСКО ның ағза мәмлекетлердеги искерлиги“ деген ҳүжжет қабыл қылынды. Дүнья мәдениятының ажыралмас бөлеги бойынша Өзбекстан ЮНЕСКО менен өз-ара мүнәсебетлерин және де кеңейтириў ҳәм республикада манаўий тәлим системасын қәлиплестириў режелестирилген.

Таяныш түсиниклер.

Мәдений мийрас, мийрас механизми, мәдений раўажланыўда миллийлик ҳәм улыўмаинсаныйлық.

## *4-тема. Архаик (ең әййемги) мәдeният.*

## *Режеси*

1. Архаик мәденияттың дәслепки үлгилери.
2. Соңғы полеолит дәўири мәденияты.
3. Жаңа тас әсири (неолит) мәденияты.
4. Мыс дәўиринде жаңа түрдеги мәденияттың қәлиплесиўи.

Архаик яки ең әййемги мәдeният- инсаният мәдениятының ең әййемги ҳәм ең узақ даўам еткен дәўири боып есапланады. Бул дәўир инсаният тарийхы улыўма көлеминиң 99% ин пайда еткен ҳалда заманагөй мәдениятқа үлкен тәсирин көрсетип келмекте. Сол ўақытта пайда болған архаик мәдениятының айырым көринислери болған пикирлеў тәризи, характери ҳәзирге дейин жоғалмаған. Инсаният өмириниң басланғыш дәўири кейинги барлық өзгерислерге фундамент болғанлығы себепли бул дәўирди үйрениў инсаният эволюциясы тийкарларын, оның мәдениятының негизин түсиниў ҳәм анализлеўге жәрдем береди.

„Өтмишке қайтып ис көриў қайырлыдур“ - деген еди А.Қадирий. „Дүньяда турыў ушын- деп жазады М. Бехбудий,-дүньялық пән ҳәм

илим лазымдур, заман илим ҳәм пәннен несийбесиз миллет басқаларға ғәрезли болады“.

Ең әййемги басқыштағы мәдениият раўажланыўының келбетин қайта тиклеў жүдә қыйын ўазыйпа. Жеке гуўанама,минезлеме, сүўретлемесиз тыныш өтмиш, ҳәдийсесиз „узақ“(Ф.Бродел) „уйқыдағы“ (Э.Леруа-Ладюри) тарийх ушын идеал үлги пайда етип, тәбийий-илмий орталықты изертлеў, услуб муғдары яки социал-экономикалық түсиниклер ҳәм дәслепки (әййемги жәмәәт) социал дүзим тәлийматын сүўретлеў ушын бағдарланған болып есапланады.

Алымлар топлаған мағлыўматлар 2 түр болып: I.Антропологик ҳәм археологик табылмалар-әййемги адамның физикалық ҳәм мәдений раўажланыўын, аўшылық жәмәәтиниң турмыс тәризин жақты әлемге шығарды. Бул мағлыўматлар өзине тән белгилери менен эмперик (тәжирийбе) анализди жүзеге шығарды ҳәм әййемги басқышты улыўма қабыл еткен классификацияға тийкар салды.

1.Палеолит әййемги тас әсири

2.Неолит жаңа тас әсири

Палеолит басқышының өзи де алдыңғы(төменги) ҳәм соңғы(жоқары) дәўирлерге бөлинеди. Сондай-ақ, палеолит ҳәм неолит басқышының ортасы мезолит-орта тас әсири дәўирине бөлинеди.

II. Этнографик мағлыўматлар-заманагөй халықлар ҳәм ҳәзирги ўақытта да аўшылық ҳәм териўшилик пенен күн көриўшилер турмысы ҳаққында. Бул мағлыўматлар сақланып қалған архаик мәдениият көринисин этник, социал ҳәм руўхый усаслық бойынша қайта тиклеўге жәрдем берди. Тәс әсири дәўири буннан 2,6 млн жылдан (Кения Рудольф көлинен табылған әййеиги тас қураллар) эрамызға шекем 2 мың жылға шекем (мийнет қуралларын мыстан таярлай баслаған дәўирге шекем) болған ўақытты өз ишине алады. Өз нәўбетинде полеолит басқышындағы ең узақ дәўир дәслепки полеолит болып буннан 40-35 мың жыл алдын тамамланады. Дәслепки полеолитда антропогонез процесиниң жүз бериўи, қазып табылған гоминид қалдықларының өз алдына түрлери жасаған дәўирлерде (зинжантроп, австралопитек, питекантроп,синантроп,неандерталь ҳәм басқа) мәденияттың өз алдына дәслепки үлгилери жүзеге келди : қопал тас қуралларын таярлаў (кескиш, тас найза, қырғыш), оттан пайдаланыў, әпиўайы турақ жайлардың қурылыўы, қоршаған орталық ҳаққында дәслепки қурамалы ойлаўлар пайда болыўына себеп болды.

Децентризм көриниси инсанийат пайда болыўының еки ошақ-Африка ҳәм Азия менен байланыстырады,себеби ең әйемги адам

қалдығы Африка аймағынан табылды.Орайлық Азия, әсиресе Өзбекстан аймағында қазып табылған гоминидларда дәслепки полеолит дәуирине тән. Археолог У.Исмоилов Селунғир үңгиринен тапқан „фергантроп“ қалдығының жасы 700 мың жылға тең.

Дәслепки полеолиттиң ақырғы дәуири көбинесе өз алдына дәуирге ажыралып „орта“ яки „мустье“ деп аталады. Бул нызамлы ҳәдийсе болып, мустье дәуиринде мәдений дөретиўшилик процессиниң өсиўи сезиледи, яғный бул дәуирде неандертальлар пайда болды.Неандерталлар кең аймаққа тарқалып қурамалы ҳәм ҳәр қыйлы қураллар таярлаған, ең әҳмийетилси олардан белгили мәресим ҳәм мәдениятты раўажландырыў басланды. Неандерталлар жасаған үңгирлерден айыўдың бас сүйеги табылған, арнаўлы орнатылған тас сыпа жалыннан қарайған,онда белгили мәресимлер өткерилген. Неандерталлар қәбири көбинесе Шығыс-Батыс бағдары бойынша жайласып, өлик „жанбаслап уйықлап атырған ҳалатта, дизелери көкирегине тартылған, жанына тас қураллар қойылған“. Бул мәресим сол дәуирдеде өлгенне кейинги өмир ҳаққында пикирлер болғанлығынан дерек береди. Неандертал қәбири Өзбекстанның Тесик таш үңгиринен (Сурхандәрья ўалаяты) нан табылған, сондайақ, сол дәуирге тән көплеп мәканлар табылған. (Омронқутан,Зирабулақ, Обирахмат,Кулбулоқ ҳ.б).

Дәслепки полеолитте мәдений орталық болыўы өз алдына жайлар менен шегараланса соңғы полеолитте болса мәдений система сыпатында қәлиплести. Соңғы полеолит басларында гоминид эволюцион жуўмақланып заманагөй „ақыллы адам“ түри пайда болады. Соңғы полеолитте ҳәр түрли тас ҳәм басқа қураллар тгис емес тәризде көбейиўи нәтийжесинде структуралық қураллар-тасма, үшлик ,сондай ақ, тоқымашылық пайда болды. Ҳәм де, дәслепки тәр-типли социал шөлкем- урыў шөлкемлести. Бул революцияның өними инсанлардың тийкарғы антропологик, рүўхый физиологик, руўхый социал ҳәм маьнаўий бирлиги болып, инсанлар шөлкеминиң экономикалық, сиясий, социал, тил, материаллық раўажланыўындағы айырмашылықларға қарамастан тарийхта сақланып қалды.

Манаўий мәдeният дәслеп жүдә әпиўайы болып, сол дәуир адамлардың мийнет искерлиги менен уйғынласып кеткен еди. Әййемги адамлар билим дәрежеси бир қанша шекленген болсада, бирақ жасаў ушын гүрес процессинде әтирап-муҳитти бақлап тәжирийбе топлаған. Нәтийжеде жаңа түсиник ҳәм елеслетиўлер пайда болып, пикирлеў ҳәм сөйлеў раўажланып барды. Бул жәмийет

маьнаўий раўажланыўын тезлестирди. Өзлестириўши хожалықтан ислеп шығарыўшы хожалыққа өтилиўи билим ҳәм тәжирийбениң топланыўы нәтийжесинде жүзеге келди.

Дәслеп әййемги адамлар азық-аўқат излеп өзи жасап атырған орталықты жақсырақ үйрене баслады.бул олардың географик билимин раўажланады. Тәбияттағы бар, аўқат етиўге жарамлы өсимликлерди ҳәм миййелерди излеп табыўы ҳәм бақлаўы нәтийжесинде ботаника билимлери топланған. Жабайы ҳайўанларды аўлаў процессинде ҳайўанлардың түри, жасаў орынларын бақлаў себепли әййемги адамларда зоология билими қәлиплесе баслады. Бул процесслерди үйрениў әййемги адамлар ушын керекли, өмир ушын гүрес, тиришилик дереги еди.

Кеселликти емлеў ушын сол заманның өзине тән әпиўайы медицинасы болып, емлеўде өсимликлер миййелер ҳайўанлар минерал затлардан пайдаланған. Сондай-ақ, массаж усылы менен гейбир кеселликлерди емлеген ҳәм палкерлер. сыйқыршалар, дуўаханлар усылларынан пайдаланған. Ең әййемги адамлар тәбиятты, ықлымды шараяттан келип шығып бақлаўы тийкарында ҳаўа райын алдыннан айтып бериў қәсийети пайда болады. Тәрбияда мийнет ҳәм турмыс пенен байланыслы болып, әдет ҳәм дәстүрлер тийкарғы әҳмийет кәсип етти.

Маьнаўий мәденияттың көринислеринен бири әййемги көркем-өнер ҳәм адамлар мийнет искерлиги менен уйғын ҳалда пайда болған. Урыўшылар жәмәәтиниң пайда болыўы дәўиринде әййемги адамлар көркем өнердиң не екенлигин толық аңламаған ҳалда тиришилик процессинде көркем өнер қәлиплесе баслады. Ең әййемги санаат ҳәр қыйлы болып бир неше түрлерге бөлинеди:

1.Сүйек, тас бөлеги, ағаш, күлалшылар буйымларына сызылған белгилер, адам, ҳайўан ҳәм ҳәр қыйлы нәрселер сүўретленеди.

2.Үнгир диййалларының ҳәр қыйлы реңлер менен исленген ҳайўан,, адам ҳәм буйымлар сүўретленеди. Онда аў, мийнет, урыс ҳәм басқа көринислер сүўретленген. Бундай сүўретлер Туран, Сахара, Орайлық Азия, Батыс Европада көплеп ушырасады.

3. Жар тасларға ойып, сызып, ысқылаў усылы менен исленген көринислерде ҳайўан, буйым, қураллар ҳәм әййемги адамлар мийнети менен байланыслы көринислер орын алған. Жар тас көринислери Азия, Африка ҳәм Европада көп ушырайды.

4.Архаик көркем өнер түрлеринен жәнe бири скультурада урыўшылық жәмәәтиниң раўажланған дәўиринде пайда болып,

тийкарынан ҳаяллар басым емес көпшилиги еркеклер, сондай-ақ ҳайўанлар мүсинлери исленген. Бундай мүсинлер, сүйек, тас ҳәм басқа нәрселерден,таярланған. Мүсин көринислеринде әййемги мийнет ҳәм исеним символлары көринеди.

5.Ислеп шығарыўшы хожалықлар (неолит) искерлиги менен байланыслы ылайдан исленген буйымларға салынған сүўретлерде әпиўайы сызықлар ҳайўан ҳәм өсимликлер сүўретлери ушырасады.

6.Ең әййемги көркем өнер түрлеринен бири-маска әййемги адамлар аўшылық искерлиги менен байланыслы болып, маска кийип ҳайўан сүўретине кирген, ҳайўанларды қорқытып өзлерин қорғаған. Маскалардан үрп-әдет, мәресимлерде пайдаланған.

7.Музыка қосық, ойын ең әййемги көркем өнер түрлери есапланып, әййемги адамлар урып, шертип, үплеп шертетуғын әсбаплар ойлап тапқан.

8.Халық аўызеки дөретиўшилиги-рәўият ҳәм әпсаналарда әййемги дәўир өними болып, әййемги адамлар турмысы, ой-пикири ҳәм кейпиятын сүўретлеген, диний елеслетиўлер қәлиплесиўине тийкар болған.

Улыўма ең әййемги көркем өнер адамлар дәслепки улыўма дөретиўшилиги болып, ол адамлар мийнет искерлиги, ишки руўҳияты ҳәм диний ойлаўлары менен уйғынласқан. Айтыў мүмкин, диний ойлаў ҳәм исеним формалары мәдениятының материаллық ҳәм маънаўий түрлери раўажланыўына нәтийжели тәсир көрсеткен.

Ең әййемги адамлар түрли регионларға тарқалып, тиришиликтиң ҳәр қыйлы түрлери менен шуғыллана баслайды. Тәбияттың ҳәм тиришиликтиң ҳәр қыйлылығы түрли исенимлердиң пайда болыўына себеп болды. Тәбият ҳәм жәмийет ҳәдийселерге байланыслы ғайры тәбийий күшлерге исениў әййемги исеним делинеди. Оның тотемизм, анимизм, сыйқыршылық, фетишизм, сыяқлы түрлери ең әййемги жәмәәт дүзими дәўиринде кең тарқалған.

Тотемизм-жәмәәттиң ҳайўан яки өсимликлер түрлери менен ғайры тәбийий туўысқанлық байланысына исеним болып, аўшылық ҳәм териўшилик раўажланған дәўирде пайда болған. Бул религияда тотем-ҳайўан яки өсимликлар жүдә ҳәм ҳүрмет қылынған.Тотемизмлер биринши басқышында ҳайўан кәраматлы саналып, оны өлтириў яки гөшин жеў қадаған етилген. тек урыўдың үрп-әдет мәресимлеринде ғана ҳайўан гөши желинген.

Анимизм-„руўх“,„жан“ мәнисин билдирип, бул дүньяда руўхлар, жанлар, формасындағы ғайры тәбийий күшлер барлығына

исениў.Тәбияттағы нәрселер адам ҳәм басқалар руўхлары усылар қатарынан. Урыўшылар жәмәәти раўажланыўы менен урыў баслықлары, әскерий жолбасшының руўхына бабаларға сыйыныў пайда болған. Матриархат дәўиринде руўхлар ҳаяллар аты менен аталған. Хожалыық формалары пайда болған соң тәбияттағы нәрселер (қуяш, суў,жерлер) руўхына сыйыныў күшейеди.

Гоминидлер үш миллион жыллар эволюциясы ақырында сөйлеў, дин, көркем өнер пайда болады. Архаик мәденияттың өзгешелиги, оны ҳақлы рәўиште „гомо сапиенс“ жаратқанлығына этнографик ҳәм археологик мағлыўматларға тийкарланып көз алдымызда елеслете аламыз.

Ең әййемги адамлар пикирлеўи анықлық, тәсиршеңлик, пүтинликте парықланады. Ең әййемги адам әсте-ақырын түрли сыртқы ҳәдийселерди сезе баслайды.Ол ыссы ҳәм суўықты, тоқ ҳәм ашлықты, жақсы ҳәм жаманлықты сезеди, жақтылық ҳғм қараңғылықты ажырата алады. О.Фрейденбергдиң пикиринше, онда бақлаў сезими үстем болған. Ең әййемги адамлар тәсиршең, анық сезимлери еле ҳәдийселерди улыўмаластырыў қәбийлетининен жырақ еди. Ол дөгерек әтираптағы ўақыя, ҳәдийселер мәнисин анализ ислей алмайтуғын, нәрсе ҳәм процесслерге бир түрде жантасқан.

Өзбекстан аймағында соңғы полеолит дәўирине тән жар тасқа салынған көринислер ушырамасада, усы дәўирге тийисли 30 дан артық мәсканлар үйренилген, мәселен Самарқанд мәсканы, Ахангарандағы тас қураллары таярланған „устахана“, көкбулақ ҳәм Ақтас мәсканлары.

Өзбекстан аймағындағы ең әййемги сүўретлениў көркем өнер үлгилери ең әййемгиси мезолит-неолит дәўирлерине тийисли болып, олар дүнья сүўрет көркем өнер тарийхының ажыралмас бөлими есапланады. Сондай-ақ, бул сүўретлеў өнери тарийхы бир қатар айрықша көринис, өзине тәнлик ҳәм парықлық тәрепине ийе болып төмендеги басқышлардан ибарат:

1.Үңгирлер әййемги таслар ҳәм түрли жартасларда сақланып қалған әййемги сүўретлер жаратылған дәўир.

2.Ылай, ганч, тас ҳәм ағаштан исленген ең әййемги мүсинлердиң үлгилери ҳәм түрли өнерментшилик буўымларындағы көринислер жаратылған дәўирлер.

Мәмлекетимиз таўлы районларында кең тарқалған жартас сүўретлери ислениў усылларына қарай еки түр: биринши түрлери бояў (охра) менен: екиншиси түрлери болса ойып-ысқалаў-сызыў усыллары менен исленген сүўретлер (петроглифлар). Өзбекстан жартас

сүўретлеринин ең сулыў үлгилери Зарадтсай. Сармишсой, Беронсай, Көксарай, Тақатөш, Тереклисай сыяқлы жүзден зыяты табылған. Бул сүўретлерде ҳайўанат әлеми:Әййемги арыслан ҳәм жолбарыслар қаплан, түлки ҳәм қасқырлар жайранлар.

Бизге мәлим инсан өз мийнети себепли ҳайўанат дүньясынан бөлинп шыққан соң, жасаў ушын гүрес процессинде қаншелли саналы мийнет етсе соншелли жетискенликлерге ерискен. Гүрес ҳәм мийнетте ерисилген жетискенликлер, үрп-әдет, мәресим, дәстүр ҳәм байрам қуўанышты пайда еткен. Мәденияттаныў пикиринше байрам ҳәм мересимлер ең әййемги дәўирлерден-ақ бар болған ҳәм ең әййемги адамлар турмысында әҳмийетли рол ойнаған. Д.М.Генкинниң пикиринше, „мәресим ҳәм байрамлар терең тамыры инсаняттың „гөдеклик" дәўирине барып тақалады". М.М.Бахтинниң пикиринше „Байрам инсаният мәдениятының басланғыш формасыдур".Жоқарыда тилге алынған көринислерде тийкарынан ҳайўанлар, аўға шығыў, аңшылар ойыны сыяқлы сүўрелер ең әййемги адамлар өз мийнети (аўы) нәтийжесиниң салтанатынан дерек береди.

Ең биринши шөлкемлестирилген мәресими-байрамлар, төтемлерге бағышланған Я.П.Белорусовтың пикиринше „ең әййемги ҳәм массалық мәреисмлер қатарына зоофалик мәресимлерди киритиў мүмкин". Бул мәресимлерде түрли орынларда төтем есапланған ҳайўанлар, айыў, жабайы ешки, сыйыр, сууын, ат, қасқыр сыяқлыларға табынған, орта Азияда жылан, буға, қой, ат, арыслан, төтемлери кең тарқалған. Буны биз қазылма естеликлерден табылған әмелий көркем өнер буўымлары мысалында көриўимиз мүмкин.

Миф ҳәм мифология ең алды менен антропоморфизм тәбияттағы нәрселерге де адамға тән деп қараўды ҳәм қудайларды адам сүўретинде елеслетиўди сүўретлейди. Миф ҳәм мифологияның ең әййемги табыныўлардан парқы, әлемдеги барлық мүнәсебет ҳәм қәдириятлар сүўретлеўди өз ишине алады.

Мифологик билиминиң еки тийкарғы социаль ўазыйпасы бар:

1.Усы улыўмалықтың тийкарғы ўазыйпаларын әдеттеги бар болыўын адамлар санасына киргизиў ҳәм беккемлеў әсиресе қәлиплескен қағыйдаларды тастыйықлаў, нызамластырыў ҳәм ҳәтте жәмәәтти тиклеў ҳәм турақлылықты тәмийинлеў ушын оларды дәстүрге айландырыў:

2.Жәмәәтти қорқыўдан азат етиў мақсетинде ҳәм руўхый тынышлықты кепиллеўде қоршаған орталық пенен, пүткил сыртқы әлем менен беккем байланыс орнатыў ҳәм тәмийнлеў.

Миф-дәслепки дүнья қарастың зәрүрий, сөзсиз формасы. Улыўма елеслетиўлер мифлер қәлиплесиўине себеп бола алмайды ҳәм сезимлик  тәжирийбе бақлаўлар ушында, анық емес абстрак пикирлеўлерге де тийкар болаалмайды.

Орайлық Азияда „Неолит“ дәўири бир қанша алдын басланған. Буған мил. алд. VI мың жыллықта Копетдағ етегинде пайда болған Жайтун мәденияты гуўалық береди. Отырықшы дийханлар ҳәм шараўадарлар бул мәдениятты тийкарынан, сабанлы ылайдан қурылған үйлерден ибарат мәсканы болып Иран ҳәм Месопаталия халықлары мәденияты менен жақын қатнасықта қәлиплескен Жайтунлықлар маьнаўий мәдениятының раўажланыўы ҳаққында үлкен улыўма ибадатхана дийўалларына исленген сүўретлер дәлил болады. Мил.алд.YI мың жыллықта Хорезм аймағында неолит дәўирине тән Келтеминәр мәденияты қәлиплести.

Неолит революциясы мазмунына көре архаик мәденияттың ақыры есапланады. Ислеп шығарыў искерлигиниң жаңа түри дийханшылық ҳәм шарўашылыққа өтиў менен инсан тәбиятына ғәрезсиз искерлигин көрсетиў уқыплылығын көрсетти, бул инсанның социал ҳәм маьнаўий жеңиси еди. Егер архаик мәдениятта жәмийет  пикири жетекшилик қылып, урыў ағзасы, урыў мәплери шегарасында искерлик көрсеткен болса, енди индивидуаль сана ҳәм қызығыў күшейе баслады. Неолит дәўириниң ақыры мыс әсиринде тамамланды. Бул дәўирде жәмәәт мүлки орнына жеке мүлик пайда болып, өнерментшилик айрылып шығады ҳәм өним алмастырыў қәлиплеседи. Социал дүзим формасы қурамаласады. Ақсақал ҳәм қәўим жолбасшыларының жыйынының әҳмийети асты.

Билимниң асыўы нәтийжесинде қурамалы буйымлар жаратыла басланды. Қайық ҳәм  желқомлы кемелер, есаб ҳәм өлшеў дизими дөретилди. Жеке мүликшилик пайда болыўы ҳуқықтың қәлиплесиўине алып келди. Айрымлары ҳәзирге шекем сақланып қалған дәстүрлер ҳәм әййемги фольклор үлгилери пайда болды (мифлер, дәстанлар, гүрриңлер, дәстүр қосықлары), жазыўдың дәслепки дизими қәлиплести; пиктографик (сүўрет-жазыў), белги яки ҳиндлердиң түймели жазыўлары. Монументаль архитектура пайда болды. Дәслепки монументал қурылмалар үлкен тас бөлек ҳәм тас  плиталарынан қурылған мегалитлер есапланады. Меголит қурылмаларының түрлери бир-биринен парқ қылады. Мәселен, менгирлер бийик тастан ибарат болып, бийиклиги 20 метрден асады, олар өз алдына яки қатар етип қурылған. Долменлер (тас гүмбезлер) тас плиталардан қәбир яки

мавзолей формасында қурылған. Кромлехлер болса әтирапына таслар қойылған қурылмалар. Ең белгили кромлех Уллы Британиядағы Стаунхендж есапланады. (мил.алд.II мың жыллық басларына тән). Мегалитлер сәждагах ҳәм ибадатлар орны есаплансада, тийкарында олар басқа мақсетлер ушын гөзленген. Мегалитлер халықларды бирлестирип, жәмәәттиң барлық күшлерин бирлестириўге, жаңа социал дизим жаратылып атырған шараятларда инсанларды улыўмаластырыў (социализация)  мақсетлерине хызмет етти. Себеби, мәмлекет дүзилиси процессинде түрли социал қатламлар бөлиниўи болады; басқарыўшылар, маьнаўий мәдений ҳәм билим ийелери руўханый ҳәм әпиўайы бежриўши.

Өзбекстан аймағында  мыс дәўири мил.алдыңғы II мың жыллық басларын өз ишине алады. Тап усы дәўирде ески түрде ғәрезсиз мәдений қәлиплесип анық ажыралады, отырықшы дийханшылық мәсканларындағы мәдений, көшпе даланшылық мәденияты,отырықшы дийханшылық мәденияты дәслеп Сурхандәрья оазисиндеги Сапаллы төбе, Жарқутан мәденияты, Ферғана алабындағы Чуст мәденияты,екиншиси Заман баба, Тазабағжап, Суярган ҳәм Амир абат сияқлы орынларда пайда болды.Өзбекстан қубласы-Сурхандәрья уалаятында ҳәзир де белгили усталар, зергерлер ҳәм өнерментшилер, қурыўшылар жаратқан мәдений ең ески мәдений болып табылады. Мил. алд. XVIII-X мың жыллыққа тән Сапаллы төбе ҳәм Жарқутан мәсканларында әййемги шығыс түриндеги дәслепки қалаға усас цивилизациялар қәлиплесиўи ҳәм раўажланыў процесси билинеди. Сапаллы төбе лабирнтке усас туўры мүйешли көше тармағы ҳәм қорған дизими болған мәсканлар жыйындысынан ибарат. Жарқутанда да монументал қурыўшылар писпеген гербиштен қурылған. Орайда қорған жайласқан үй писпеген гербиштен бийик көтерилип қурылған. Еки мәсканда да мыс еритиў,тоқымашылық, гүлалшылық, зергершилик: сүйек, тас, ағашқа ойыў бериў гүллеп раўажланған. Түрли гүлалшылық буйымлар гүлалшылық әспабларында писирип сапалы таярланғанлығы, формасының  сулыўлығы гүлалшылық тараўының техника ҳәм технологиясы жоқарылығын дәлиллеп береди. Табылған үлгилерде мәлим болыўынша Өзбекстанның түслигинде жасаўшы халық әййемги шығыс әсиресе ҳинд оазисиндеги Харанка цивилизациясы үлгилери менен кең түрде бирге ислескен. Мыс дәўиринде мәдений естеликлери Әмиўдәрья ҳәм Зарафшан төменги ағымынан, Ташкент оазисинен, Фаргана алабынан, Самарқанд ўалаятынан табылған. Олар

шарўа урыўлар мәдениятынның пайда болыўы ҳаққында қымбатлы мағлыўматлар береди. Шарўа урыўлары мыс дәўирнде отырықшы турмыс тәризине көше баслады, бир бөлими дийханшылық пенен шуғылланды,кейин ала көшпели шарўаларға айланды.Архаик мәдениятының орнына әййемги цивилизация мәденияты орнатылды: қурамалы социал дизимге ийе болған дәслепки мәмлекетлер,диний ҳәм нызамшылық формаларын раўажландырыўы,қала ҳәм жазыўлар. Бирақ Архаик мәденияты изсиз жоғалмады. Оның айырым қырлары дүнья халықлары мифологиясында, фолкьлорында инсан руўхиятын терең архитектурасында сақланған. К.Юнг теориясына қарасақ архетиплер„Санасыз жәмәәт“ руўхый дизими болып табылады. Олар заманнан тысқарыда көринип, соған муўапық тәризде келбети,жасаған ҳәм жасаўшы инсанлардың сезими ҳәм пикири қәлиплеседи, символлық көринислерде мифологияларда сәўлеленген жәмәәтке тән болған тарийхый тәжирийбеде әлемди аңлаўдың әййемги формалары сақланған. Адамлар көбинесе өзлери байқамаған ҳалда ол яки бул дәстүрлери менен ондағы архетип символлардан ажыратылған ҳалда жасайды.

Таяныш түсиниклери

Архаик мәдений, полиолит, неолит, тотем, анемизм, фитишизм, мифология, мәресимлер, монументаль, мегалит, менгир, долмен, Орайлық Азия,әййемги цивилизация.

## *5-Тема: Традициялық мәдений*

### *Режеси*

1.Әййемги шығыс мәдениятының келип шығыў шәрт-шараятлары.

2.Әййемги шығыслылар дүнья қарасы ҳәм пикирлеўиниң өзине тән өзгешелиги.

3.Әййемги Шығыстағы ири мәдений (Мысыр,Месопотамия,Ҳинд, Қытай) өзине тән көриниси.

4. Антик мәдений. (Әййемги Рим ҳәм Греция).

5.Орайлық Азиядағы әййемги мәденияттың өзине тән өзгешеликлери.

Әййемги Шығыс аймағында мил. X-VII мың жыллықта инсаният цивилизациясы ҳәм мәденияты раўажланыўының дәслепки дәўири менен байланыслы болған ең әҳмийетли процесслер жүз береди. Бул дәўирде шығыста мәдениият искерлигиниң түрли формалары ҳәм салалары пайда болып жазыў, әдебият, көркем өнер, биринши дүньялық дин буддизм пайда болады.

Бул басламаның процессиз инсаният мәдениятының кейинги барлық раўажланыўын көз алдымызға келтириў қыйын.

Әййемги шығыс түсиниги, шығыс ҳаққындағы ҳәзирги түсиниклерге сәйкес емес себеби әййемги шығыс жер шарының мысрдан Қытайға шекемги болған кең аймағын өз ишине алып бул жерде мил.алд. VII мың жыллықтан баслап инсаният тарийхында дәслепки цивилизация пайда бола баслады. Мәденияттың қәлиплесиўи ең үлкен дәрьялар Нил Дажла ҳәм Фрот, Ҳинд ҳәм Ганг Хуанхэ ҳәм Ян-цзи алабында яғный, дийханшылық раўажланыўы ушын қолай имканиятлар болған жарлерде жүз берди. Тап усы жерлерде дәслепки мәмлекетшилик дүзилиси сиясий ҳәм диний саўда орайы сыпатында қалалар, жазыў пайда болды. Бул жерде дәслеп руўхый мәдениият ислеп шығылғанын мийнет искерлигинен бөлинип, ғәрезсиз искерликке айланады. Жәмийетлик турақлылықта өз алдына адамлар қатламы басқарыў, тәлим мағлыўматларды топлаўшы ҳәм жеткериўши салаларында шуғылланғанлар бөлинеди ҳәм көбейип барады.

Мыср Месопатамия, Ҳинд ҳәм Қытай цивилизациялары ең гүлленген ҳәм ири мәдениятлар еди. Бул мәдениятлар тәсиринде Урарту, Финикия, Хэтт, Элам цвилизациялары қәлиплесип инсаният мәденияты тараўларында сезилерли тәсирге ийе болды.

И.П. Вейнбергтиң белгилеп өтиўинше,Әййемги Шығыс мәдениият „дәслепки изертлениўши ҳәм тийкарын салыўшы сыпатында үлкен миссияны“ бежереди:жазыўды ислеп шығыў ҳәм мәмлекетшилик фундаментин қурыў, өзиниң этник кәсиплик, мүлклик ҳәм социал аўҳалы менен парықланыўшы адамлар бирге жасаўы ушын шәраят жаратты. Егер басқа мәдениятлар әййемги ҳәм ертедеги Шығыс мәденияттың өзи әййемгилик бир тәрзинде қәлиплести.

Әййемги орталық тәсири күшли ҳәм бәрҳама болды. Әйемги дәўирден мийрас болып мифологик пикирлесиў усылы, сөз ҳәм искер өтти. Соның менен бирге ерте Шығыс мәденияты үлгилери өз дүньясын „баслаўшысы“ „жаңалықларды“ өзине тән салмақлы сезди. Мыср,Месопотамия, Ҳинд, Қытай мифологиясында тек ғана

„дүньялық жаратылыў“ (аспан, жер, ҳайўанлар, инсан) темасы емес, бәлки бул рәўиятлар жаратылыўы темасында үлкен орын ийелейди. „Энклар ҳәм дүнья“ (Месопотомия), тәңри Птах ҳаққында (Мыср), Қытайлық әпсаниўий ҳүкимдары ҳаққындағы мифлерде қудайлардың ҳәм бабалардың дийханшылық ҳәм өнерментшилик ойлап табыўлары, дәслепки қалаларды жаратыўшысы, мәмлекетшилик ҳәм динди орнатыўшының нызам ҳәм жазыў дөретиўшилери сыпатында. яғный әййемгиликтен парықланыўшы цвилизацияның барлық жеңислери жаратыўшысы болып сүўретленеди. Сондай-ақ мифлерде бир-бирине мас келмейтуғын қарама-қарсы ҳәм бул еки дүньяның душпанлығы темасында сүўретленеди.

Ертедеги Шығыс халықлары үрп-әдетлери ҳәм шешимлери ҳаққында мағлыўматлар түрли дереклерде әдебият ҳәм искуства естеликлеринде сақланып қалған,бул бизиң ой дүньямызды кескин парық қылыўшы әлемге баслайды. Ертедеги Шығыс мәденияты қәлиплесиўинде мифологик пикирлеў үлкен роль ойнаған.

Мифологик пикирлеў бул предметлик-сезимлик жанлы пикирлесиў жетерли раўажланбаған абстракт түсиниклерге тән болып, бундай түсиниклерди ислетиў ҳәм сөзде оларды сүўретлеўлер төменлиги ҳәм қыйынлығында (Шумерлилер „өлтириў“ деген сөз орнына „басына таяқ пенен урыў“ деген.)

Әлемди мифологик елеслетиў оның жүдә ҳәм тәртипли, қатаң иерархик қурылысында сүўретленип, оның тийкары ҳәр қыйлы оппозицияның дизими есапланады. Әне усылар мифологик символлық классификациялаў дәслепки „фундамент“ есапланады. (Қарама-қарсы тип:: жоқары-төмен, оң-шеп, аспан-жер шығыс-батыс, күн-түн, биз-олар, үлкен-киши, ер-ҳаял, өмир-өлим ҳ.б.) Сондай ақ,оң, жоқары, үлкен, жақын,өз, жарық дәстүрге тән ҳалда қарама-қарсылықтың унамлы тарепин, шеп, төменги, киши,узақ, бийгана, қаранғы болса унамсыз тәрепин белгилейди.

Әййемги Шығыс мәдениятында дәстүрлерге тийкарланыў үстем турады. Бабалар дәстүри, тәжирийбеси толық ҳақыйқат сыяқлы баҳаланған. Толық ҳақыйқат ҳүкимранлығы менен Д.С.Лихачев белгилеўинше „әдеплилик“ байланыслы болған. Ертедеги Шығыс адамының әдеп-икрамы ҳәрекет ҳәм искерликте әдиўли дәстүрлерди қайта тиклеўге қаратылған. „Илаҳий орнатылған“ норма ҳәм қағыйдаларға барып тақалады.

Мифологик пикирлеўден өзине тән өзгешеиги сонда, әййемги шығыс адамы өзин ҳәр дайым социумның бир бөлими деп сезген,

социум болса аспан күшине байланыслылықта, тәбиятқа араласқан ҳалад көринеди. Ерте Шығыс мәденияты түрли қырларында шахсты индвидтиң турмыс шәраятларын белгилеўши тийкарғы салаларға қарағанда екинши дәрежели есапланған.

Ерте шығыста мәканлар пайда болыўы, шегараланыўы өз алдына орын тутады. Ерте Шығыс мифологиясында космогенез процесси Хаостың бөлиниўи сыпатында көринеди. (Мысал ушын, ҳиндлерде Индра ҳаққында миф, Месопотамияда Мардух ҳаққында). Тәртипли уйымласқан мәкан, бийтәреп мәканға қарама-қарсы қойылды. Тәбийий түрде тәртипли, шөлкемлескен мәкан бир „жақсы“, „өз“ мәканның, оннан тысқарыда „жат“, „анық“ бийтәртип шөлкемлеспеген мәканы көркем дөретиўшилик шығармаларында басқа халықлар өзине тән кийими, шашы, турмысы өте дыққат пенен анық тап өзиндей сүўретленеди барлық қырларында қарам-қарсы әлемниң парқы белгилеп өтиледи.

Өзиниң мәканында унамлы өзгешеликке ийе болыўда мәмлекет тийкарғы рол ойнайды. Соны белгилеп өтиў керек, ерте шығыста мәмлекет әпиўайы сиясий ҳәкимият сыпатында өзин таныстырмады, мәмлекет дин менен уйғынлықта сиясий-диний барлық жыйындысында кәраматлылық  өзгешелигине ийе болды. Тийкарынан руўхый искерлик мәмлекет монополиясы есапланып. оның менен илаҳий яки пидайылық мәртебесине ийе болған ақсүйеклер, руўханыйлық ҳәм ҳүкмдарлардың өзи тәрепинен әмелге асырылған.

Шах жер ҳәм аспан ортасындағы бас байланысшы яки Неб қудайының улы болған, яки қудайлардың атынан басқарыўға „мандат“ алған. Бобил шахы жаңа жыл байрамында бас қудай Мардук ибадатханасына барған. Ибадатханаға кириўде руўханый шахлар барлық нәрселерин алып қойып: (тажы, ҳассалы, кийимлерин), оны кемситкен ҳәм урған, соннан соң аяқ кийимсиз, әпиўайы жыртық кийимде ибадатханадан шығыўға рухсат берген. Яғный дәслеп шах әпиўайы адамға айланыўы, ибадатханада болса оны Марқус қудайы және кейинги үш жыл ушын ҳүкмдар етип сайлаған. Тек ғана Мысыр фараоны оның атасы-Қудай Амон-Раға,Қытай император бул өткериў ҳуқықына ийе болған. Шахстың тийкарғы ўазыйпалары пухараларға байланыслы ислер болған: мәмлекетте тәртип ҳәм тынышлық, материаллық, параўанлық социал әдалатты тәмийнлеў.

Ертедеги Мысырдағы „Гераклиопол шахстың өз улы Мерикарға нәсиятлар“ ында айтылыўынша: Ҳақыйқат орнат ҳәм жерде узақ жасайсаң. Сен сондай қыл, жылағанды жубат, жесирге жәбир етпе,

инсанды атасының мал-мүлкинен бийнесип қылма. Ҳүкимдар жеринде тәртип интизам бойынша үлкен миссияны бежерип, гейде жүдә үлкен муғдардағы қурылыс хожалық искерлиги әмелге асырған. Уллы ҳәм бийик Мыср пирамидалары, Уллы Қытай дийўаллары, Баолбег мавзолейи, Персеполь сарайы қурылмалары қудайлар алдындағы ҳүкмдарлардың „унамлы“ қәсийетинен дерек береди.

Диний догмалар ҳүкмдарлығы адамлар түрлеринен белгиленеди. Инсан аспанды, қудайлар дүньясы ҳәм жерди адамлар дүньясы деп билди.

Қудайлар, инсанлар өмириниң барлық салаларында актив араласқан оның туўылыўы өлимлик ҳәм өлимнен кейинги тәғдири белгиленген. Сол дәўирлерде диний тәлийматтан басқа ҳеш қандай дүнья болмаған. Инсан қудайлардан ҳәтте арзымаған нәрселер ҳаққында мәслаҳат сораған,ҳәм оған хатлар жазып ибадатханаға алып барған мысал ушын Ертедеги Бобил пухараларының хатының биринде сондай сөзлер бар: „Мениң атам, Қудай айт! Сениң қулың Апил-Адат сондай дейди сен маған итибар қылмайсаңЎ сеннен басқа ким ҳәм барЎ сени сүйиўши қудай мардукке жаз, мениң гүнамнан өтсин“. Барлық ертедеги шығыс цвилизациялар тәбийий илимий билимлерде топлап үлкен нәтийжелерге еристи ҳәм дүнья илими раўажланыўында үлкен тәсир көрсетти. бизге шекем жетип келген.Папирус жазыўлары Мысырлылардың математика ҳәм геометрия (түрли формалардың аўырлығы) астрономия, медицина, химия, салаларындағы кең түсиниклер дәлиллеп береди. Әтираптағы мәмлектлерге Месопотамия математика ҳәм астрономиясы үлкен тәсир көрсетти. Ҳәзирге шекем биз Месопотамияда дүзилген ўақыт ҳәм мүйеш өлшеми ушын 60 бөлекли дизимнен пайдаланамыз. Месопотамиялық математика ҳәм астрономияға тән изертлеўлер ислеп, ай фазаларын бөлиў дизимин жаратты, қуяш дүзимине тән процесслер жулыз ҳәм планеталар дизими, көплеп ҳәрекет ҳалатынан анықлаў бойынша жаңалық киргизди. Еки дәрья аралығы астрологияның да ўатаны болып табылады. Әййемги Ҳинд ҳәм Қытай илимиде көплеп жеңислерди қолға киргизди. Ҳиндистанда нольден пайдаланып онлық санақ дизими жаратылыўы менен алгебра раўажлана баслады. (Сан түп сан, синус сыяқлы атамалар Ҳиндистанда пайда болды.) Өлим себебин анықлаў мақсетинде өликти анатомик изертлеў тәжирийбели анатомик изертлеў тәжирийбелери анотомия ҳәм физиологияны раўажландырып, медицинада үлкен жеңислерге ерисилди, Ҳиндистанда медицина раўажланыўы ҳаққында медицинаға тийисли

шығармалардың биринде  хиругияның 300 түри болғанлығы ҳәм 120 хиругия әсбабы бар екенлигин еслетиледи. Ҳәммеге мәлим Қытай жипек, шийше ҳәм қағаздың ўатаны есапланып, мил.алд. II әсирде ойлап табылған, сондай-ақ Қытайда порох, компас, (мил.алд.Ш әсир) жерсилкиниўин анықлаўшы әсбап (сейсмограф) та ойлап табылған.Мил. алд. 613 жылға тийисли Қытай қолжазбалары табылып онда Галлей кометасы ҳаққындағы ең ески мағлыўматлар ушырайды. Мил. алд. II-әсирде Қытай аспан денелери ҳәрекетлери сүўретлеген биринши аспан глобусы 2500 аспан денесиниң орны көрсетилген жулдызлар каталогы жаратылған. Жаңа календарь жәоияланып (мил. алд.104 ж) онда бир жыл 365 24-1 күнге тең болған.Мил. алд. 28 жылда Хан астрономлары қуяшта дақлар бар екенлигин бақлаған. Бир тәрепте Мыср ҳәм месопотамия илими, басқа тәрепте Ҳиндистан ҳәм Қытай илиминде әҳмийетли илимлер болып бириншиден илим жүдә әмелий қәсийет кәсип етип. екиншиден-илимлер теориясы. философия раўажланыўы Батыстан кескин парық қылған. Бул парықты К.Ясперс тәрепинен жаратылған оқ дәўири теориясы менен сүўретлеў мүмкин. Буған қарағанда мил.алд. 800 ҳәм 200 жыллар аралығында әҳмийетли тарийхый бурылыс болып, мифологик дәўир ақырына жетеди, рационал сана қәлиплеседи, ҳәзирге шекем бар болған тийкарғы түсиник ҳәм классификация ислеп шығылды. Бул дәўирде Ҳиндистанда Упанишадалар пайда болды, Будда жасады. Қытайда белгили философия мектеплери раўажланды. Иранда Зороастризмди қабыл қылып, нызамластырылды. Палестинадан пайғамбарлар шықты, Грецияда бул ўақытта Гомер, Гераклит,Платон ҳәм басқалар искерлик көрсетти. К.Ясперс Мыср ҳәм Месопотамия мәдениятлары оқ дәўирине шекем болмағанлығын, яғный буларда есте қаларлы бурылыслар болмағанлығын, Ҳиндистан Қытай мәдениятларын оқ дәўиринен кейин итибарлы деп биледи. Ҳиндистан ҳәм Қытайда  тәбийий техника илимлери ертерек қәлиплести ҳәм өз нәўбетинде өнимли раўажланды. Бирақ бул илимлер батыстағы сыяқлы мәдениятқа сезилерли тәсир көрсетпеди. Бул жоқары ҳақыйқатты аңлаў жолындағы ғәрезсиз тәлиймат болып қалыў менен байланыслы. Мәслкен Ҳиндистанда билим үш дәрежеге бөлинеди:

1.Билмеслик (авидья)

2.Түсиник илимий бөлим (вижняна)

3.Ҳәмме нәрсени билиў (пражня), яғный биринши дәреже түсинбей пикирлеў, екиншиси-түсиник, үшиншиси түсиниўден үстем пикирлеў муўапық келеди.

Жер жүзиндеги ең гүлленген ҳәм бир қатар үйренилген, көплеп халықлар мәденияты раўажланыўына үлкен тәсир көрсеткен мәдениятлардан бири-әйемги Мысыр мәденияты болып табылады. Қәдимги Мысырлылар қолланған сөзлер „папирус“, „оазис..“, „химия“, „базальт“ ҳәм басқалар ҳәзирде қолланыўда сақланып қалмақта. Мысырда түрли, араласып кеткен табыныўлар дизими болып: қудайларға сыйынған, жәниўар, өсимликлер, топырақ, суў, Нилди кәраматластырған Қуяшқа. тири қудай Фараонға сыйыныў нызам түсин алған.

Мысырлылар мәдениятында жерлеў мәресими өз алдына орын тутқан. Олар өлимди инсанлар екинши өмири басланыўы деп билген. Мәңги өмир түсиниги Осирис ҳәм Изида ҳаққындағы мифтан пайда болды. Ески грек жазыўшысы Мысырлылар өмири өлимге таярланыўдан ибарат деп бийкарға жазбаған.

Мысырлылардан парықлы ески Месопотамия халқы жердеги турмысқа көбирек итибар берген. Өлим менен ҳәммеси питеди деп ойласада, о дүньяға исенген. Мысырлылардан парықлы рәўиште о дүньяда инсан руўхы мәңги суў ҳәм аўқатқа зар болып жасайтуғын қорқынышлы дүнья деп ойлаған. Шаруппаклар Месопотамиялылар нәсиятында айтылыўынша „Шийрин турмыстан басқа бирде-бир нәрсе азиз емес“. Месопотамиялықдың қуўанышлы турмыс ҳаққындағы көз-қараслары „Гилгамиш“ дәстанында да сүўретленеди. Олар жеке турмыс проблемалары менен көбирек қызыққан.

Ҳиндистан биринши дүнья дини буддизм ўатаны болса да, Ҳиндистанда иудаизм екинши дәрежеде турады. Бул еки динде „Веда“ да сәўлелендирилген ески пикирлеўлерден келип шыққан. Ҳиндлер дүнья қарасы ҳәм барлық түсиниклерди белгилеўши орайлық идея,ҳинд мәдениятының өзине тән өзгешелиги-дүньяда болып атырған таўсылмайтуғын үзликсиз ҳәрекет идеясы есапланады, яғный дүньяның айланыўы я исеним я тамамланыў яки анық мақсетке ийе емес. Дүньяның бәрҳама айланыўында қайта жаңаланыў ҳәм дүньяўий илаҳий руўх белгиси-индивидуаль руўх болады, бунық ушын инсан денеси болыў шәрт емес, яғный руўх жәниўарлар, өсимликлер денесине жайласыўы мүмкин. Ҳиндлер усы тәризде өз дүньяға көз-қарасынан о дүнья ҳаққындағы идеяны қабыл қылмаған. Абсолют „дүньялық нызам“ барлық ҳүкмдары Брахман әлеминиң обьектив басламасы оларды салыстырғанда анық қудайлар роли онша үлкен емес, тек ғана „Дүньялық нызам“ принциплерининң индивидуалласқан тымсалынан ибарат болып есапланады. Ҳеш ким, сондай-ақ қудайда

инсан кармасын өзгерте алмайды. Карманың санскрит тилинен аўдармасы „искерлик“ (тәғдир) ди билдиреди. Бул түсиниклер мазмунын анықлаў қыйын. Карма инсанлар алдыңғы өмиринен мийрас болып өтеди ҳәм ҳәзирги өмириниң мазмуны ҳәм искерлигинде көринеди, ол болатуғын материаллық тымсалдың сыпатын белигилейди. Гүналарды кешириў ҳаққында сыйыныў ҳәм Карманы өзгертиў мүмкин емес, тек ғана инсанлар әдеп-икрамлылық характерин белгилейди. Соның менен бирге ҳәр бир ҳинд ҳәм буддист ушын өзин-өзи билиў ҳәм өзиниң камалына жетиў, өз руўхый ҳалатын анықлыў, өз кармасының таза сақланыўы ҳаққында ойлаў тийкарғы есапланады.

Бул Ҳиндистандағы динлер искерлигинен ўаз кешиўге шақырады деген сөз емес, бәлким олар дүньясыз тәшўишлерге бийпарық болыўға бағдарлайды десе болады. Ҳинд мәдениятының пүткил мазмунында сыртқы ҳәм ишки ўақтынша ҳәм мәңгилик ортасындағы тең салмақлылықты сақлаў зәрүрлиги ҳаққындағы пикир жатады.

Қытай мәдениятының өзине тән парықлы тәрепи сонда, әййемги динлердеги мистик шешимге исенимге әдеп-икрамлылыққа қарағанда екинши дәрежеде қаралған, мәденияттағы белгилеўши идея Аспан тастыйқлаған уллы „материаллық-социал-сиясий тәртип“ болған.

Қытай мәденияты цвилизациясының мың жыллар даўамында тийкарғы руўхый, мораллық ҳәм идеялық дереги мил.алдыңғы 551-479 жыллары жасаған уллы философ Конфуций тәлийматы есапланады. Барлық ең әҳмийетли нәрселер ҳәр қандай цвилизацияның „сүўретин“ белгилеўди-өмир принциплерин, мәмлекет ҳәм социал шөлкем формаларын, улыўма қабыл еткен мораллық нормалар ҳәм қәдириятлардың барлығы Қытайда Конфуцийлик тәсиринде қәлиплескен. Соның ушында Л.С.Васильев Конфуцийлықты „қытай цивилизациясының квинтэссенциясы“ (мазмуны) деп атаған.

„Аспан ўәкиллиги“ бағдары Конфуций тәрепинен жаңаша пикирде раўажландырылып, онда жәмийетлик мораль тийкарғы орын тутады ҳәм сиясий мәдениятты белгилейди. Дәстүрлерди ҳүрметлеў, парызды жуўапкершиликти сезиў моральлық сыпатының жоқарылығы, өзин жәмийет ушын бағыўшлаў, бәрҳама ҳақыйқатты аңлаў ушын урыныў, исеним сыяқлы идеаялар басқаларды басқарыўды қәлеўшилер ушын бағдар болған. Бул идеялар мәмлекеттиң бас таянышы болып, Қытай империясы төрелери ушын үлги болды.

Конфуцийликти Қытайда пайда болған екинши уллы философиялық тәлийматлар даосизм толтырды. Даосизмде турмыс,

тәбият, улыўмалық мәселелери сәўлеленеди. Егер конфуцийшилик инсанның социал искерлигин нәзрде тутса, даосизмде оның руўхый турмысы, дүньяға көз-қарасы сәўлеленеди. Даосизмде әййемги Қытайдағы пикирлердиң бас идеясы сәўлеленип, дүнья мәдениятын жаңа өмир менен бапйытты. Оның идеялары: инсанның пикирлерине тийкарланған дүньяның дуалистлик өзгешелиги: усин-бес тийкарғы элементтен ибарат болған материя (жер, суў, от,металлдан) дүньяның өзгериўшең ҳәрекетте екенлиги, тийкарғы элемент ҳәр дайым сыпат өзгериўинде болыўын билдиреди.

Даосизмде дүньяның пайда болыўы үш күштиң искерлигинен келип шыққан: Дао-жоқарғы, абсолют дәслепки исеним Дэ-дао нурынан дүньяның пайда болыўы, Ци-жоқарғы материя, ол материаллық дүньяны жарататып, зат ҳәм жанзатларды жаратады.Әйемги Шығыс цивилизациясы әййемги батысқа салыстырсақ ертерек басланады. Греклер мәденияты Әййемги Шығыс мәденияты тәсиринде жүдә раўажланды, буны эллинлардың өзлериде белгилеп өткен. Бул тәсирлер нәтийжесинде Шығыс ҳәм батыс мәденияты синтезм элеминистик мәдениятты пайда етти. Грек Бактрия ҳәм гандхар искусствосы, искандрия илими, фаюм портретлери буған мысал бола алады. Әййемги Шығыс бизге мәңги байлықларды қалдырды. Булар „Гилгамеш“, „Мохабхорат“ дәстанлары, Калидаси драммалары, Чжуанцзидиң, символлық тымсаллары, Мыср пирамидалары ҳәм Уллы Қытай дийўалы ҳәм басқалар.

Әййемги Греция ҳәм Рим мәденияты тәсиринде қәлиплескен бул мәдениият традициялық мәдениият раўажланыўы дәўириниң даўамшысы ҳәм жуўмақлаўшысы болды. Әййемги Грецияда қәлиплескен кейин ала жоқары мәдениятқа көтирилген, бул мәдениият эрамыздан алдын III-әсирде Рим мәдениятыы жаралыўына үлкен тәсир көрсетти ҳәм „Антик мәдениият“ деп аталыўы менен дүнья мәденияты тарийхында өшпес из қалдырды.

Латын тилиндеги „антик“ (антигууs) сөзиниң мәниси „әййемги“ демекдур. Лекин тарийхый дәўир көз-қарасынан қарайтуғын болсақ Антик дәўир әййемги дүньяның ақыры-әййемги мәдениият ҳәм ҳәм мәмлекетшиликтиң ең раўажланған басқышы болып есапланады. Бул дәўир тийкарынан Греция ҳәм Рим ушын характерли болып, Грецияда мил.алд. XI-IX әсирлерде антик жәмийеттиң шөлкемлесиўинен басланып, мил.алд. Y-IY әсирде антик (классик) мәдениият эволюциясы менен толық мәни мазмунға ийе болды. Милодий 6

әсирде варварлар тәрепинен Рим империясының қулатылыўы Антик мәденияты кризиске алып келди. Сондай-ақ, Грек-рим жәмийети ҳәм мәдениятына қарағанда қолланып киятырған „антик“ сөзин көбирек Европаға тән ҳалда аңлаў керек, себеби Европа халықлары өзлериниң мәдений раўажланыўы жолында тек ғана грек-рим мәденияты менен байланыслы болғанлығы себепли, усы халықлар дөреткен маьнаўий байлықларды ең әййемги деп таныған. Өз орнында Антик мәдений грек-македонлар ҳәм Рим тәсиринде Эгей теңизинен Ҳиндистанға шекем ҳәм Мысрда пайда боыўында ҳәм космополитизм (жәҳән пухаралығы) түсинигине тийкар салды.

Барлық әйемги мәдениятлар сыяқлы грек классик (антик) мәдениятының әҳмийетли структуралық бөлеги дин болған. дин архитектуралық, сүўретшилик, әдебиятының әжайып үлгилеринде өз сәўлесин тапты. Әййемги грек дининиң тийкарғы формалары архаик дәўирден ақ қәлиплескен, оның тамырлары болса ең әййемги крит-микен дәўирине ҳәм әййемги шығыс тәсирлерине барып тақалады.

Ең әййемги жәмәәттан класслық жәмийетке өтиў дәўиринде қудайлар ҳаққындағы көз-қараслар өзгереди. Эрамыздан алдын YШ-YII әсирлерде көплеп жергиликли ҳәм айрым улыўма грек қудайларын тәртипке салыў итияжы туўылды. Архаик дөўирде (мил.алд.YШ-YII әсирлерде) ги динниң раўажланыўы бул антропоморфизмдан, мәңги жас болып туратуғын күшли, гөззал инсанлар деп ойлаўдан ибарат еди.

Қулшылық мүнәсебетлердиң қәлиплесиўи ҳәм социал аўҳал Геснодтың „мийнетлер ҳәм күнлер“ поэмасында сәўлелендирилген. Сондай-ақ, диний мифология ҳәм Геснод тәрепинен тәртипке салынған қәлпинен антик дәўирдиң ақырына шекем греклердиң көз-қарасында бар болып келген. Греклер үшинши әўладқа тән бас қудайлардың мәканы Олимп таўы деп билген.

Греклердиң пикирлеўинше, әлем алды менен Хаосдан ибарат болған, Жер-Гея ҳәм жер асты әлеми Тартар ҳәм болған. Геядан улы Уран-аспан қудай келип шыққан. Уран менен Геядан титан Кронос туўылған ҳәм өз атасы Уранды аўдарып таслаған. Булар титанлар үлкен қудайлар. Кроностан Аид, Посейдан,Гестия, Демитра, Гера ҳәм Зевс сыяқлы киши қудайлар келип шыққан. Зевс-бас қудай, жылдырым шашатуғын деп еасапланған. Оның ҳаялы Гера-аспан қудайы ҳәм неке ғамхоры болған. Посейдон-теңиз қудайы, Демитра мол ҳасыл қудайы, Гестия-үй рузыгершилик қудайы, Аид жер асты әлеми қудайы есапланған.

Греклер дининде тотемизм қалдықлары болған, яғный қудайларға қандай да бир қус яки ҳайўан аталған. Сондай-ақ, греклер екинши дережели қудайлар Нимфа ҳәм Кентаврлерге сыйынған. Ойлаўынша тоғайлықларда дриадалар, нимфалар, ешкиаяқ сатирлер жасаған. Қудайлардың әпиўайы ҳаяллар менен байланысынан туўылған ярым қудай қаҳраманларда ҳүрметленген. Әсиресе 12 мәрте ерлик көрсеткен Геракл-жаўызлықты жеңиўши образ болған.

Грецияда қудайлар ҳүрметине өткерилген арнаўлы байрамлар тек ғана диний мазмунға ийе болмаған, себеби физикалық тәрбия жарыслары ҳәм де музика, қосық сияқлылар бул байрамлардың ең әҳмийетли ислери есапланған. Грек қалаларында Аргоста Гера, Афинада Афина ҳүрметине байрамлар өткерлиген. Олимпиада қаласында Зевс ҳүрметине Олимп жарыслары болған.

Грек алымлары Әййемги Мыср, Месопотамия ҳәм Киши Азия халықларының билимлерине хабары болған. Милад.алд YII-YI әсирлерде Грецияда мәденияты ҳәм илис раўажланып Геродот, Демокрит, Пратагор, Гиппократ, Сократ, Аристотель сыяқлы алымлар жасаған.

„Тарийхтың атасы“ деп аталған тарийхшы Геродот „Тарийх“ китабында түрли халықлар ҳаққында мағлыўматлар жазып қалдырған. Демокрит болса (мил.алд. 460-370) „Ҳәмме нәрселер ең майда бөлекше, атомлардан пайда болған“ деген пикирди айтқан. Кос атаўында туўылған тәўип Гиппократ (мил.алд 460-375 ж) медицина билимлерин Гераклиттен үйренеди. Ол шәкиртлери менен 72 китаптан ибарат „Гиппократ топламы“ атлы медициналық шығармаларда жазған. Македония сарай тәўибиниң улы Аристотельди (мил.алд. 384-322 ж.) Шығыста „биринши муғаллим“ деп атаған. Ол жер космостың орайы деп есаплаған. Оның белгили шығармасы „Сисясат“ болып табылады.

Греция әпсана ҳәм раўаятлар журты болып әййемнен әдебият раўажланған. „Прометей“, „Геракл“, „Дедал ҳәм Икар“, „Аргонавтлар“, „Одиссея ҳәм Илиада“ сыяқлы әпсана ҳәм дастанларда греклердиң турмыс тәризи ҳәм тарийхы баян етилген.

Дәстан ҳәм әпсаналар театр ушын бай мағлыўмат берген. Әййемги грек театры мил.алд. YI әсирлерде аўыл хожалығы ғамхоры қудай Дионископ арнап өткерилетуғын байрамлар ўақтында айтулатуғын қосықлар ҳәм ойынлар тийкарында пайда болған. Греклер театрды „үлкен жастағылар мектеби“ деп айтқан.

Театр грекше „тамашалар жайы“ деген мәни аңлатады. Грек театрына 17-25 мың көриўши жайласқан. Авторлар әпсана ҳәм рәуиятлар тийкарында трагедияларжаратқан. YI-IY әсирлерде Эсхил, Софокил, Еврипид Трагедияларын ҳәм Аристофан комедияларын адамлар сүйип көрген. Эсхилди „трагедияның атасы“ деп атаған. Оның „Шынжырланған Прометей“, „Парсылар“ трагедиялары, Софоклдың „Шах Эдип“, „Антигона“ трагедиялары белгили болған.

Аристофан „Тынышлық“ „Суворий“ деген комедияларында урыс ўақыяларын ҳәм сол дәуирдеги иллетлерди сүўретлеген.

Афина  акрополындағы Парфенон, Эрехтейон ибадатханалары грек архитектурасының сай көркем шығармасынан болып ҳәзирге шекем сақланып қалған.

Эллинизм дәўиринде (мил.алд. III-II әсирлер) мәденият ҳәр қыйлы болып, илим-пән раўажланды. А.Македонский жүрислери менен бирге Жақын ҳәм Орта Шығыс мәмлекетлери мәдениятына уйғынласып, мәденият сентеизм жүз берди. Грек македония ҳәм Эллинласқан жергиликли ақ сүйеклер арасында улыўма грек тили „Койне“ (улыўма) кең жайылды. Дүньяға жаңа көз-қарас философиялық  түс алып космополитизм (жәҳән пухарасы) исми менен белгили болды.

Орайлық Азия мәденияты дүнья мәденияты тарийхында әҳмийетли орын тутады. Оның орта әсирдеги мәдениятына пүткил дүнья мүнәсип баҳа берген.

Орта Азия отырықшы дийханшалық ҳәм көшпели халықларында бир қанша парықлар болыўына қарамастан бурыннан жақын мүнәсебетлер орнатылған. Диний исенимлер, үрп-әдетлер, фольклор, мораллық нормалар, улыўма мәдениятын улыўмалық қәлиплестириўине алып келген. Орта әсир мәденияты өзине тәнлигининң бир тәрепи аймақшылық жүдә қолайлы географиялық орнасқанлығы менен байланыслы. Аймақ Месопотамия, Индия, Қытай сияқлы үш уллы шығыс цивилизациясы менен шегаралас болып, Батыс цивилизациясына тән бесинши Греция ҳәм Рим менен өз-ара раўажланған. Бундай байланыслар себепли Орайлық Азия мәденияты Шығыс ҳәм Батыс ортасында байланыстырыўшы миссиясын орынлаўға себеп болды, яғный экономикалық тараўларда ең алды менен халық-аралық саўда да ҳәм мәденият салаларында Орайлық Азия Батыс ҳәм Шығыс ортасында байланыстырыўшы көпир ўазыйпасын бежерди. Яғный Орайлық Азия аймағы арқалы Буддизм пүткил дүньяға жайылды.Ҳиндистан ҳәм Қытайға элинистик мәдениат

көринислери өтти, Шығыстан Батысқа ҳәм Батыстан Шығысқа мәдeният байлықлары (билим,диний,идея,ойлап табыў,көркем шығармалары) алмасып турыўында Орайлық Азия әҳмийетли қурал болып хызмет қылады. Орайлық Азия мәдениятының уллы байланыстырыўшы миссиясы басқа мәдeният қәдириятларын жаңалаў, өзлестириў уқыплылығы ҳәм қайта ислеў сияқлы тәреплерисиз болмас еди. Бул мәдeният әййемнен-ақ жаңа ҳәдийселерди өзлестириў ҳәм сәйкеслестириў уқыплылығына ийе болды. Аймақ арқалы үлкен басқыншылық жүрислери, халықлар көшиўлери жүз берген болып,бул Орайлық Азия халықлары тарийхы даўамында бир неше рет мәдениятты сезилерли өзгерислерге алып келди. Тилекке қарсы көп ғана урыслар Орайлық Азия мәдениятының әййемги раўажланыў дәўирлери есапсыз дәлиллерин жоқ қылды. Археолог қазылма мағлыўматлар ҳәм жазба дереклер миллоддан алдыңғы I мың жыллық басларында жаратылған Орайлық Азия дәслепки мәмлекетлери Бактрия,Согд ҳәм Хорезм мәдениятты ҳаққында бираз мағлыўматлар береди. Миллоддан алдыңғы VIII-VI әсирлерге тән Афрасиеб (Самарқанд), Сурхандәрья оазисинде Қызыл төбе, Қашқадәрья оазисинде Узын қыр, Хорезмдеги Қазалы қыр сияқлы әййемги қалаларда өткерилген жумыслар қурылмалы социал дүзилме ҳәм мәдениятты жоқары раўажланғанлығын көрсетеди. Бул қалалар қорғаныс дийўаллары ҳәм суў тәлийматынан ибарат күшли қорғаныў дизимине ийе болып, ишинде өнерментлер орынлары жайласқан айырым қалаларда сарай қалдықлары, қорғанлары табылған.Әйемги мәмлекетлер хожалықларының тийкарғы саласы есаплаған дийханшылық дәрежеси ҳаққында көп тармақлы суўғарыў дизими буған дәлил болады.Орайлық Азия мәмлекетлери Әйемги Шығыс мәмлекетлери менен тығыз байланыс орнатты.

Көшпели массагетлердиң дәстүри ҳәм турмыс тәризи ҳаққында атақлы грек алымы Геродот (мил.алд.V әсир) жазыа қалдырған. Ол массагетлердиң әскерий қуралларында (оқжай,найза,айбалтасы) алтыннан безеў сыпатында, мыстан қурал ҳәм саўыт ушын кең пайдаланғанлығын айтады.Геродоттың жазыўынша массагетлер тек Қуяшқа сыйынып, оған ат қурбанлық қылған.

Әйемги Орайлық Азия халықларының маьнаўий мәдениятты ҳаққындағы билимлердиң бийбаҳа дереги „Авесто“ есапланған. „Авесто“ сөзиниң мәниси көбинесе „тйкарғы текст“ сыпатында аўдармаланған. „Авесто“ дүньядағы ең ески динлерден болған зороастризм тәрепдарлары ушын муқаддес калима есапланып,

пайғамбар Зардўшт оннан жыйналғанларға ўаз оқыған. Онының жасаған дәўири мил.алд.IX-VI әсирлер әтирапында делинген. „Авестоның ең әйемги текстлери“ мил. алд. II мыңыншы жылларға тийисли, Авестоның VII әирге тийисли болған топламы түрли мазмундағы 21 китаптан ибарат, онда сол дәўирдиң барлық билимлери жәмленген.

Таяныш түсиниклери.

Традициялық мәдениат, эволюция, космогенез, фараон, пирамида, папирус, астрология, Веда, эллинлар мәдениаты, Махабхарат, Орайлық Азия, Әйемги цивилизация, субмәдениат,руўхый қуўат, зороастризм, Авесто.

## *6-тема. IX - XVI әсир ҳәм XVI-XX әсир жәҳән мәдениаты.*

### *Режеси*

1.Шығыс ҳәм Батыс мәмлекетлериниң орта әсирлер мәдениатында динниң үстемлиги.

2.Шығыс ҳәм Батыс диний мәдениатының өзине тән өзгешеликлери.

3.Техноген мәдениатының өзине тән өзгешиликлери.

4.Заманагөй мәдениатларда техниканың әҳмийети.

5.Массалық мәдениат.

IX-XYI әсирлер дәўири тарийх илиминде орта әсирлер орта әсирлер деп аталып әййемги традициялық мәдениатлар ортасындағы дәўирди билдиреди. Бул дәўир мәдениатында мифологик пикирлеў ҳәм традицияның күшли тәсири ҳәмде жаңа дәўирдиң техноген мәдениатындағы логикалық пикирлеў, илимниң әмелий өзгешеликлери сезиледи. Араб халифалығы ҳәм Европа мәмлекетлери орта әсирлер мәдениатындағы өзгешеликти ислам ҳәм христианлық белгилеўи менен бирге олардың өзиде мифология түсиник халықларының архаик мәдениаты: антик мийрас ҳәм әййемги шығыс цвилизациясы мийрасларын таңлаў ҳәм көркемлик қайта ислеп өзлестирген. Буннан таысқары Батыс ҳәм Шығыстың орта әсирлер мәдениаты тарийхтың мың тийкарында қәлитплесип, традициялық мәдениаттың көплеп тәреплерин өзлестирди, өз нәўбетинде орта әсирлер мәдениаты негизинде кейинги дәўирлер мәдениатының қәлиплесиўи ушын жаңа мәдениат нәўшелери ҳәм жаңаша пикирлеў тәризи пайда болды. Соныда айтып өтиў өтиў лазым, орта әсирлерде

динниң пикирлеў тәризи ҳәм дүньяға көз-қарасы тәрепинен өтмиште ҳәм кейинги дәўирлерде пайда болған диний мәденияттан кескин парық қылыўшы диний мәденият жаратылды.

Диний мәденият көп мазмунлы, себеби оның тийкарында түрли халықларының мәденият мийрасы бар: араб, түрк, герман, славян жыллар даўамында бәрҳама байланыс ҳәм аккультурация процессин кеширди, бунда крест жүрислери дәўири жүдә қызғын кешти. (XI-XII әсир). Диний мәденият көп қырлылығы оның составында көплеп субмәдениятлардың бар болыўы: халықлық (аўыл мәденияты), қала, дүньяўий, монастыр ҳәм суфыйлық мәденияты.

Орта әсирлер дәўиринде жеке қудайлыққа тийкарланған жәҳән динлери христианлық ҳәи ислам Европа, Азия ҳәм Африканың көп орынларында көплеп адамлар ушын дүнья қарастың үстем формасы болып, инсан ҳәм пүтин жәмийеттиң пикирлеўин, пүткил турмыс тәризин белгиледи. Космос ҳәм аспан денелериниң дәслепки ҳәм басланғыш орнын Қудай (Алла) белгилеп, дүнья ҳәм инсанды жаратыўшы ҳәмде барлық жанзатлар қудайдың жаратыўшылық нәтийжеси болып есапланады. Пайғамбар жәмийетте бузғыншылық ҳәм гүналарды дүзетиўде „илаҳиий араласыўшы“ ның тымсалы есапланған. Бул қудайдың елшилери болған пайғамбарлар тарийхыдур. Християнлыққа көре „елшилердиң“ соңғысы „қудайдың улы“ Инсус Христостың жерге түсиўи есапланып, оның тақтайға қағылыўы менен Жерде Қудайдық ҳүкмранлығы басланады. Ислам дини бойынша Инсус тек ғана пайғамбарлардан бири, ақырғы пайғамбар „пайғамбарлық тамғасы“ болған Муҳаммед болып табылады. Адамларға пайғамбарлар арқалы жоқары ҳақыйқатлық белгили болған. Яғный жақсылық ҳәм жаманлық,жетискенликке мүтәж болған жердеги көринетуғын тәбийғый дөретиўшилик бунда жердеги жоқары сыпаттағы инсан руҳы болып, ол Қудай менен бирлесиўге ҳәрекет қылыўы лазым. Дин инсан ушын, үлги-мөминлик, жәбиркешлик, руўхыйлық, гүналарын жуўыў , қутылыўы. Ҳәр ким ҳәр дайым қадағалаў астындалығы, өзиниң әлемди кишкене бөлекше екенин сезинип билиўи, бул үлкен әлемниң өзине сай орайында сезилерли күш ҳәрекетте болыўы, Қудайдың (Алланың) итибарында екенлигин мойынлаўы.

Дин ҳәр қыйлы милий сәнелерге ийе болған түрли халықларға араблар Шығыс ҳәм Европада күшли бир цвилизация жаратыўы ушын бирлестириўши күш болады. Дин мәденияттың сиясий, экономикалық илимий, көркем барлық тараўларына өз тәсирин

көрсетеди християнлық Рим империясында эрамыздың 4-әсирлеринде оның Батыс бөлими гүлленген ўақытқа келип (эр.476 жыл) толық формаланған ширкеў дизими ҳәм қатты тәртипке тийкарланған мәмлекет дини сыяқлы қарар тапты. Ширкеўдиң таянышы сол ўақытта пүткил Европада кең тарқалған ҳәм Христианлықта өз дини сыпатында қабылланған „Жабайы“ халықлар олардан: готлар, галлар, ирландлар ҳ.т.б. қураған. Европа бойлап тарқалған герман, славян, түрк қәўимлери антик цвилизациясын жоқ етип жаңаша өмир сүриўди қабыл етти.

Орта әсир Европасы-бул аграр цвилизация гүллеп жайнаған натурал хожалық үстемлик қылып атырған тарийхый дәўир дийханлар онша үлкен болмаған бир-биринен ажыралған коллектив фомасында жасап олардың тилек ҳәм мәплери жылдан-жылға тәкирарланатуғын аўыл жожалығы менен байланыслы белгиленеди. Бундай өмир сүриўде адамның ойлаў шегарасы тар өз мәпи шегарасынан тысқары ҳәр қандай қарым-қатнасларға мүтажлиги жоқ есабында болады. Бунда Европа қуралға миллетшиликке ҳеш қандай қәўип жоқ еди. Кейин ала Христиан жәмийети барлық тәреплерин сиясий шөлкем көринисге келтириўдиң тийкарын қурайтуғын еди. Мусылман Шығысында ислам талиймати пайда болыўы менен тез теократик басқарыў көринисинде қарар табады, бунда диний ҳәм дүньялық ҳәкимият пайғамбар кейин олардың „орынбасарлары-халифалар“ қолында бирлескен.

Y-YI әсирде Арабстанда жаңа дүнья жүзеге келе баслады. Этник ҳәм мәдений бирлесиў, интеграция процессин басынан өткерип тек ғана дин, улыўма ой-пикир элементлери тарқала баслады. Бул әўелги қудайлардан исенимин жоғалтқан араблардың руўхый ағартыўшылық излениўшилигине түртки болды. Муҳаммеддиң пайғамбарлық қәбилетине бир маьнаўий-идеологиялық ҳәм социал бирликке умтылыў жолында нызамлы процесс болды. Ислам дини бес тийкарғы талапқа таянады. Жалғыз алланы тән алыў ҳәм Муҳаммедди оның пайғамбары деп билиў намаз оқыў, ораза тутыў, жетим-жесирлер жолында закат бериў, ҳажы зияраты Ислам дини усы 5 талабынан 4 еўи әдеп-икрамлылық тәбиятына ийе тийкарынан, пайғамбар шахсы ол ҳаққындағы мағлыўматлар жыйыны ислам дининен өзине тән мәдений-рухый қүдирет инам етти ҳәм оны дүнья тарийхындағы зәрүрий ўақыя, өзинде илаҳий ҳәм дүньялық ҳәкимиятты бирлестирген мусылман философияда теология, әдебиятта-илаҳий, дидактик жанрлар, европа музикасында ширкеў гимнлери-литургия ҳәм месса,сүўретшилик өнеринде христианлық сюжетлери тийкарғы орын

тутды. Тийкарғы пәнлер илоҳиет мәмлекетшилигиниң қарар табыў тамырын белгиледи.

Дин өмирди муқаддес формада сәўлелендириўши идеяларды жаратты: ҳәм схоластика (орта әсир философиясында грекше солай аталған бул догматизм ,мазмунсыз,формал билимди аңлатқан). Илаҳийлық, әлем ҳәм инсан ҳаққындағы өз „илимий“ сүўретлемесин жаратты. Әлем ҳаққындағы илимде Жер әлемниң, Иерусалим дүньяның орайы деген көз-қарас ҳүкмдарлық қылды.

Тийкарғы тема-құдайды мақтап қосық айтыў, Инжил легендалары әўлийелар өмири, руўхый-моральлық пәклениў, гүнадан таза болыў догмалары еди. Музыкалық мәдeният негизин ширкеў қосық музикасы (литургия), музыка, қосық (тақмақ) ҳәм драматургияны өзинде уйғынластырған ширкеў салтанатлары қурайды. Архитектуралық ҳәм сүўретшилик искуствосы илаҳиятты үнсиз пропогандалаў тәризинде сәўлеленеди. Христианлық Соборларын „Саўатсызлар инжили“ деп бийкарға айтпаған. Бас жанр икона болып, ол саўатсыз масса ушын қудай менен руўхый сезимлилик байланыс формасы саналған.Көрнислерде қудайды бенделериниң гүналарын кешириўлри, оларды бийгуна,пәк етиўге қаратылған матамлы түрде көриниўи сүўретленген.

Исламда көркем өнерге қатаң түрде бир жақлама, диний догмалар тымсалы сүўретлемесин көремиз. Бунда ширкеў системасының жоқлығы, ҳәр бир адамның Алла таала менен тиккелей сәўбетлесиўиниң мумкинлиги халықтың жасаў орынлары, мәҳәллелерде қурылыстың массалық формасы- мешитлердиң қурылыўы болып, оның дәслепки үлгиси Муҳаммед пайғамбар тәрепинен Мадина қаласында салынған мешит болып табылады. Жоқары мағлыўматлы мусылманлар арасында Европа мәмлекетлериндеги университетлерден алдынрақ жоқары тәлим мектеб медреселерин кең тарқалыўын белгиледи. Мусылман әдебиятында үстемлик қылған қосық жазыўшылықтың раўажланыўында суфизм үлкен роль ойнайды.

Суфийлер өзлериниң терең сезим-руўхый ҳалатларын, жаратыўқанға болған исенимди тыңлаўшыларға жеткериў, индвидуал (жеке)тәсир етиў қәбийлетин көрсетер еди. Ислам изертлеўшисинен бири Г.Грюнбаўмның тастыйқлаўы бойынша, анализлик мәнили бай сәўлелендириў қуралларына ийе болған жетик сүўретлеў формасы, терең мазмун уйғынлығын өзинде топлаған такбир имканиятларын мусылман мәдениятты шегарасы, ҳәтте оннан тысқарыда табыў мүмкин

емес. Шығыстың барлық уллы Саноий, Жамий, Румий, Саьдий, Ҳафиз, Нызамий, Наўайы сықлы шайырлары суфийликке ол яки бул тәризде байланыслы болған. Илаҳий ҳақыйқат әлемниң алдамшы көриниси тәризинде тәрийп етилгенлиги себепли ислам искусствода ҳақыйқый сүўрет көринисти инкар еткен. (Китабий минатюрадан тысқары). Сол пайытта Исламда әлемниң мазмуны, тийкарғы өмир ҳақыйқатты нағысларда жазылған белгилеринде сүўретлеўге итибар қаратылған. Мәселен үшмүйешлик-мусылманлардың муқаддес мәнзидгаҳи-Кааба, бесмүйешлик-диинниң 5 тийкарғы арқаны,нағыслы өсимлик сиықлы форма, ҳәм гүллер-жәннет бағы-Бостан тымсаллары болып табылады. Мусылман шығысында искусствода диний догмалар өте избе-излик пенен қолланған.

Улыўма Батыста ҳәм Шығыста да барлық Илаҳий „Жоқары ҳүкмдар“ дың сүўрети сыпатында түсинилген. Қудай (Алла) тәбияттағы нәрселердиң жаратыўшысы сыпатында ҳәм нәрселерде оның қүдирети көриниў тәризинде түсиниледи, нәрселердиң мазмунын билиў Қудайды (Алланы) таныў әлемди билиў теориялық болып, белгили философ, мәселен, Аристотель ҳәм теологлар шығармаларында тек ғана барлықтың дүзими айтылған. Барлық нәрселердеги жасырын мазмунды табыўға ҳәм аңлаўға ҳәрекет қылынған. Соннан баслап орта әсирлерде тек ғана алхимия, ҳәм астрология емес, бәлким традициялық математика, география, филология ҳәм басқа илимлерде раўажланып, анық географиялық муқаддес орынлар менен байланыслы (жәннет, дозақ, ақырзаман) есапланып, сөзлердиң символлық мәнисин түсиниўге ҳәрекет қылынды.

Орта әсирлердиң илоҳиятқа тән проблемаларынан бири сана ҳәм исеним мәселеси есапланады. Батыста бул бир тәрептен, исенимди санадан ғәрезсиз, абсолют үстем деп билиўшилер (Бернард Клервосский,Ансельм Кентерберийский) ҳ.т.б. тәрепинен диний догмаларды тийкарлаўда сананың ролин белгилеўшилер (Боеций, Абеляр, Сигер Брабантский) ортасындағы гүрриңлерде сүўретленеди. Егер бириншилер Августинниң „Аңлаў ушын исенемен“ деген ибарасын сүрен қылған болса, олардың қарсыласлары Пьер Абелярдың „Исеним ушын аңлайман“ сөзин сүрен деп билген. XШ-әсирде Ф.Аквинскийдиң „Алтын аралық“ ты табыў ақыл арқалы исенимди гейпара тийкарлаўға урынып, тийкарында араб Шығыстың „Ески ҳақыйқат“ ҳаққындағы (дуализм) теориясы мойынлады. Еки ҳақыйқат идеясын философия әлеми ҳаққында өз ҳақыйқатын, дин

Қытай ҳаққында ҳақыйқатын береди деп С.Б рабантский тийкар салған еди.

Батыс ҳәм Шығыс мәмлекетлериниң диний мәдениятларында сезилерли парықларда бар. Орта әсир Европасында ширкеўдиң әҳмийети өз алдына орыны бар. Ширкеў қудай ҳәм инсан ортасындағы байланысшы болып, тек ғана ол инсанның руўхын илаҳий „кәрамат“ жәрдеминде азат етиўи мүмкин.(Шоқынтырыў, тәўб, неке, дәстүрлери). Ширкеў өзиниң жазба дәстүрлерине ийе болмаған Европадаға қәўимлер ушын бөлимлерди топлаўшы ҳәм сақлаўшы орын болып, тәлим дизиминиң қәлиплесиўинде, жәмийеттиң социал дүзилмесинде, ҳуқықый ҳәм мораллық критериялары қәлиплесиўинде әҳмийетли роль ойнайды. Исламий дәстүрлердиң тийкарғы өзгешелиги сонда, оның негизи диний ҳәм дүньяўий, илаҳий ҳәм әпиўайы парыққа ажыратпастан, абсолют „сап диний“ мазмунда екенлиги болып табылады. Исламда ҳеш қашан христианлықтағы диний догмаларды нызамластырыўшы Вселенек саборы сыяқлы институтлар болмаған. Исламдағы теократик идеал мәмлекет пенен бир қатарда турыўшы өз алдына диний институттың (ширкеўдиң) идеялары менен муўапық келмеген. Жамаатшилик пикириниң қәлиплесиўи жеке шахслар диний әрбаблар (уламалар) ўазыйпасы болып, олардың абыройы диний бөлимлерге тийкарланған.

Диний ҳәм дүньяўий пикирлеўдиң бир қанша ғәрезсизлиги ҳаққында Инжилде сондай делинген:Қайсарға ҳәкимият, тақўадарға болса Қудайды бериң Исламда адам тек ғана сөзсиз Қудайға тийисли. Мусылман адамның ислам буйырғанынша пикир жүргизиўди, соған муўапық „дин“ ҳәм „менталитет“ түсиниклерин ажыратыў мүмкин емес. Егер христиан ушын инжилге мәдeният естелиги сыпатындп мүнәсебет билдириўи мүмкин, мусылман ушын қуран ҳеш бир мәдениятқа усатып болмайтуғын, илаҳияттың шексиз тымсалы, бәлки сыпатыдур.

Диний мәдeният улыўма инсаный мәдeният раўажланыўының ең әҳмийетли дәўири есапланады. Орта әсирлер дәўиринде мәмлекетшилик, миллетлердиң жаңа формалары пайда болды, ҳәзир қолланылатуғын тиллер қәлиплескен, тәлим ҳәм илим дизими және де раўажланды. А.Гумбольд айтқанындай араблар “тәбийий илимлер дөретиўшиси“болып, олар тәжирийбе ҳәм өлшем жолына тийкар салды. IX әсирде мусылман Шығысында обсерватория қурылды: жулдызлардың анық орны белгиленген каталог дүзилди, геометрия, тригонометрия, оптика, алхимия, механика, медицина, география

тараўлары бойынша көплеп шығармалар дөретилди. Уллы алым Ал-Хорезмий математиканың жаңа тармағы болған алгебраға тийкар салды. Уллы Шығыс алымлары Хорезмий, Фарабий, Ибн Сино, Ибн Рушдий сыяқлы көплеп алымлар шығармаларынан Европаның жаңа әўлад алымлары тәлим алды.

YI-XYI әсирлерде көркем қәдирияты жоқары естеликлер жаратылды: Ал ҳамродағы Сарай, Қурдоба, Жазоир, Самадра, Делидеги мешитлер, Реймс, Париждеги готика усылындағы саборлар, Стамбулдағы әўлие София ибодатханасы: әжайып икона ҳәм скультуралық дөретпелери, каллиграфия ҳәм китап миниатюрасы, әсиресе Шығыста шайыршылық жоқары дәрежеде раўажланды. Бул тараўларда тийкарғы идея жаратыўшылық, тиришиликке арналған болып, муҳаббат ҳәм сана социал раўажланыўдың бас ҳәрекетлендириўшиси күши сыпатында белгиленди. Илаҳий ышқы ҳәм пайғамбар шайыршылық өнер сыпатында белгиленеди. Илаҳий ышқы ҳәм пайғамбар шайыршылық өнер ҳәм шайырлардың тийкарғы темасы болып қалды. Бул жанлар анық көркем формаға ийе болып кейинги әсирлерде көркем мәденияттың мазмунын байытты. Хрестиан ҳәм силам динлери бай ҳәм кәмбағалды, күшли ҳәм әззини түрли расадағы ҳәм социал группаларды бир-биринен ажыратпайды. Барлық исениўшилер ушын улыўма мораль критериялары: мөминлик тәўбе, жақсы ҳәм мийримли болыў, гүна ислемеў сыяқлылар бар, Орта әсирлерде улыўма белгиленген, моралльқ норманың беккемлениўи улыўма инсаный мораль критерияларын силеп шығыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

Орта әсирлерде руханийлер инсан руҳияты, рыцарлар, мәмлекет ислери менен бәнт болды. Егер биринширлердиң идеялы бул дүнья қыйыншылықларынан абсолют қутылыў болып мәңги ҳақыйқатлыққа ерисиў тилеги болса, екиншилердиң идеялы баҳадырлық, батырлық сөз, парыз ҳаққында ойлаў, дүньялық ерликлерге ҳәмме ўақыт таярлық. Тап сондай рыцарлық пазыйлетлери „Нибуллинглер қосығы“ (Германия) „Ронаид ҳаққында қосық“,„Сид ҳаққында“ қосық (Испания) дәстанлары ҳәм Трубадурлар лирикасынада жырланған. дийханлар халықлық мәденияттың консерватизм себепли дәслепки динлердиң қудайлары, апсанлы қаҳарманалары ҳаққында гүррин етиўши (Исландлардың Кукулинлер ҳаққында сага“ ангиличанлардың „Совулары“ скандинавиялылардың „Эддасы“ сыяқлы әййемги ертеклер, әпсаналар, қосық әдет ҳәм дәстүрлер сақланып келди. Қалалылар турмысы адамларды искерлик есап китапта анықлық,

исбилерменлик, рационал пикирлеў формасын қәлиплестириўге түртки берди. Қалалылар арасында илим, ағартыўшылыққа талпыныў, басқа класслар критерияларыне, критикалық жантасыў руўҳият оянды.

Шығыс Орта әсири мәдениятта класслық суб мәдениятлар емес, еки ири мәдeният-қала ҳәм көшпелилер мәдeнияты ажралып турады. Қала шәраятында „Юсуп ҳәм Зулейха“, „Ләйли ҳәм Мажнун“, „Лубна ҳәм Қайыз“ сыяқлы дәстанлар түрин поэтик форма ҳәм жанрдағы әдебий шығармалар гүрриң ҳәм ертеклер топламлары „Мың бир түн“ ертеклери, (Камила ҳәм Димна) Анекдот ҳәм рәўиятлар жаратылды. Қала рыцорлық дүньяўый монахлық ҳәм суфийлық сыяқлы суб мәдeниятлардың пайда болыўы мәдениятты сезилерли байытты. Және де раўажланыўда көплеп бағдарлар жаратты ҳәм ренесанс деп аталған жоқары раўажланыўға орталық болып есапланады. Ренессанс бағдары-улыўма жәҳән процесси сыпатында Қытайда YII-YIII әсирлерде басланып IX-XII әсирлерде Орайлық Азияны өз ишине алды, XIY-XYI әсирлерде Европада раўажланыў жуўмақланады. Сондай-ақ, изертлеўшилер ренессанс дәўириниң бас пикирлеси ҳақыйқый гуманизм болатуғынын белгилейди, Қытайды „Инсанпарўарлық“ сөзиниң синоними „жен“, шығыста „адамшылық“ атамалары есапланады.

Заманагөй мәдениятты техникалық, техника ҳүкмдарлығы, дүньяўий-электрон яки хабар мәдeнияты деп атайды. Бундай мүнәсебет ҳәзирги мәдениятда илим ҳәм техниканың орны әҳмийетлилигин көрсетеди. „Заманагөй“ яки „Жаңа“ илим антик яки орта әсирлердеги илимнен түптен парық етеди. Егер, бурынлары илим дүньяны тийкарғы ҳалда, оған байланыссыз үйренген болса, енди болса илим билим, жаратыў, ойлап табыў, планластырыў сыяқлы процесслерди жыйнақластырып „инсан санасы жәрдеминде исленетуғын проблемаларға итибарын тартпақта“. Ҳәзирги илимниң сүўретлемеси мине соннан ибарат. Ҳақыйқатты аңлаўға урыныў орнына инсанның қызығыў ҳәм итияжлары мас келиўши аның имканиятларды есапқа алыў ҳәрекети үстем болмақта.

Илим ҳәм мәденияттағы жаңа бағдар қәлиплесиўиниң басланыўы Ояныў дәўири менен байланыслы. (XIY-XYI әсирлер) Ояныў-Европа мәдeният раўажланыўындағы әҳмийетли дәўир болып, дәўирлик тәрептен орта әсирлерге тән. Бирақ бул дәўир улыўма жаңа мәдeният басқышын ашты. Қалалар көбейиўи, Европада ишки ҳәм сыртқы саўданың пайда болыўы, өнерментшиликтиң раўажланыўы Европа

мәдениятында жаңа бағдарлар пайда болыўына алып келди. Уллы географик ашылыўлар диний „дүнья көринисин“ өзгертти, сапалы ҳәм экономикалық аймақтың кеңейтип дүнья саўдасының жаралыўына себеп болды. Антик дәўир мийрасын үйрениў жаңа философиялық бағдарлар пайда болыўына түртки болып инсан ҳәм тәбияттың өз-ара мүнәсебетлеринде улыўма өзгеше өлшем қәлиплести.

Жәмийеттеги қалалар арқалы „гуманизм“ деп аталыўшы жаңа идея қәлиплести. Бул атама арқалы инсан ҳаққындағы жаңа дүньяўий илимнен (s57d8a h7man85a58s) келип шығып алдыңғы „илаҳият туўралы илимди“ (s57d8a d8v8n7s) әсте қысып шығарды. Инсанпәрўарлық идеясы мына өзгешелике ийе.

1. Тәбият нызамларын-„тәбийий муўапық“ принципи тийкарында түсиндириўге тийкарланыў.

2. Инсанды проблемалар орайы етип алыў (антропоцентризм)-инсанға тәбияттың тажы сыпатында қараў.

3.Саналы пикирлеў (Рационализм) инсан ақыл ҳәм даналық арқалы әтирап орталықты, өзин-өзи биледи деп есаплаў.

Инсан неси менен жердеги басқа ҳәм жанзатлардан парық қылып қудайға жақынласа алады, инсан қандай пазыйлетлерге ийеЎ Инсанпәрўарлық идеяларының раўажланыўы дүнья ҳәм инсанның диний концепциясы бузылыўына ҳәм XYШ әсирде инсанның өзин қәдирлеў ҳаққында тәлиймат пайда болыўына алып келди.

Гуманистлер әз тәлийматының исеним критериясы деп эмприк тәжирийбе ҳәм роционаллықты есаплаған. Бул исеним оларды ширкеўден Реформация қылыў (М.Лютер, Ж.Кальвин) утопик социализм (Т.Мор, Т.Кампанелла) ҳәм социал прогматизм (Н.Макиавелли) сыяқлы идеяларды теориялық тийкарлаўға алып келди.

Антропоцентризм, рационализм, сциентизм-Ренессанс дәўири мәденияты жаратқан тийкарғы қәдириятлар кейинги әсирлер Европа мәденияты тийкарын белгиледи. XYII әсирде „илимий революция“, XYШ-әсир ағартыўшылық идеяларының тарқалыўы ҳәм санаат революциясы басланыўына соңында XIX-XX әсирлер даўамында мәденияттың классик техникалық формасындағы жеңислерге алып келди. XYI-әсирде илимий революция математика ҳәм механикада жүз берип тәжирийбелик искерликке бирлести. Заманагөй илимде эксперимент, билиўдиң усылы ҳәм қуралы сыпатында теориялық илимниң антик ҳәм орта әсирлер формасында түптен парық қылады. Экспериментке таяныўшы алым антик дәўир данышпан-философия

яки орта әсирлердеги илаҳиятшыдан парқы әлемге улыўма басқаша мүнәсебетти таңлады.

Илимниң қәлиплесиўи ҳәм әсте ақырын жәмийет турмысына әҳмийетли тийкар болып кириўи жаңа дәўир адамының турмыс тәризи, пикирлеўи сыпатында рационализмниң пайда болыўына себеп болды. Рационализм кең көлемде көриниўи ХҮШ әсирге шекем ағартыўшылық ҳәрекети менен байланыслы, барлық бахытсызлық ҳәм нәкаслық билимсизликтен екиншисине тек ғана руўхиятлы халық ҳәм оның ҳүкмдары Азатлық, теңлик туўысқанлық орнатыўға ағатрыўшылар исенген. Ағартыўшилер ўәкили Д.Дидро ҳәм Д.Аламбер шығарыў үлкен жеңис орны. Ағартыўшилер улы француз революцияның идеологиялары есапланып ояныў дәўири идеологиялары баслап берген улығлаў процессин ақырына дейин жеткерди. ХҮШ-әсирде илим жәмийет санасын пүткиллей жаңа сыпат дәрежесине көтерди. Илим инсанның манавий турмысына тереӊ кирип барып, оның мәдениятын мазмунын бағышлады.

Европа ҳәм Арқа Американың көплеп мәмлекетлерде XIX әсир орталарында индустрияластырыў жуўмақланды. Рационализм ҳәм Утелитализм мәпдарлықтың утелитаризмниң мәденияттағы белгилеўши орны илим ҳәм техниканың жаңа түртки берди. Әпиўайы тоқыў қуралы „Женни“ ден Ж.Уаттың пуў машинасы (1784 ж) ҳәм Р.Фултанның пуў кемеси, Стефенсонның паровозынан (1814) биринши жер асты темир жолына 1863 өтилиўи инженерликтиң өсиўин көрсетти. Пуў ҳәм электрлестириў, телефон ҳәм телеграф дәўири, астрономия, геология, биология, химия тараўларында әжайып ашылыўлар болған ўақыт инсаният мәдениятын жаңа басқышқа көтерди. П.Сорокинның сөзи менен айтқанда „тек ғана бир ғана XIX әсирдеги изертлеўлер ҳәм жаңалықлардың өз алдыңғы әсирлердеги ашылыўлардың ҳәммесин жыйнағанда да көпдур“. Бул әсирде 24 8527 ашылыў мәкан, заман ҳәм материя үстинен техника ҳүкимранлығының шексиз өскенлигинен дерек береди. Испан Философф Х.Ортеги-и-Тассеттиң жазыўынша Биз ҳақыйқаттан да XIX-әсирде жүз берген инсан тәғдийриндеги радинал өзгериўлер алдында турмыз. Заманагөй инсан ушын ҳәм физикалық социал тәрептен обсолют жаңа көринис, жаңа искерлик жаратылды. Жаңа дүньяның сүўрети үш әҳмийетли тәреп белгилейди. Бул демократия, эксперементаль илимге ҳәм индустриализация. Екинши ҳәм үшинши тәреплерди техника атамасы менен улыўмаластырыў мүмкин.

Инсан жаңа техника қурамында үлкен космослық ўақытты қысқа мүддетте басып өтип жер жүзиниң қәлеген жайында болыўы мүмкин. дүнья жаңа көринисти кәсип етти.

XIX-әсирде техноцентрик дүньяға көз-қарас кең тарқалып адамлар өз өмирин илимий тийкарда қурыўға урына баслады. Инженерлика искерлик принциплери тәбият ҳәм жәмийет турмысына кең жайылды. Инсанның турмыс процессиндеги дөретиўшилик , тиришилик тәшўишлери орнын буннан кейин ойлап табыўшылық техника дөретиўшилиги итияжларын қандырыўшы техника қуралларын жаратыў ийеледи.Тәбият инсом, мәдения сыяқлы түсиниклер талқыланыўы сезилерли дәрежеде өзгерди.Тәбият материал ҳәм энергияның таўсылмас дерегине универсаль складқа айланып қалды. Ҳәтте тәбият сырларын терең аңлаў ҳәм оған жақынласыў деген емес, бәлким керисинше узақ бийганалық тек техник жантасыўды билдиреди. Инсанның өз тәбияты сырларын аңлаўға урыныўы соншелли қарама-қарсы нәтийжеге алып келди. XIX әсир инсанға „космос сәрдары“ „барлық нәрселерден жоқары“ жарлығын берди. Инсан көбирек „Механика агрегат“, „Химия-физикалық элементлер жыйындысы“, „Маймылға уқсас мақлуқ“, түрли мийнет қуралларын таярлаўшы хамо-фабер сыяқлы сыпатламалар менен атала баслады. Инсанның өзи механизм болғаны сыяқлы дүнья ҳәм оған уқсас үлкен машина ислеп шығарыўшы фабрика. Инсанның орташа мийнет өнимдарлығы өлшеминдеги мәдения дөретиўшиси мақсетке муўапықлық норма, инсанның пүткил өмирин белгилеп оны орташа, бундай қылып теңлестирди: мақсетлер бирдейленди, улыўма турмыслық өлшем турмыс тәризи нызамласты ҳәмрениң ҳуқықы теңлести, көп санлы орта класс қәлиплести, көрилмеген жеңислер менен азатлыққа еристи, мүнәсебет, әдетлер өлшемлер массалық мәдения сезимлерсиз шахссыз мәдениятлар дәўири келди.

XIX әсирде техника раўажланыўы ғайры-нызамий рәўиште мәденияттың пүтин раўажланыўы бир қәлипте өлшеўи жәмийет пикиринде экономикалық, факторлардың әҳмийети асыўына алып келди. Бул болса илимди техник өзлестириўдиң сезилерли өсиўине себеп болды. Ақыбетинде раўажланыўдың пүткиллей ҳәм гүмансыз өсиўи нәтийжесинде цвилизация пүткиллей жоқ болыўы мүмкин. (И.Хейзинг).Бул проблемалар XX-әсирде көзге тасланды. XX әсир техника ҳәдден тыс өсти. Кейинги 100 жылда жер жүзинде санаат ислеп шығарыў 50 мәрте асты, бул өсиўдиң 4/5 бөлими 1950 жылдан кейинги дәўирге туўра келеди. „Техника“ сөзиниң өзи уқыплылық,

искусствоны аңлатып ислеп шығыўға байланыслы яки байланыслы емес. Искерликти әмелге асырыў ушын адамлар жаратқан қураллар жыйындысы оны белгилейди яки аңлатады. Инсанлар жәмәәти пайда болыўы менен әмелде техника пайда болды. Дәслеп адамның мийнет искерлигинде жәрдем бериледи. Мийнет қуралы сыпатында, кейин ала ҳәр қыйлы мақсетлерде ислетилетуғын техникалық басқа түрлери пайда болады. Техникалық өзгешеликлери:

1.Техника қолдан жаратылған, адамлар тәрепинен тәбиятты өзгеритиўи нәтийжесинде жаратылып, ақыбетте, алдыннан жаралған идеаль өлшемлер материаллықта жыйнақланады.

2.Техниканың массалық өзгешелиги-ол алды менен адамның әмелий талаплары менен байланыслы болып, усы талапларды қанаатлндырыўға хызмет етеди.

3.Техниканың әҳмийетин параметрлерин бири-рационаллық есапланады, мәлим жәмийет шегераларында ол яки бул техника қурылмасын ислеп шығарыўға гөзленеди. Техника раўажланыўы инсанның тәбият үстинен ҳүкмранлық қылыўында оның имканиятларын кеңейтеди. Мәдениятта техниканың орны ҳаққында ҳәр түрли көз-қараслар бар. Техниканы оптимистик баҳалаўда технократик теория үлкен әҳмийетке ийе. Технократия-жәмийеттеги сондай күш ол жәмийеттиң техник-технология раўажланыўы келешеги ҳаққында илимий болжаўында итибарлы илимий исенимлерге сүйенеди.

Европада ХҮШ-әсир ақырларынан-ақ техниканың зыянлы тәсири ҳаққында хабарлар тарала баслады. Түрли философия мектебиниң ўәкиллери техника цвилизациясы, оның қатты „темир епкини“ мийримсиз ҳәм морльсызлығын белгилеп, турмыс, тәбият,инсанға ҳүрметсизлигин қатт критика астына ала баслады. Техниканың контрольсыз раўажланыўы экологик проблемаларды туўдырды, әскерий санаат комплекслериниң кең раўажланыўына себеп болып, ақыбетинде инсанды техниканың атқарыўшы бөлимине айландырып қойды.

Егер теоретиклердиң бир бөлими техникаға пессимистик нәзер менен қараса, традициялық жәмиетке қайтыўды жалғыз шешим деп қараса басқалар техниканың агрессивлиги ҳәм келиспейтуғынлығын белгилеп, инсан бундай шараятта тек ғана бир илажы болған усыл менен қарсы турыўы мүмкин, яғный күши жеткенинше техно мәденияттың бөлиниўине жәрдем бериўи  керек деп есаплайды.

Бирақ ҳәмме нәрсе техникаға емес, бәлким инсанның өзине де байланыслы. техника мораллық тәрептен ғәрезсиз әлем емес оның жыйындысында жәмийеттиң қәдирият дүзилмеси көринеди. „Техника инсан“ келиспеўшиликлериниң сапластырылыўы жаңа типтеги инсанның қәлиплесииўине байланыслы болып, бул мәденияттағы биосфереа принциплерин уйғынластырыўға ҳәрекет қылыўшы мәденияттың боса проблемаларын ақыллылық пенен шешиўди тәмийинлеўши сыпатқа ийе болған жаңа инсан болып табылады.

Биосферик принциптиң тийкарларын салыўшылар В.И.Вернадский, К.Э. Циосковский, А.Л.Чижовский болып, бул теория Дж Форрестр, Д.Мәдоуз, М.В. Месорович, Э.Пестель, А. Печчен сияқлы Рим клубы алымларының шығармаларында раўажландырылды. Биосферик принцип жердиң эволюциясын улыўма геологик, биогеник, социал ҳәм мәдений процесс сыппатында қарайды, планетаның коэволюция тийкарында тәбийий ҳәм қолдан жаратылған, биргеликте раўажланыў зәрүрлигин көрстеди. Буның ушын масса санасында „турмысқа этика менен тән бериўин“ синдириў лазым. (А.Швейцер), буған О.Леопольд тәрепинен ислеп шығылған „аксиологик үшлик“ түсиниги тийкар болыўы мүмкин, яғный инсанның қоршаған орталық пенен өз-ара мүнәсебетин төмендеги қәдирият критерияларын белгилеўи лазым: пүтинлик турақлылық ҳәм гөззал әлем .

Инсаният бул қәдириятларға әмел қылып, сыпатлы жаңа экономикалық тип-„турмыс экономикасын“ жаратыўға қәдир болады. „Турмыс экономикасы“ илимий-техника раўажланыў жемислерин инкар етпеген ҳалда я ислеп шығарыўды ең жоқары муғдарлы мәпти, қандай да бир керекли жерде зәрүр муғдардағы ҳәм зәрүр сыпаттағы байлықты гөзлеп ис тутады. Л. Мамфорт жазыўынша „Бундай экономика ҳәр қандай тири жан, ҳәр қандай жәмәәт ушын зәрүр болған ҳәр қыйлы байлық ҳәм кеширмеге ийе болыўды қадаған қылады, себеби туўылғаннан өлгенге шекем оның индивидуал өмири сондай өтсин.“

Мәденияттағы биосферик концепция тәрепдарлары инсаният тарийхында өзлериниң мәдeният классификациясын дүзип онда айтылыўынша инсанияттың дәслепки басқышларында мәденияттың ҳәр түрли биологик көринислери бар болған, кейин жасалма рәўиште „тәбият үстинен ҳүкимранлық қылыў“ сүренине таянған ҳалда техногеник мәдeният жаратылды. Заманагөй адамлар жердеги экономик нызамларға тийкарланып турмысты қадаған қылыўшы

иоогеник мәдениятқа өтеди. Экологик мәдений ҳәзирги заман цивилизациясының әҳмийетке сай белгилеринен бирине айланып бармақта. 1980-жыллардан баслап заманымыз экологиясы барған сайын эологияласпақта. Дәслепки ўақытлары экология ҳайўанат ҳәм өсимлик дүньясының қоршаған әтирапы менен байланыслы қатнасықларды изертлеген болса соңын ала бир пүтин тәризде жерден экодүзилиси, биоцинезин, биосферасын үўрене баслады. 1970-жыллардан экология жәмийет турмысындағы процесслерде үўрене баслады. Экологияның тәбийий ҳәм социал орталығы инсан оның генефонды,адамды бүгинги әлемге масласыў процесси өзгешеликлерин изертлеўши ғәрезсиз тармағы „инсан экологиясы“ пайда болды.

XX-әсир орталарынан илим ҳәм техника раўажланыўы күшли ахборотлар жыйынын пайда қылды. Ғалаба хабар қураллары (ҒХҚ)-баспа сөз,кино, радио, телевидение, компютер байланысы заманогөй соң мәдений процессинде салмақлы орын ийелей баслады. ҒХҚ яки бунын басқаша massm3d8a деп аталған түрли хабар тарқатыўдағы каналлардың көплиги, тезлиги, узақ ислеўи менен жүдә көп хабарларға ийе болмақта. ҒХҚ электрон техника ҳәм жолдас байланысларынан пайдаланып социал ҳәдийселер ҳәм мәдений байланысларды бир ўақытта түсиниўге талпындырады. Т.Э.Макмоэн белгилеп өткениндей „ҳәммеге мас ҳәм масса жақтыратуғын жаңа дүньяўий электрон мәденияты“ қәлиплеспекте.

Ҳақыйқатында да заманогей мәденияттың анализи соны көрсетпекте, манаўий мәдений көбирек массалық түр алмақта.Массалық мәдений көриниси төмендегише:

1. Ол миллети, жасы, жасаў орны, социал өзгешеликлерге байланыслы болмаған массалық пайдаланыўшыларға ийе болады.

2. Бул мәденияттағы үлгилерди жаратқан процесстиң өзи массалық белгиге ийе болып, индустирияның арнаўлы көринисин өзинде сәўлелендиреди, яғный онда жүз мыңлап адамлар бәнт болып, олардың „баспа сөз королы“, „уллы шоў тамашагөйлери“, „кино, тв,эстрада жулдызлары“ болады. Ортега и Гассет массалық мәденияттың тәсир шегараларын анализлеў, масса өзине шахсына усамай қалыўы ким басқаларға усамаса, солардай пикирлемесе, талқылаўда қалыўын айтып „масса бул жоба-бағдарсыз ағым менен жүзип баратырған адамлар. Соның ушын олар қәбилет имканиятлары үлкен болыўына қарамай ҳеш нәрсе жаратпайды. Массалық адам әдеп-икрамсыз себеби, бунын мәниси, санасы, парызына бағынышлы дур“-

деген еди. Массалық мәденият улыўма пайдаланыўшылқ итияжы менен байланыслы болып, шахс өзиниң дөретиўшилик қәбилетин миллетинен айрылып, таяр „мәдений өнимлер“ пайдаланыўшысына айланып қалады. Әсиресе жаслар ушын массалық мәденияттың қәтерли ақыбетлерин Президентимиз бир неше мәрте белгилеп өткен еди. Мәселен, Фидокор газетасының хабаршысының сораўларының жуўапларына „Дүньяда бир қарағанда базарсыз сиясатқа байланыслы болмайтуғындай сезилетуғын, сондай идеялық тәсир қураллары ҳәм бар. Оларға онша итибар берилмейди,“-деп кейинги жылларда көплеп көрсетилип атырған урысфильмлери, жалаңаш шығармалар жаслар руўхиятына унамсыз тәсир көрсетип атырғанлығын, олар инсанды өзлигинен айырыўға қаратылғанлығын белгилеп, „Ҳәр қандай кеселликтиң алдын алыў ушын алды менен адам организминде оған қарсы иммунитет пайда етиледи. Бизде перзентлеримиз жүрегинде ана Ўатанға, бай тарийхымызға, ата-бабалардан муқаддес динине сағлам мүнәсебетти қарар таптырыўымыз керек болса, олардың идеологияларын иммунитетин күшейтиўимиз зәрүр“- деп көрсетеди.

Таяныш түсиниклери

Техноген мәденияты, антропоцентризм, рационализм, утилитар, эмперик, техноцентрик, технодетерминистик, оммавий маданият, мафкуравий имунитет.

## *7-тема. Орайлық Азиядағы дәслепки Ренесанс мәденияты. Шығыс ояныў дәўири мәденияты.*

### *Режеси*

1. Ояныў дәўири түсиниги. Оны дәўирлестириў мәселеси.
2. Орайлық Азияда ояныў дәўири мәдениятын белгилеген социал-сиясий ағымлар.
3. Шығыс ояныў дәўири раўажландырыў басқышлары, өзине тән өзгешеликлери.
4. Ояныў дәўириниң Шығыс ҳәм Батыс мәденияты байланысларында тутқан орны.

Шығыстың ояныўы, Шығыс Ренессанс ҳаққында гәп кеткенде түрли-түрли тараў алымлары-тарийхшылар, әдебиятшылар,мәденият хызметкерлери ҳәм искусствошылар бул мәселеге бийпарық болмағанларындай, көз-қараслар тийкарынан екиге бөлинеди. Ояныў атамасын (италиянша-французша-ренаиссанс-ояныў) дәслеп усы

мәдeният ийeлери-итальян гуманистлери тәрепинен қолланылған. Булардан итальян жазыўшысы Ж.Бакаччо бул атаманы  Джоттоның мийнетине қарап, „ол антик искусствоны оятты“деп биринши рет айтқан еди. Бүгин бир дәўирди аңлатыўшы түсиник сыратында искусство тарийхшысы Ж.Вазари (1511-1574 ж) тәрепинен оның

Атақлы искусствошылар өмиринен көринислер“ китабында (1550 ж) тилге алынған. Бул түсиник биринши ўақытларда антик мәденияты мийрасларын Итальяда „мың жыллық жабайышылықтан соң“ тиклениўди аңлатып, соңырақ илимий изертлеўлерде кеңнен қолланыла баслады. Я.Бурхарт ояныў (Ренессанс) ды жеке типтеги мәдeният деп баҳалады. Мәселеге қызығыўшылық артып, илимий излениўлер көбейип барған сайын ояныў түсиниги, бул дәўир мәдениятының хронологиялық ҳәм географиялық шегаралары, оны дәўирлестириў туўралы  керекли, түрли пикирлер билдире баслады. Й.Хейзинг өзиниң „Орта әсирдиң гүз мәўсими“ атлы мийнетинде ояныў дәўири-орта әсир мәдениятының басланыў дәўири деп есапланса, басқа алымлар ояныў дәўири жаңа дәўир мәдениятының басланыўы деп есаплайды. Көпшилик алымлар Европа ояныў дәўирин классик тәризде дәўирлестирип ол XIY-XYI әсирлерге тән деп таныса, басқалар ояныў мәдениятын бир қанша алдынырақ XII әсир-Каролинглер Ренессансынан баслап, Испания, Италия арқа мәмлекетлер (Арқа ояныўы) Ояныў XYII әсир менен жуўмақланады.

1950 жыллардың орталарынан баслап Шығыс Ояныў дәўири мәселесинде кескин пикирлер тартысы жүзеге келди. Қытай мәденияты тарийхы анализи академик Н.Конрад Ояныў дәўирин Әййемги, орта әсирлер сыяқлы инсаният цвилизациясының ҳәмме тараўына тән улыўма цвилизациялық ҳәдийсе деп қарайды. дүнья жүзлик процесс саналған Ояныў Шығыста (Қытай) YII-YШ әсирде басланып, Батысқа қарай жылысқан ҳәм XIY әсирде Европа ҳәдийсесине айланған. Ояныўдың бундай жайылыўына қарсы бундай ўақыя түрли мәмлекетлерде регионлық  айрым көринислерде жүзеге келиўи мүмкин, бирақ ол дүнья жүзлик феномен болыўы мүмкин емес, деп есаплаўшылар да бар. Ояныў дәўири Қытайда (Конрад), Кореяда (Тэн), Иран-Тажикстанда (Брагинский, Никитин), Ҳиндистанда (Целишев), Туркияда (Меллов), Арменияда (Чалоян), Азербайжанда (Гажиев), Грузияда (Нуцубидзе, Натадзе) кешкенлиги ҳаққында айырым мағлыўматлар келтириледи. Сол ўақыттағы ҳәр еки көз-қарас тәрепдарларын Европа ояныў дәўирин улыўма

тәкирарланбайтуғын ҳәдийсе деп қараўшы дөретиўшилер (А.Лосев,М.Петров) қатты критикалайды.

Өзбекстанда Шығыс Ояныў дәўири мәселеси жергиликли материалларын улыўмаластырылған ҳалда жетерли исленбеген. Орайлық Азия регионындағы Ояныў ҳаққында гәп барғанында IX-XII әсирлер дәслеп сырт ел мәденияты ҳәм пайда болған исламшылық исенимге салыстырғанда раўажланған ҳәм байыған ески мәдениятнегизинде миллий Ояныў деп қараў лазым. Орайлық Азия узақ жыллық тарийхта көп басқыншылық ҳәм таланыўшылықларды көрди, оларға қарсы азатлық ҳәм еркинлик ушын гүрес алып барды. Ҳақыйқатында да ҳәр бир басқыншылықтан соң миллий мәмлекетшилик ҳәм мәдeният тикленди. Ғәрезсизликке умтылыў идеясы ҳәрекети өзге халықлар тәрепинен дөретилген мәдениятларды бийкарламады. Орайлық Азия мәдениятында улыўма, инсанavailability әҳмийетке ийе барлық мәдeният жетискенликлери унамлы жәмлескениндей, сол ўақыттағы регион мәденияты басқа халықлар мәдениятларына унамлы тәсир көрсетти ҳәм оларды байытты.

Бар болған әдебиятлар ҳәм пикирлер анализине тийкарланып Орайлық Азиядағы халықлар миллий Ояныўын үш дәўирге бөлиў мүмкин:

1.IX-XII әсирлер-араб басқыншылығынан кейинги дәўир.

2.XIY-XY әсирлер монғол басқыншылығынан кейинги дәўир.

3.XX әсир басы ҳәм ҳәзирги дәўир колониялық басқыншылық ҳәм Совет дәўиринен кейинги сиясий, миллий, мәдений Ояныў.

Ғәрезсизлик ҳәм миллий мәдeният Ояныў ўақыялары мазмуны жағынан, ишки тәрептен тығыз байланыслы болып, бул туўралы акад. М.М.Хайруллаев мынадай деп жазады: „Ғәрезсизлик ояныў, Ғәрезсизлик ҳәм раўажланыў тығыз байланыслы ол бизден ақыллылықты, билимди, шебер қәбилетти, белсендиликти, күш-ғайратты талап eтетди“.

Орайлық Азияда Ояныў дәўир мәдениятының белгилери төмендегише:

*дүньялық илимлерге умтылыў, дин ҳәм диний билимлерди жәмийет, инсанлар мәпи көз-қарасынан түсиндириў:

*Түрли халықлардың руўхый-мәдений мийрасы өтмиши мәдений қәдир-иятларынан (араб, иран, грек мәденияты байлықлары) пайдаланыў:

*Тәбиятты, жасап турған өмирди, тиршиликти үйрениўге қызығыўшылықтың күшейиўи, оның умтылыўшылықтың артып барыўы, сол мүнәсебет бенен тәбияттаныў илимлериниң раўажланыўы:

*Билиўде ақылды өлшем деп билиў, ақылый билиў, рационалистлик усыл, илимийлик ролиниң артып барыўы.

*Инсанға муҳаббат, оның мораллық ақылый қәсийетлерин, қәбилетлерин үйрениў ҳәм пазылетлерин ашып бериўге умтылыў, логика илимине үлкен итибар бериў, кәмил инсанды тәрбиялаў, жетик фазил жәмәәт ҳаққындағы пикирлерди тийкарлап бериў:

*Диний түсиник диний талийматлардың раўажланыўында диний-әдеп-икрамлық тематикасының үстинлиги, инсан қулқы мәплериниң диний идеяларда жетекши темаға айланыўы, ишки мәнәўий камалат, Аллаға субьектив ишки жетилисиў, руўхый көтерилиў, өсиў жәрдеминде ерисиў ҳәм оның сапаларына ылайық болыўға қаратылған хызмет:

*Аўызеки ҳәм жазба сөзге үлкен итибар, оның социаллық әдеп-икрамлық құдиретин жырлаў тәрийплеў лирика, философия, көркем мәденияттың жоқары раўажланыўы, сөз шеберлиги, риторика менен шуғылланыў мәдениятлылықтың әҳмийетли белгисине айланып қалыўы.

IX-XII әсирлерде Орайлық Азия территориясында мәденияттың раўажланыўы жоқары басқышқа шыққанлығы туўралы гәп барар екен, тап сол аймақ жәҳәнди таң қалдырған уллы данышпанларды жетистирип бергенлиги илим-ағартыўшылық, қайталанбас ашылыўлар бесиги-тарийхта Мусылман мәденияты“, „араб мәденияты“ деп аталған түсиниклер менен бийкарға баҳаланбады.

Орта әсир тарийхшылары ҳәм сиясатшылары сол дәўирде Орайлық Азияда экономика, саўда үстинлиги, көркем шәҳәрлер бой тиклегенлиги, илим-ағартыўшылық гүрлеп раўажланғанлығы ҳаққында мағлыўматлар береди.

Монументал архитектура көркем өнер, сүўрет салыўшылық ҳәм музика өнери жоқары раўажланған, китапханалар хызмет көрсеткен. Сол ўақытта „Бухарада бәлент сүўретлер менен безелген мийманханалар, шеберлик пенен жаратылған бағлар, аллеялар ҳаўызлар“ болғанлығы ҳаққында естеликлерде сөз етиледи. Абдул Вафо ал Бузжоний өзиниң „Геометриялық қағыйдаларының өнерментшилерге керекли таманлары ҳаққында“ шығармасында түрли геометриялық усыллар жәрдеминде ҳәр қыйлы нағыслар имарат безеўлерин ислеў жоллары, қурыўшы усталардың тәжирийбелери,

көркемлеў усыллары ҳаққында сөз ететди. Басқа дереклерде сол дәўирдеги көркем архитектура ҳәм сүўретшилик өнери, әсиресе портрет сызыў ҳаққында мағлыўматлар келтиреди. Археологиялық қазылмалар ҳәм сол дәўирде музыка ҳәм музыкатаныўшылық кеңнен раўажланған ҳәм ол математика илиминиң ишки бир бөлими деп саналған. Сол дәўирдиң жетик алымлары Абу Насыр Фарабий музыканың теориялық тийкарлары, қосықлар, әспаблар музыка мәдениятының критериялары,атамалары анализине бағышланған „Үлкен музыка“ китабының авторы. („Китоб ал мусиқи ал Кабир“). Орта әсир мусылман Шығыста музыка теориясына бағышланған бул китап 2 бөлим 3 китаптан ибарат. Фарабий Үлкен музыка дан басқа Музыка ҳаққында сөз, Ритмлер тәртиби ҳаққында китап, Ритмге қосымша қылынатуғын қозғалыслар ҳаққында“ шығармаларының дөретиўшиси. Ояныў дәўири мәдениятының жетик алымлары өз дөретиўшилик, излениўлеринде тиккелей әййемги мәдeният мийрасларына таянады. Орайлық Азия халықлары әйемги греклер, римлилер,месопотамиялықлар, ҳиндистанлылар ҳәм қытайлылардың мәденияты менен жақынан таныс болған.

Журтты қарабханаға айландырған, мәдений естеликлерди, ойран еткен, илим ғайраткерлерин қуўдалаған (Ибн Кутайба) араб басқыншылығына қарамай, қәдимги бай мәдeният изсиз жоғалмады. Ислам пүткил мәдениятқа, тилге, үрп-әдетлерге белгили дәрежеде өз тәсирин болса да, оның мазмуны өзгермеди. Бул халқымызға тән жақсылық, меҳир-мириўбет, инсаныйлық, қайыр сақаўат, ақ кеўилшилик, баўры кеңлик, илимге умтылыўшылық, өзге халықларға исеним ҳүрмет пазыйлетлеринен болып табылады. Грек, Ҳинд, Қытай, мәденияты жүдә жақсы билген Орайлық Азияның илим ғайраткерлери ғана өзге халықларды басқалар мәденияты менен жақыннан таныстырыўы мүмкин. еди. Соның ушын да белгили математик ал-Хорезмий ҳиндлердиң есап системасын, Фарабий Грециялық Аристотельдиң философиялық тәлийматын, Ибн Сино Гипократ медицинасын жаңа дәўирде жаңа басқышқа көтерди, Имам ал-Бухарий ислам тәлийматын тийкарларды. Муҳаммед Пайғамбардан кейинги екинши шахсқа айланды.

Ояныў дәўиринде миллий мәдениятты раўажландырыўға болған итибар мәмлекет сиясаты дәрежесине көтерилди. Ғәрезсизликти қолға киргизгеннен Саманийлер шежиресиниң биринши ҳүкмдарлары миллий мәдений қәдириятларды турақластырмастан турып толық мәмлекет ғәрезсизлигине ерисиў мүмкин емеслигин аңлап жетти.

Мәселен, ана журтты мақтап жырлаў бул дәстүрде сондай дәрежеге көтерилди, зардуштизм еске алынбай қалды. Араб жазыўында көркем дөретиўшиликти қадаған етпеген ҳалда, саманийлер әпиўайы халық түсинетуғын тилде жазған авторларды толық қоллап қуўатлады. Саманийлер тек әдебиятшыларға емес, ал барлық алымларға ҳүрмет көрсетип, Шераз китапханасы дәрежесиндеги үлкен китапханаға тийкар салды. Уллы ойшыл Ибн Синаның еске түсириўинше, китапхана көп бөлмели болып, бөлмелериниң биринде араб китаплары, қосықлары басқасында ҳуқыққа тийисли китап жақланған. Сол тәртипте ҳәр бир бөлмеде пәнниң белгили тараўларына тийисли китаплар жәмленген.

Китап жазыўдың күшейиўи, көркем жазыў өнериниң оны безеў, нағыслар менен көркемлеў сүўретлеў өнериниң раўажланыўына алып келди.

Улыўма бул дәўирде қол жазбаларды көшириў, таярлаў, топлаў, мәдений турмыстың керекли кәсибине айланды. Бизге белгили, шығарма тек қолда бир нусқада жазылар еди. Баспахана болса бир неше әсирден соң пайда болған. Жазылған шығарманың нусқасын көбейтиў, басқаларға жеткизиў, оннан нусқа алыў зәрүр еди. Соның ушын нусқа көшириў, шығарманы көбейтиўге үлкен итибар берилди. Әсте-ақырын арнаўлы нусқа көшириў санааты ҳәм өнери жүзеге келди, сол себепли бир жерде жазылған шығармаларды басқа шәҳәр ҳәм үлкелерге тарқатыў имканияты пайда болды.

Арнаўлы нусқа көшириў менен шуғылланыўшылар, хаткерлер пайда болып, олар буйыртпа ямаса сатыў ушын шығармалардан нусқа көшириў менен шуғылланады. Китаптан нусқа көшириў, китап саўдасының кең жолға қойылыўы ҳәмде ағартыўшылық пенен шуғылланыўшылардың тынымсыз ҳәрекети нәтийжесинде Бухара, Самарқанд, Марв, Нишапур, Бағдад, Дамасқ сыяқлы шәҳәрлерде үлкен китапханалар жүзеге келди. Базарларда китап тахталары көбейди, китап саўдасы, оны тарқатыў менен шуғылланыўшылар хызмети кеңейди. Орайлық Азияға Бағдад, Мыср, Иран ҳәм Испанияның түрли шәҳәрлеринен қол жазбалар келтирилип, ўатанласларымыздың мийнетлери басқа үлкелерге алып келетуғын болды.

Таяныш түсиниклери.

Ояныў дәўири, Ренессанс, Мусылман мәденияты, Қараханийлар Саманийлер, миниатюра.

## *8-тема.*Темур ҳәм тәмурийлер мәденияты (XIV әсирдиң екинши ярымы-XV әсир)

### Режеси

1.Темур ҳәм Темурийлер мәмлекетиниң социал-экономикалық, мәдений-майиший тараққиет.
2.Архитектура, сүўретшилик санааты ҳәм әмелий санаат.
3.Илим пән ҳәм әдебият.
4.Санаат, философия ҳәм дин.

Қәбир таслары сағана яки суна тәризинде болып, боз реңли мрамордан, айырым ҳалларда жүдә таслардан ыдыслар исленген. Ағаш ойыўшылығында Гөр Амир, Шахизиндан, Яссаўий мақбаралары есиклери, сондай-ақ XY әсирге тийисли үй устунлары менен исленген. Темур ҳәм Улығбек дәўирлеринде металл ойыўшылығы раўажланды. Буйым ҳәм ыдыслар сыяқлы бронза, латун, қызыл мыстан исленген. Нағыслар ойып буйыртпа усылда, қымбат баҳа таслар қадап исленилген. Яссаўий мақбарасы үлкен әсиресе еки тонналық қазан бронза қуйыў санаатының ең жетискен көриниси. Әмелий санааттың гүлалшылық түри ушын жасыл, аспан көк жарқын сыр әпиўайы өсимлик нағысларын қара бояўлар менен түсириўге яки жәмленген гүллер исилениўи, бул дәўирде пайда болған аппақ ыдысларға сыр үстинен кобалть жәрдеминде нағы берилиўи жаңалық еди. Ылайдан соғылған буйымлардағы нағыс сызықлар қәлемде сызылған, Темурий дәўиринде тийисли вертикаль формадағы ылай буйымларда гүлал суўретши түрли усылда аш ҳаўа реңнен ашық аспан көк реңлерди қолланады. Темур ҳәм Темурийлер дәўириниң әмелий санат түрлеринен тоқымашылық, гилемшилик, тигиўшилик жоқары санаат дәрежесине көтерилди.

Амир Темур илим-пәнниң раўажланыўы ушын ғамқорлық етиўи себепли Самарқанд дүньяның ағартыўшылық орайына айланды. Атақлы алымлар Самарқандқа келди. Мәселен, Қазызада Румий, Табиб Хисомиддин Кермоний, астроном Мавлона Ахмед, Улуғбек дәўиринде түрли мәмлекет-лерден келген жүзден артық алымлар илимий ҳәм дөретиўшилик хызмет көрсеткен. Темур ҳәм Темурийлер заманында тәбийғый ҳәм гуманитар пәнлер тараўында уллы алымлар үлес қосты. Астрономия пәнинде Улуғбек, Қозызада Румий, Ғиесиддин Жамшид, Али Қусшылар жаңа ашылыўлар иследи. Тарийх илиминде Шарафиддин Али Яздий, Хофизи Абру, Абдураззақ

Самарқандий, Мирханд, Хандамир, Зайниддин Восифий ҳәм басқалар қунлы шығармалар жаратты. Көркем дөретиўшилик ҳәм тил үйрениўде Жамий, Наўайы, Дәўлет шах, Самарқандий, Атаўилла Хусайний, Кошифий сыяқлы дөретиўшилер жоқары санат шығармалары менен белгили болды.

Мирза Улуғбек дәўиринде Самарқандта биринши академияға тийкар салынды. Жер шарын өлшеў ҳәм асторномик календарларын дүзиў ислери әмелге асырылды. Самарқанд лабароториясы қурылысы үлкен мәдений ўақыя болып, буйымлары ҳәм илимий жетискенликлери тәрепинен оған тең келетуған лабаротория жоқ еди. Лабароторияда Улуғбек математика, геометрия, астрономияда терең билимлер ийеси еди. Али Қусшы, Мухаммед Хаввофийлер оның жақсы көрген шәкиртлери болған. Мирза Улуғбек „Зиж“ шығармасында VIII-XI-әсирлерде баслаған астрономия илимине тән дәстүрди даўам еттирип, жоқары дәрежеге көтерди. Математикаға тийисли „Бир дәреже синусын анықлаў ҳаққында мақала“астрономияға тән, „Улуғбек шығармалары“ ҳәм музика ҳаққында, „Музика илими ҳаққында мақала“ сияқлы шығармалар жазды. Улуғбек Самарқанд, Бухара ҳәм Ғиждуванда медреселер қурдырып тәлим ислерине басшылық етти.

Темур ҳәм Темурийлер дәўинде халық аўыз-еки дөретиўшилиги көргизбелери жаратылды. Әдебият көркем-услублық тәрептен қурамаласты,әдебияттаныў ҳәм тилди үйрениўге тийисли илимий мийнетлер жаратылды. Өзбек аўдармашылық әдебияты жүзеге келди. Бул дәўирде жетик дөретиўшилер Қутуб, Сайфы Саройи, Хайдар Хорезмий, Дурбек, Амирий, Атоий, Сакконий, Лутфий, Бабур, Мухаммед Салық ҳәм басқалар жасап дөретиўшилик етти. Әсиресе өзбек жазба әдебиятының дүньялық көлемин Алишер Наўайының творчествосы камалат басқышына көтерди. Мавереўннахр ҳәм Хорасанда өзбек тили, әдебияты ҳәм мәдениятының абыройы артып барды. Хорасандағы түркий тиллес халықлар ҳәм олардың зияллылары Самарқанд, Бухара, Түркистан ҳәм басқа шәҳәрлерден алымлар, шайырлар ҳәм көркем өнер ийелери менен өз-ара жүдә жақын мүнәсебетте бола баслады. Қайсы дөретиўши өзине қайсы мәмлекетти яки шәҳәрди қолайлы деп билсе, сол жерде жасап дөретиўшилик етти.

Мәселен, Хорезмлик шайырлар Ҳайдар ҳәм Хофиз Хорезмийлер Шеразға, Исмайыл ата әўладларынан болған шайыр Шайх Атоий Тубаттан (Ташкент әтирапынан) Балхға, Мавлоно Лутфий де шығысы Ташкенттен болып Хират әтирапына барып жасап қалған.

Темур ҳәм оның әўладлары әдебият ҳәм көркем өнерге илими пәнге жақан адамлар еди. Темурийлерден 22 талантлы шайыр болып,олар өзлери қосық жазыў менен бирге дөретиўшилерге басшылық еткен. Халил Султан, Хусайин Байқаралар өз қосықларынан сөзлик дүзген. Қулласы XV-әсир ортасында Хорасанда өзбек әдебиятының жаңа мектеби жүзеге келди.

Мавереўнахрда Улуғбек дәўирнде көплеп парсы ҳәм түркий дөретиўшилер топланды. Әдебий орталықты Улуғбектиң өзи басқарып Самарқандта сол дәўирдиң ең жақсы шайырлары жыйналған еди. Шайырлардың сардары („Мәлик ул-калам“) етип Мавлоно Камал Барақший тайынланған еди. Улуғбек Лутфийдиң қосықларын XV - әсиридң ең белгили шайыры Салман Саважий қосықлары менен тең көрген.

Улуғбек сарайындағы ең абыройлы өзбек шайыры Сакконийдиң лирикалық қосықлары менен бирге өзбек тилиндеги қағыйдалары да бул қосық жанрының сезилерли утысы болды.

Наўайы „Мажолисун-нафоис“ антологиясында көбирек хорасанлық шайырлар ҳаққында мағлыўматлар берсе Давлатшах Самарқандий „Паскират уш-шуаро“ шығармасында өтмиште өткен дөретиўшилерге тоқталды. Жақында мәлим болған Шайх Аҳмад Ибн Ҳудайдад Таразийдиң „Фукукул-балоға“ (1437 ж) шығармасы темурийлер дәўири Мавернахриндеги әдебий турмысты үйрениў имканиятларын ашты.

XY әсирдиң екинши ярымы өзбек әдебиятының ең раўажланған дәўири болып, бул жетискенлик Темурий байқара ҳәм өзбек әдебиятының символы Наўайы аты менен байланыслы, Байқара ҳүкмдарлық еткен дәўиринде әдебият, санаат ҳәм пәнниң көплеген тараўларының раўажланыўына үлкен әҳмийет берген. Наўайының „Ҳамса“ „Хазойинул-маоний“ девони Жәмийдиң „Ҳашт авранг“ ҳәм қосық топламлары сол дәўир әдебиятының ең ири үлгилери болды.

XY әсирде өзбек әдебияты, әсиресе Наўайы дөретиўшилиги мысалында әдебий жанрлар рәң бәреңлиги жағынан жоқары шоққыға көтирилди. Темурийлердиң әдебият ҳәм мәдений тараўындағы дәстүрлери кейин ала бабурийлер тәрепинен Афганстан ҳәм Ҳиндистанда, XYШ-XIX әсирлерде Хорезм ҳәм Қоқан ханлығында раўажландырылды.

Маверннахр ҳәм Хорасанда XIYәсирдиң екинши ярымы ҳәм XY әсирде жүз берген мәдений раўажланыў пүткил мусылман Шығысты ғана емес, ал Европа мәмлекетлерин де таң қалдырды. Бул

жетискенлик Орайлық Азияның соңғы мәдений-руўхый раўажланыўын белгилеп бермей, қоңсы мәмлекетлердеги мәдений раўажланыўға да үлкен түртки болды

Тимур ҳәм темурийлер дәўиринен мәдений жетискенликтиң улыўмалық факторларын анықлыў соны көрсетеди, олар өз-ара үзликсиз байланысқан ҳәм бир тегис, бир пүтин ҳалда ғана қысқа ўақыт ишиндеги мәдений руўхый жетискенлигин жүзеге келтире алған.

Булардан биринши нәўбетте сиясий социаллық факторды көрсетиў мүмкин. Мавернахр ҳәм Хорасанда бөлиниў ҳәм өз-ара келиспеўшиликлер ҳәм урыслар нәтийжесинде түрли ўәлият, әмирликлерге бөлинип кеткен ҳәм келгинди ҳүкимдарлар тәрепинен аяўсыз езилген халықтың ғәрезсизликтен қутылыўы, мәмлекетте жеке бирлескен мәмлекеттиң пайда болыўы, жекке мәмлекеттиң тийкарда басқарыў қағыйдаларының жәрияланыўы, зорлаўшылық, өз басымшылықлар киби иллетлердиң социаллық жетиспеўшиликти тәмийинледи.

Екинши экономикалық фактор-Мавернахр ҳәм Хорасанда жеке басқарыў дүзиминиң жәрияланыўы экономикалық парахатшылық ислеп шығарыўды жедел раўажланыдырыўға алып келди. Мәмлекет тәрепинен дийханшылық, өнерментшилик, саўда-сатықтың раўажланыўына итибар берилиўи ҳәм бул тараўда бир қатар жумыслардың әмелге асырылыўы мәмлекеттиң руўхый-мәдений раўажланыўы ушын жүдә зәрүрли әҳимийетке ийе болды.

Үшинши-Мәнәўий фактор-дәслепки мәдений мийрас, руўхый қәдирияглар, байлықларды кең пайдаланыў, олар тийкарында раўажланыўды әмелге асырыўдан ибарат болды. Орайлық Азияда әўелги әсирлерде, тийкарынан IX-XШ әсирлерде жаратылған руўхый-мәдений байлықлардан, Хорезмий, Фарабий, Ибн Сина, Беруний, Чағминийлер мийрасынан: араб парсы ҳәм түркий тиллерде жаратылған Фердаўсий, Низамий, Ганжавий, Румий Аттар киби уламалар мийрасынан: Мусылман шығысы руўхый мийрасында үлкен әҳмийетке ийе болған әйемги грек илимий мәнәўий, байлықларынан кең пайдаланылды.

Бул дәўирде Әмир Темур мәмлекетиниң тәсиринде болған ҳәм болмаған басқа мәмлекетлер ортасында мәдений байланыслар тез раўажланды, бундай байланыслар мәнәўий байлықларды өз-ара алмасыўға кең жол ашып берди. Иран, араб мәмлекетлери,

Ҳиндистан, Қытай киби мәмлекетлер менен болған байланысларда мәдений байлықлар алмасыўы да үлкен әҳмийтке ийе болды.

Төртиншиден идеалық фактор-бул фактор мәнәўий факторлардың үзликсиз даўамы болса да, оның зәрүр әҳмийетке ийе болғанлығы ҳәм өз дәўири мәнәўий турмысында үлкен роль ойлағанлығы ушын бөлек ажыратып көрсетиў мақсетке муўапық. Бул XY әсирге келип Маверннахр ҳәм Хорасанда кең тарқалған тасаввур тийкарынан Нақшбандия тәлийматы. Орайлық Азияда Юсуп Ҳамадоний, Абу Ҳалиқ Ғиждуваний тәлийматларын раўажландырыў тийкарында жүзеге келген Нақшбандия тәлийматы ҳәм оның ири ўәкиллери XIY-XY әсирлердеги сиясий-жәмийетлик ҳәм де мәдений турмыста жүдә зәрүр роль ойнайды, мәнәўий өзгерислер мәлим еркинлик ушын идеялық тийкар, фактор болып хызмет қылды. Темур ҳәм темурий шахзадалар, көплеген алым-зыялылар, өнерментшилер Нақшбандия тәлийматынан азық алды, өз дөретиўшилиги менен оны ҳәр тәреплеме байытты.

XIY-XY әсирлерде руўхый мәдений раўажланыў ислам диний қараслардың беккемленип барыўы менен үзликсиз байланыслы болып, ҳүкмдар мәпи сыпатында медресе, мешитлерде кеңнен оқытылып, үйренилип, нызам-қағыйда әдет дәстүрлер болса шараят тийкарында алып барылар еди. „Темур-тузиклери“ инде диний уламалар, шайых, Сайид уламалар хызметине айрықша орын ажыратылып, олардың мәмлекет ислеринде қатнасы арнаўлы ҳәм бир неше рет айтылып өтилди. Лекин бул дәўирде соның менен бирге халық арасында, әсиресе, зыялылар, ақылый мийнет пенен шуғылланыўшы илим-пән, санаат, мәдeният хызметкерлери ортасында өз дәўиринде ислам қағыйдаларын заман талаплары, жәмийетлик раўажланыў зәрүрятлары тийкарында талқылаўға умтылыў нәтийжесинде жүзеге келген түсиник тәлийматы кең тарқалды.

Орайлық Азияда XI әсирден баслап жайыла баслаған түсиник тәлийматы бул дәўирге келип Мавернахр ҳәм Хорасанда кең тарқалып, оның Яссавия, Кувробия, Қодирия ҳәм әсиресе Нақшбандияның раўажланыўы мәнаўий турмыста үлкен рол ойнайды.

Нақшбандияның раўажланыўы Юсуп Хамодоний, Ғиждуваний ҳәм XV әсирге келип Бахаўиддин Нақшбанд аты менен үзиликсиз байланыслы болып, бул тәлиймат XV әсирде теориялық ҳәм әмелий жақтан және де раўажланып ол сарай халлқы көп жағдайларда Темурийзадалар хызметинде тәсир көрсетеди.

Амир Темур өзи де мутасаввуф алымларға үлкен ҳүрмет пенен мүнәсебеттте болып, ой-пикирдиң Нахшбандия уллы

тәлийматларынан Сайид Мир Кулони (Шамсиддин Фахурий, 1371-жылы өлген) өзине пир деп билген. Оның Ҳаммадониияның раўажланыўына тийкар салған белгили мутасаввуф Сайид Хаммадоний менен ушырасып сәўбетлескенлиги, 1398-жылы Түркистанннның Ясси шәҳәринде атақлы мутассаввиф Ахмед Яссаўий қәбирин зиярат еткенлиги, оны қайта ислетип үситине белигли имарат қурыўды буйырғаны тарийхый дереклерде көрсетип өтилген.

„Тузиклер“де „машайихлар, суффийлер қуданы тән алған уламалар. Олардың хызметилеринде болып сәўбетлестим ҳәм ақырет пайдаларын алдым. Олардан тәңири талланың сөзлерин еситип кәраматлар көрдим“ -деп жазады Амир Темур.

XIV-XV-әсирлерде Орайлық Азияда кең тарқалған тасаввуф тәлийматының Суфи, Парсо, Шарқий,Махдумий Аьзама,Хожа Ахрор киби ири ўәкиллери Нахшбандия тәлийматына тийисли бир қатар көргизбелер менен жаратыў менен бирге жәмийеттиң руўхый пәклениўи ҳәм раўажланыўы жолында белсене хызмет етти, белгили уламалар менен қатнаста болып, оларға тәсирин өткизди. Бул тәрептен әсиресе Хожа Ахрор хызмети зәрүр әҳмийетке ийе болды. Наўайы, Жәмий, Қосимий, Лутфий, Бабур киби шайырлар тасаввуфни тарғиб қылды. Бул дәўирде медицина илими де ири көринислерине ийе еди. Самарқандқа келип дөретиўшилик еткен медецина илимлериниң ири ўәкиллеринен Бурхониддин Набс ибн Эваз ҳәким ал-Хирмоний Султан Али табиб Хурсоний, табиб Хусаин Жарроқ солар қатарынан.

XIV- XV -әсирлерде Орайлық азияда сөйлеў мәденияты ҳәм философия пәнлери менен шуғылланған бир қатар алымлар пайда болды. Бул пәнлердиң раўажланыўы, тийкарынан ең ири атақлы Саадидин бин Умар Тафтазоний ҳәм Мир сайид Журжоний ҳәм Тафтазонийлерден басқа, Самарқандта сол дәўирде Мавлоно Абдужаббар Хорезмий, Мавлоно Шамсуддин Мунший, Мавлоно Абдулло Лисон, Мавлоно Бадруддин Ахмад, Мавлоно Нуғмонидин Хорезмий, Хожа Абзал, Жалал хоқий ҳәм басқа алымлар жасап дөретиўшилик еткен.Наўайы, Жәмий, Лутфия,Биноий, Қосимий, Анвар ҳәм басқалардың көркем шығармалары бай философиялық ҳәм тәрбиялық мазмунға ийе.

Темур ҳәм Темурий шахзадалар өз дәўириниң тарийхын жазып қалдырыў Маверенахр ҳәм Хорасанның монғоллар зулымынан азат етилиўи тарийхты үйрений ҳәм жаратыўға үлкен итибар берди. Низамиддин Шомий, Али Яздий, Абдураззақ Самарқандий, Хофиз Абру, Натанзе, Фосих Хавофий, Муйиниддин Исфизорий, Мирқанд,

Хандомир киби тарийхшылар дәўири тарийхын жазып қалдырды. Олар жазып қалдырған шығармалар ҳәзир де биз ушын сол дәўир ўақыяларын, мәдений раўажланыўын үйрениўде зәрүр факт болып хызмет етип келмекте.

Нәзик китап жазыў ҳәм хаткерлик XIV-XV-әсирлерде жаңа раўажланыў басқышына көтерилди, хаткер Мир Али Табризий(1330-1402) настаьлиқ хатын ойлап тапты. Бул усыл Хиратта Султан Али Машхадий басшылығында жоқары басқышқа көтрилди ҳәм Абдурахман Хорезмий, Султан Али Хандон, Мир Али Қилқалам, Ҳалвоний, Рафиқий киби хаткерлер, художниклер жетилисип шықты. Самарқанд ҳәм Хиратта Темурийлердиң сарай китапханалары шөлкемлестирилди. Бул китапханалар өнерментшилик кәрханасы есапланған, оларда қол жазба мийнетлерди топлаў ҳәм сақлаў ислери орынланған. XIV-XV-әсирлер Орта Азия халықларының музика санаатының раўажланыўына да жаңа басқыш болды. Жаңа музика ҳәм қосықлар шертиў әспаблары ҳәм музийка теориясына тийисли шығармалар дөретилди. Талантлы сазенделер ҳәм композиторлар қосықшылар жетисти. Абдуқадир Найий, Қулмухаммед Шайхий, Хусайин Удий, Шохқули Ғиждувоний, Ахмад Қонуний, Юсуп Андижоний кибилер солар қатарынан. Улығбек, Жәмий, Наўайы ҳәм Биноийлер музийка илимине тән шығармалар жазып, жаңа музикалар жаратты.IX-XII-әисрлерде пайда болған 12 статус бул дәўирде қәлиплести. Сондай-ақ кең көпшиликке мөлшерленген театрласқан тамашалар-халық сейиллеринде масқарабаз-лар,қуўыршақлар, дәрўазалар өз санатын көрсеткен.

Темур ҳәм Темурийлер дәўири мәнаўий турмыста диний философия үлкен орын тутады. Суфийлик тәризинде Нахшбандийлик раўажланып, барлық социал мәнаўий тараўларға өз тәсирин көрсетти. Бахаўиддин Нахшбандий бул бағдарды байытып балогардан(бәле-қададан сақлаўшы) мәртебесине ийе болған кәрамат ийеси еди. XV-әсирде Нахшбандия бағдарының даўамшысы Хожа Убайдуллаҳ Ахрор болған. Самарқандқа келген Хожа Ахрор Валиний Темурийлер өзлерине пир деп билген. Хожа Аҳрор Нақшбандия Хожаогон тәлийматының бағдарын белгилеген ҳәм социаллық хызметтен тысқары дөретиўшилик илими менен де шуғылланып шығармалар топламын жазған.

Орта Азияда Темур ўә темурийлер дәўиринде мәденият раўажланды ҳәм камал тапты. XIY-XY әсирлердеги Мавераунахр ҳәм Хорасандағы

мәдений раўажланыўының тырнақ тасын уллы сақыпқыран Амир Темур қойған еди.

Таяныш түсиниклер

Амир Темур,салтанат, Бағдад, Султания, Бийбиханым, Кәрўан жолы, мешит, гүмбез, Мавероуннахр, регистан, настаьлиқ суфизм, Нақшбандия, тузиклер.

## *9-тема. Миллий ғәрезсизлик ҳәм Өзбекстанда мәдений раўажланыў.*

Режеси

1.Руўхый ағартыўшылық реформалар жәмийет раўажланыўының әҳмийетли бағдары сыпатында

2.Тәлим раўажланыўының өзине тән өзгешеликлери.

3.Ҳәзирги басқышта мәдений турмыс.

Ҳәр қандай жәмийеттиң раўажланыўы, онық ол яки бул ўақыт ҳәм мәкандағы дәрежеси көп тәреплеме пухаралар руўхияты, турмыс тәризи, адамлардың руўхый-материаллық социаллық зәрүрликлери, ҳәмде олардың қай дәрежеде қандырылыўы байланыслы. Ғәрезсизликке ерискенге шекем ҳәм оннан кейинги өткен тарийхый қысқа мүддет ишинде жүз берген өзгерислер жәмийет социал-сиясий, экономикалық, руўхый-ағартыўшылық ҳәм тәрбиялық-идеологиялық тараўлардағы өзгерислер бизге совет қарамлық дүзими ҳәмде ғәрезсизлик жылларында Өзбекстанның реал турмысқа қалыс жуўап излеўине ҳәм оған ерисиўине имкан береди.

Ҳақыйқаттанда да, ғәрезсизлик жылларында руўхыйлық ҳәм ағартыўшылықтың жәмийетлик мақсети анықлап алынды, онық орынланыўы лазым болған ўазыйпалары белгиленеди. Әне усындай шаряттта жәмийет пухаралары тәрепинен билдирилген социаллық мүтәжлик-руўхый ағартыўшылық тараўларында жаңа әсир ҳәм улыўма үшинши мың жыллықтағы бас идея қандай болыўы анықланды.

Хош, ҳәзирги ҳәм жаңа әсирде руўхыйлықтың саласындағы баслы идея-мыз нелерден ибаратЎ Усы сораўға жуўап бере отырып, И.Каримов төмендегише жазады: „Биз ҳуқықый демократиялық мәмлекет ҳәм еркин пухаралық жәмийет қурар екенбиз руўхыйлық саласындағы жигирма биринши әсирге жобаластырылған ҳәрекет дәстүрлеринде мине солардан келип шығыўы лазым. Яғный еркин пухара-саналы жасайтуғын, еркин пикирге ийе болған шахс

мәнәўиятын камал таптырыў бизиң баслы миллий идеямыз болыўы зәрүр.Ғәрезсизлик жылларында Өзбекстан мәденияты туўралы пикирлеў тийкарында айрықша айтып өтиў керек болған, мәселелерден және бири-руўхыйлық тараўындағы мәмлекет сиясатының кем-кемнен конкретлесип барыўы, ўазыйпаларды шешиў жолларының айдынласыўы болып табылады.

Мәнәўият жәмийет ағзаларын руўхый пәклендиретуғын, қәлбин өсриўши, инсанның ишки дүньясына, ақыл-ҳушына күш-қуўат бериўши миллий ҳүжданлықты оятыўшы ҳәм бәрқулла ҳәрекеттеги конкрет күш. Сондай екен, мәнәўиятқа улыўмалық тәризде мүнәсебетте болыў қәте, яғный ҳәр бир пухараның руўхый идеологиялық, жетискенлик дәрежеси бир қыйлы болмағанлығы сыяқлы, олардың бундай белгилерин байланыстырып турыўшы көринислери де конкрет болады.

Жаңа әсир босағасында ең тийкарғы ўзыйпамыз неден ибаратЎ Мәмлекетимиз Президенти тастыйықлағанындай, руўхыйлық саласындағы стратегиялық мақсетимиз-„миллий қәдириятларымызды тиклеў, өзлигимиди аңлаў, миллий идея ҳәм мәплеримизди сәўлелендириў, муқаддес динимиздиң руўхый турмысымыздағы орнын ҳәм ҳүрметин тиклеў киби ғәрезсизлик жылларында басланған унамлы ислеримизди избе-излик пенен даўам еттириў, оларды жаңа басқышқа көтериў ҳәм тәсирсеңшиликти күшейтиў болып табылды“.

Жоқарыда билдирилген пикирден тәбийий түрде келип шығатуғын жуўмақ соннан ибарат ғәрезсизликтиң ҳәзирги басқышында руўхый-ағартыўшылық саласындағы ислердиң шөлкемлескенлигинен, енди, бундай ислердиң кәмалатқа ерисиўи үлкен әҳмийетке ийе болмақта. Солай екен, манаўият саласындағы жумыслардың жетискенлигини асырыў дегенде нени түсиниў мүмкинЎ Улыўма мәдений идеология саласындағы жумысларымыз жәмийетти мәнәўий тәрептен көтирилиўге таяр маЎ

Сол орында қурылып атырған демократиялық, ҳуқықый инсанпәрўар жәмийет жоқары мәнәўий ҳәм мораллық қәдириятларға таянатуғынлығын, бул процесс болса миллий идея ҳәм миллий идеологияға, жас әўладты Ўатанды сүйиўшилик руўхында тәрбиялаўға тийкарланғанлығын айрықша айтып өтиў жүдә зәрүр.

Егер, ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында руўхый ағартыўшылық шаралардан гөзленген мақсет совет дүзиминиң иллетлеринен қутылыў , жәмийетте мәнаўий бирлик жаратыўдан ибарат болған

болса, енди болса, жәмийетлик бирлесиў, кәмил инсанда тәрбиялаў баслы характерге ийе болмақта. Мәнәўияттың мәмлекетте демократиялық, ҳуқықый қүдиретли мәмлекет қурыў жолындағы зәрүр фактор екенлиги енди ҳеш кимге сыр емес. Өзбекстанда жасап атырған көп миллетли халықларды мәдений раўажланыўы, олардың өзлигин аңлаў жағдайларына болған умтылыўларын нызам-ҳуқық тийкарында қанаатландырыў мәселелери ҳәм мәмлекет ҳүкимети алдындағы ең зәрүр ўазыйпалардан бири болды. Сол тийкарда 1989 жылы мәдeният ўәзирлиги қурамына қосылыўын айрықша айтып өтиўимиз лазым. Енд 90 жыллардың басларында Өзбекстанда 12 миллий-мәдений орай хызмет көрсеткен болса ҳәзирги күнге келип олардың саны  80 нен асты.Ғәрезсизлик ждылларында миллий мәдений орайлар хызмети үстинен муўапықластырыўшы жумыслардың да көлеми артты, ҳәм 1992 жыл январь айында ҳүкимет қарарлары менен Республика Интернационал Мәдений орайы шөлкемлестирилди.

Ғәрезсизлик жылларында руўхый ҳәм ағартыўшылық  мәселесине үлкен итибар ҳүкимет тәрепинен бул салада беккем түрде ислеп шығылған дәстүр тийкарында ис алып барыўды талап етти. Сол тийкарда 1994 жыл 23-апрель мәмлекетимиздиң руўхый турмысында үлкен ўақыя жүз берди: Президентимиз И.Каримов пәрманы менен республика  руўхый ағартыўшылық жәмийетшилик орайы шөдкемлестирилди. 1996 жылы 9-сентябрде Өзбекстан Республикасы Президентиниң „Руўхый ағартыўшылық жәмийетшилик орайы хызметин жәнәде раўажландырыў ҳәм жетискенлигини асырыў ҳаққында“ ғы пәрманы жәмийетти руўҳый турақластырды.

Инсанният тарийхында өз социаллық әҳмийети жағынан айрықша итибарға ийе жағдайлар, қәдириятлар бар олар ол яки бул миллет, елат, халықтың  барлығының белгиси, раўажланыў өлшеми сыпатында баҳаланыўы мүмкин. Миллет барлығының мине усындай арнаўлы белгилеринен бири тәлим системасы ҳәмде жоқары дәрежели қәниге кадрлар таярлаў  мәселеси тур.

Ҳақыйқатында да, тәлим дизим демократиялық таманлары менен уйғынласқан, шын инсанды ҳүрметлеўши жәмийет қурыў киби зәрүр социаллық зәрүрлик талапларға жуўап бергенде ғана ол өз алдына қойған уллы мақсети ҳәр тәреплеме жетилискен әўладты тәрбиялаў ҳәм раўажланыдырыў ўазыйпасын атқарыўы мүмкин. Коммунистлик „теория“ таманынан тәлим дизимине қойылған тийкарғы мақсет-жәмийет ағзаларын идеологиялық қуллыққа, бағынышлылыққа

мәжбүр қылыўдан басқа нәрсе емес еди. Идеологиялық билимлилик еркин пикир жүргизиўден ибарат (шахс қол қатылмаслығы, демократиялық) принциплерге мойынлаўшылық пенен мүнәсебетте болыў киби иллетлер адамларда социаллық-пассивлик жағда-йын жүзеге келтирди.

Булардың барлығы Өзбекстан ғәрезсизлигиниң дәслепки дәўиринен-ақ ҳәмме тараўларда болғаны киби тәлим тизиминде шуқыр өзгерислерди әмелге асырыўға, түптен өзгерислер өткизиўге шақырды. Булар кадрлар таярлаў дизими демократиялық өзгерислер ҳәм базар экономикасы талапларына муўапық емеслиги, оқыў процессиниң материаллық-техникалық ҳәм информациялық базасы жетерли емеслиги жоқары мағлыўматлы педагог қәнигелердиң жетиспеўи, сыпатлы оқыў-усыллары ҳәм илимий әдебият ҳәм де дидак-тикалық материаллардың кемлиги тәлим дизими, мәп ҳәм ислеп шығарыў ортасында пухат өз-ара бирге ислесиў ҳәм өз-ара пайдалы интеграцияның жоқлығынан болып табылады. Булардың барлығы тәлим дизимин тезлик пенен реформаластырыўды усы тараўды шуқыр инсанпәрўарластырыўды талап етеди. 1992 жылы июлда қабыл етилген „Билимлендириў ҳаққында“ ғы нызам ҳәм мәмлекетимиздиң усы тйкардағы тәлим-тәрбия сиясаты ислеп шығылған еди. Онда улыўма билим бериў төмендеги басқышлар бойынша әмелге асырылады:

I-басқыш-басланғыш тәлим (1-4 класс)

II-басқыш-тийкарғы (таяныш) мектеп (4-9 класс)

III-басқыш жоқары орта мектеп (10-11 класс)

10-11 класслар қәнигелестирилген болып, оқыўшыларды жоқары оқыў орынларына таярлаўға хызмет ете баслады.

Айтыў лазым бирлескен мәмлекетлери арасында биринши болып республикамызда „Бирлескен Дослық мәмлектлери арасында биринши болып республикамызда билимлендириў ҳаққында“ ғы нызамның қабыл етилгенлиги „мектепке шекемги тәрбия“, „Улыўма орта тәлим“,„Мектептен ҳәм класстан тысқары тәрбиялық жумыслар“ „жаслар сиясатына тийисли“ киби қатар концепциялар ҳәм дәстүрлер жаратылғанлығын, мәмлекет ҳәм тәлим дизими жәҳән әмелияты талапларына сай келиўи ушын шет мәмлекетлердеги алдыңғы тәжирийбелердиң үйренилип атырғанлағы ҳәм сол тийкарда 20 дан артық бағдарлар, пәнлер бойынша стандартлар планластырылды.

Улыўма, 1992 жылы қабыл етилген „тәлим ҳаққында“ғы Нызам Өзбек-станда билимлендириў саласын өзгертиўди мәлим дәрежеде роль атқарды. Усы ҳүжжет шаралар үстемлиги дәўиринен „мийрас“

болып қалған коммунистлик идеология ға хызмет етиўши идеологиялық күшти сапластырыўда айрықша әҳмийетке ийе болды, жәҳән әҳмийетине ийе болды, жәҳән стандартына тән дүзим жаратыўда дәслепки қәдем болды.

Айтып өтиў керек, бул ҳүжжет Өзбекстанның жаңа шараяттағы ўазыйпаларына толық жуўап бере алмас еди. Соның 1997 жылы 29-августта Өзбекстан Республикасы Олий Мажлистиң IX сессиясында пүткиллей жаңа, сыпат жағынан беккем „Тәлим ҳаққындағы“ нызам ҳәм Кадрлар таярлаўдың миллий дәстүрин ислеп шықты.

-орта арнаўлы, кәсип өнер тәлиминиң жөнелисин : академиялық лицейде ямаса кәсип өнер колледжинде оқыўды таңлаў ықтыярлығы,

-мәмлекетлик тәлим стандартлары көлеминде тәлим алыўдың ҳәмме ушын ашықлығы,

-тәлим дәстүрин тыңлаўға жеке ҳәм дифференцияластырылған жақынласыў,-

-билимли болыў ҳәм шеберликти хошаметлеў,

-тәртип дизиминде мәмлекет ҳәм жәмәәт басқарып ўйғынластырыў.

Мәселеге бундай тәризде жақынласыў тәлимниң мәмлекетте қурылып атырған демократиялық, ҳуқықый инсанды қәдирлеўши жәмийет талапларына толық жуўап бериўи, оның миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдириятларға садықлығынан гуўалық болады. Соның менен бирге улыўма орта тәлим, орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлими, жоқары тәлим, жоқары оқыў орнынан кейинги тәлим түрлерине тийкар салды, темаларын раўажландырыў жоллары ислеп шығылды.

Мәмлекетимиз басшысының тәлим-тәрбия-тараўында усындай дәрежеде үлкен итибар бөлиўи бийкар емес. Гәп сонда мәмлекетимиз халқының көпшилиги жаслар, өспиримлерден ибарат болып, олар өз келешеклерин тек билим алыў менен байланыстырған. Ҳәзирде Өзбекстанда 9,5 мыңға шамалас улыўма тәлим мектеплери, гимназиялары,лицейлер, колледжлер, 300 ге жақын орта арнаўлы мекемелер, 65 жоқары оқыў орынлары болып, олардың 600 мыңнан артық түрли қәнийгеликтеги педагоглар мийнет етеди.

Соңғы жылларда миллий мектеплер дизимин жаратыў барысындағы жумыслардың структуралық бөлими сыпатында республикамызда жасап атырған ҳәм азшылықты қурайтуғын (мәмлекетлер) миллетлер перзентлери тәлим-тәрбиясына да итибар күшейтилди. Өзбекстанда 2,5 мыңнан артық оқыўшысы болған 50 ге жақын қырым-татар мектеби, 130 оқыўшысына ийе болған 2 немис мектеби, 2400 ге жақын оқыўшысына ийе болған 24 кореец мектеби 4 уйғыр, 1 ден

курдлар, еврейлер мектеплери хызмет көрсетип атыр. Буннан тысқары 9 мыңнан артық қазақ перзентлери, 3000 мыңнан артық тәжик перзентлери, 1 мыңнан артық қырғыз перзентлери ҳәм 1,5 мыңға жақын түркмен перзентлери де өз тиллеринде тәлим-тәрбия ала баслады.

Өзбекстан ҳүкимети ғәрезсизлик талапларына жуўап бере-алатуғын билимли жасларды таңлап алыў, оларға илим жолындағы соқпақларды белсене басып өтиў барысында да бир қанша жумысларды иске асырмақта. „Үмит“ фондының Өзбекстан республикасы Ўәзирлер мекемесиниң 1997 жыл 13-январдағы қарарына муўапық жумыс баслады.

Бизге мәлим мәмлекетимизде тарийхый түп өзгерислерди жеңисли өткизиў, социал-сиясий, мәнәўий-экономикалық реформаларды әмелге асырыў ушын жәҳән талаплары дәрежесинде билим алған уқыплы, руўхый ҳәр тәреплеме жетискен жас миллий кадрлар зәрүр. „Үмит“ фондының өз алдына қойған ең үлкен мақсети де халық хожалығының абырайлы тармақларын жоқары мағлыўматлы қәнигелер менен тәмийинлеўден ибарат болды. Ҳәзирги күнде Өзбекстанлық студентлер өзи таңлаған қәнигелери бойынша АҚШ, Уллы Британия, Германия ҳәм Японияның жәҳенге белгили жоқары оқыў орынларында табыслы оқып атыр. Ҳәр қандай шараятта да барлық миллет ҳәм халықлар өзиниң мәнәўий талапларын қандырыўға зәрүрлик сезеди. Руўхыйлық-инсан ушын барлықтың белгиси. Руўхый байлық ол яки бул миллетти басқа этник бирикпелерден өзине тәнлигин билдириўши аңлатыўшы жоқ халықтың өзи жоқ.

Ғәрезсизлик жылларында өзбек мәдений турмысы оянды, жанланды ҳәм өзиниң пүткил барлығын көрсете билди. Театр музыка санааты, раўажланды, мәдений байлыныслар кеңейди, мәдений-ағыртыўшылық мекемелер хызмети қурамаласты, музейлердиң социал-ағартыўшылық мекемелер хызмети қурамаласты, музейлердиң социал-ағартыўшылық әҳмийети асты, миллий әдебият раўажланды. Әсиресе, театр санааты раўажланды. Бул қурыдан қуры емес, яғный бағынышлы дәўирде театрлар коммунистлик идеологияның хызметлерине айналған, сиясий мақсетлерди ғана орынлаўшы күшке айналған еди.

Сол мәниде, тийкарғы итибар репертуар мәселесин жолға қойыў, тамашагөйлерди бездиретуғын сахналық шығармалар орнына олардың руўхый-социаллық мүтәжликлерн қанаатландыратуғын спектакллерди пухаралар нәзерине усыныўға тийкарғы итибар қаратылды.

Ҳәзирги жағдайда Өзбекстанда хызмет көрсетип атырған 36 драмалық музыкалы дарама ҳәм комедия, опера ҳәм балет, қуўыршақ театрлары әне усындай ўазыйпаларды орынлайды. 1998 жылы 26 мартта Өзбекстан республикасы Президенти И. Каримовтың Өзбекстан театр санаатын раўажландырыў ҳаққындағы Пәрманы жәрияланды. Оған муўапық, Өзбекстан Өзбекстан тамаша санаатының көп әсирлик мийрасларын үйрениў, байытыў, театр санаатын ҳәр тәреплеме раўажландырыў,оның материаллық базасын және де беккемлеў, мәмлекетимизде руўхый ҳәм ағартыўшылық ислерин әмелге асырыўда театр ғайраткерлериниң белсене қатнасыўын тәмийинлеў, республика мәденият ислери ўәзирлиги театр шөлкемлери негизинде ҳәм татр ғайраткерлери бирлеспеси көркем заманагөй сахналық шығармалар жаратыў мақстинде Мәденият ислери ўәзирлиги дизиминде ҳәм театр дөретиўшиси қәнигелери бирлеспеси қасында „Өзбек театр“ творчестволық ислеп.. шығарыў бирлеспеси шөлкемлестирилди.

Театр көркем өнерин раўажландырыў жолында 1998 жылы ноябрь айында өткизилген „Хумо“ халық аралық жаслар театрларының фестивалы айрықша әҳмийетке ийе. Усы фестивалда Өзбекстан ҳәм Израил мәмлекетлериниң ең жақсы театр жәмәәтлери қатнасты. Арнаўлы таңлаў ҳәмме ўәлият, шәҳәр ҳәм районларда жүдә үлкен көтериңкилик руўхында өткерилди ҳәм оның нәтийжесинде жүзлеп жаңа, ғәрезсизлик дәўириниң қосықларпы жаратылды, көплеп талантлы искусство ғайраткерлериниң пайда болыўына себеп болды.

„Өзбекстан Ўатаным мениң“ қосық конкурсының 1996 жыл март айында болып өткен биринши басқышында 54 мыңнан артық искусство хызметкерлери қатнасты, 10 мыңнан артық жаңа музыкалық шығармалар жаратылды, белгилеп өтиў лазым, белгили таңлаў, Ўатанды , өзликти аңлаўда зәрүр қәдем болды. Халқымыздың бундай конкурсқа қызығыўшылығы артып барды.

Булардың ҳәммесин итибарға алып,1996 жылы августта „Өзбекстан Ўатаным мениң қосық байрамы ҳаққында“ арнаўлы пәрман қабыл етилди. Пәрманда пухаралар қәлбинде муқаддес Ўатан туйғысын тәрбиялаўшы жоқары көркем дәрежедеги музыка шығармалары ҳәм қосықлардың жаратылыўына кең имканият жаратыў мақсетинде ҳәр жылы августь айының үшинши екшембеси „Өзбекстан Ўатаным мениң“ қосық байрамы күни, деп белгилеп қойылды. Халқымыздың қосықшылық искусствосына болған қызығыўшылығын итибарға алып,

мәденият ислери ўәзирлиг жанында „Өзбекнаво“ гастрол концерт бирлеспеси шөлкемлестирилди.

Нәтийжеде арнаўлы конкурслар ҳәзирде улыўмалық түс алды, онда өзбек миллий, соның менен бирге мәмлекетимизде жасап киятырған басқа барлық халықлар ўәкиллеринин еркин дөретиўшилик пенен шуғылланыўы, өз талантларын жәрия етиў имканияты жаратылды. Профессионал ҳәм халық көркем дөретиўшилиги тийкарында искусствоның қосықшылық түрине кең итибар берилиўи олардың раўажланыўына шараят туўғызылыўы нәтийжесинде усы санаат түри және де раўажланбақта.

Бизге белгили, Өзбекстанда жәҳән цивилизациясында айрықша орынға ийе болған уллы материаллық мәдениият жаратылды. Олар халық-аралық бирге ислесиў тәрепинен әлле қашан белгилеп өтилген. Барлық шаралар үстемлик еткен дәўиринде Өзбекстан материалық мәдениятына үлкен зыян жеткизилди. Мыңлап табылмас мәдениият дүрданалары, шығармалары шет елге, тийкарынан, Москва, Санкт-Петербург музейлерине тасып кетилди. Миллий өзликти аңлаўды бундай естеликлердиң әҳмийети үлкен екенлигин итибарға алып, колонизаторлар илажы барынша олардың социал-мәдений әҳмийетин келистириўге ҳәрекет қылды.

Лекин, ғәрезсизлик бундай жеркенишли сиясатқа шек қойды. Ғәрезсизликтиң дәслепки дәўирлеринен-ақ музейлер, қорықханалардың орны ҳәм ролин белгилеп бериўде айрықша әҳмийет берилди. Бизге мәлим, ҳәзирги күнде мәдениият ислери ўәзирлиги дизиминде түрли тараўлар бойынша 68 музей бар болып, олар 21 үлке таныў, 10 көркем, 14 мемориал 5 әдебий-мемориал 7 көркем 1 тәбийғый илимий мәзейлер. Соның менен бирге Самарқандта мәмлекетлик музей қорыққана, Хийўада „Ийшан қала“ мәмлекетлик музей қорықханалары хызмет көрсетпекте. 1999 жылғы мағлыўматлар бойынша, республикамыздағы музейлер фондында 1305786 экспонат сақланбақта. бир ғана 1999 жылда олардың тийкарғы фондына 7544 экспонат қабыл етилди. Сол жылдың өзинде барлық музейлерге 1655400 адам мирәт етилди.

Өзбекстан ҳүкимети халқымыздың миллий өзлигин аңлаў процессин жәнеде жеделлестириўди итибарға алып, 1994 жыл 23-декабрьде Өзбекстан Республикасы Ўәзирлер Мәкемеси „Республика музейлери хызметин жақсылаў шара усыллары ҳаққында“ ғы 1999жыл 5-декабрьде болса „Музейлер хызметин қоллап-қуўатлаў мәселелери ҳаққында“ ғы қарарларын жәриялады.

Өзбекстан Республикасы Президентининң 1998-жыл 12-январдағы „Музейлер хызметин түптен жақсылыў ҳәм жетилистириў ҳаққында" ғы пәрманы болса музейлер исинде түптен өзгериў жасады. Оған тийисли барлық түрдеги музейлер хызметин муўапықластырыў, қоллап-қуўатлаў ҳәм оларға зәрүр илимий-услубий жәрдем көрсетиўди тәмийинлеў мақсетнде Мәдeният ўәзирлиги қасында „Өзбек музей" фонды шөлкемлестирилди, өзбек, инглис, рус тиллеринде жәрияланатуғын миллий-әмелий, руўхый-ағартыўшылық, реңли „Мозийдан садо" (Өтмиштен саза) журнали жарыққа шықты.

Көрилген барлық илажлар нәтийжесинде музейлердиң социал-мәдений әҳмийети бираз артты, олардың өзбек халқы миллий өзлигин аңлаў процессиндеги рол күшейди. Музейлерге итибар шет еллик пухаралардың Өзбекстанға, оның бай ҳәм ески мәдениятына болған қызығыўшылығы артты.

Көрилген барлық илажлар нәтийжесинде музейлердиң социал-мәдений әҳмийети бираз артты, олардың өзбек халқы миллий өзлигин аңлаў процессиндеги роли күшейди. Музейлерге итибар шет еллик пухаралардың Өзбекстанға, оның бай ҳәм ески мәдениятына болған қызығыўшылығы артты.

Ғәрезсизлик өзбек халқына өз миллий әдебиятын қайтарып берди. Коммунистлик идеологияның жырлаўшысына айналған „совет әдебияты" ўайраншылықлары орнына пайда болған өзбек миллий әдебияты тезлик пенен өз қәддин тикледи, партиялық, класслық киби ҳәттеки методология ең тийкарлардан бас кеше баслады. Ески әдебиятқа мүнәсебетте диний әдебият, феодал-клерикал әдебият, сарай әдебияты деп аталған түсиник ҳәм бир миллет әдебияты реакцион ҳәм прогрессив деп екиге бөлип үйрениўдей ҳәттеки теориялық шеклеўлердиң сапластырылыўы миллий әдебияттың қалыс баҳаланыўына имканият жаратты.

Диний дереклердиң жадидшилик әдебиятының сиясий-идеологиялық ақыйдаларысыз үйрениўге деген мүнәсебеттиң унамлы шешилиўи жәмийетти руўхый жақтан қәўипсизлигине шараят жаратты.

Солай етип, ғәрезсизлик Өзбекстан руўхый турмысын турақластырыў ушын шараят жаратты, руўхый ағартыўшылық ҳәрекетлерине қатнасты өзгертти. Ғәрезсизлик себепли руўхый турмысымыздағы көплеген мәселелер шешим таба баслады. Қурылып атырған демократиялық, ҳуқықый, инсанпәрўар жәмийет, базар қатнасықларына өтиў жәҳән бирге ислесиўи менен идеологиялық

көрсетиўлерсиз өз-ара бирге ислесиў имканияты Өзбекстан мәдениятын халықшыл етти. Өзбекстан өзбек халқының дүньядағы өзине тән орны бар екенлиги, оның жәҳән цвилизациясына қосқан бийбаҳа үлесиниң әмелге асыўы нәтийжесинде руўхый турмыстың гүллеп жаснаўы ушын беккем шараят жаратылды.

Таяныш түсиниклери.

Руўхый ағартыўшылық. Руйхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайы, миллий идея, миллий мәдений орай. Кәмил инсан.